01246

GOL Serie : No. 52

NGALALANA MĒKĒL SAKĒTIP

KARANGAN

GRANT ALLEN

DISOENDAKEUN TINA BASA MALAJOE KOE

KOERDI

DJILID I

No. 555
Tj. Epra. H.
N.

BALE POESTAKA — WELTEVREDEN 1927

Hak noe ngarang disĕngkĕr noeroetkeun artikĕl 11 tina Wet, noe kaoeni dina Stbld. 1912 No. 600.

ALIH MEDIA
TAHUN ....2017.....

LC Control Number
2008 450546

BAGIAN KA I

NJONJA KOLOT NOE TJEREWED.

Barang doeit koering tinggal sakĕtip deui, koering aja niat rek ngalaksanakeun lalamoenan, hajang ngadjadjah doenja.

Noe matak koering djadi malarat kieu, lantaran bapa tere koering Kolonel Watts Morgan, poepoes.

Saoemoer doemĕlah koering tatjan ngarasa papanggih djeung andjeunna. Tatjan ngarasa koering mibapa ka andjeunna. Indoeng koering ditikahna waktoe koering keur sakola di Zwitserland. Kakara ge andjeunna nikah ka indoeng koering, tĕroes bae ngaroeksak barang poesaka titinggal bapa tĕgĕs koering. Andjeunna teh taja pisan kahadenanana atawa ngangeunahkeunana ka koering, noe poegoeh mah ngan ngaroeksak barang koering bae. Waktoe indoeng koering ditikah koe bapa tere koering tea, andjeunna kagoengan oge artos saeutik-eutikeun titinggal bapa koering; eta artos seep koe bapa tere koering, dianggo majaran sambĕtanana oeroet maen. Geus kitoe indoeng koering toeloej koe andjeunna ditjandak ka Burma. Koe sabab hawana di dinja koerang hade, toeroeg-toeroeg indoeng koering teu aja kĕndatna prihatin ningali kalakoean tjarogena, teu lila di dinjana, toeloej bae andjeunna poepoes moelih ka kalanggĕngan. Titinggalna indoeng koering noe dipasrahkeun ka koering, ngan oekoer tjoekoep pikeun ongkos koering balik ka Girton. Kitoe sababna noe matak koering teu parihatin teu naon, eta kolonel poepoes teh.

Soemawonna ieu mah siga pisan noe ngahadja poepoes teh, kabĕnĕran dina waktoe andjeunna koedoe majar ongkos koering sataoeneun. Basa andjeunna poepoes, boro-boro keur majar ongkos koering, keur majaran sambĕtanana oge teu tjoekoep.

Sagala lalakon koering, koe koering ditjaritakeun ka sobat koering ngaranna Elza Petteridge [1]). Sanggeus manehna ngadenge

[1]) Batja: Elsi Petretj.

tjarita koering, toeloej manehna ngomong kieu ka koering: „Leuwih hade maneh diadjar djadi goeroe bae, soepaja maneh bisa neangan kahiroepan, kabĕnĕran dina waktoe ieu, loba noe neangan pigoeroeĕun noe tamat pangadjaranana."

Katjida koering kagetna djeung heran ngadenge nasehat manehna. Koering pang datang ka London rek ngabantoean Elsi mapaesan kamar, noe anjar disewa koe manehna; teu pisan-pisan koering aja niat rek neangan pagawean, toeloej koering ngadjawab: „Djadi goeroe, Elsi? Eta pagawean hade keur baroedak awewe noe tjara maneh. Pangadjaran maneh di Camridge[1]) loehoer, samĕn noe dilakonan koe maneh harese; tapi ari geus meunang eksamĕn bingoeng milih pipagaweaneun, toengtoengna djadi goeroe. Ari kami mah ĕmboeng djadi goeroe teh, da eta kami mah djĕlĕma panasbaran, teu bisa sabar."

Elsi keur djongdjon ngĕrĕtasan bilik kamarna; manehna eureun sakeudeung bari ngareret ka koering, toeloej manehna ngomong: „Geus tangtoe bae kitoe maneh mah, Ĕndeung! [2]) Da poegoeh kitoe ti bareto ge adat maneh mah."

Koering mikir heula sakeudeung, geus kitoe toeloej ngomong: „Naha maneh ingĕt keneh, Elsi? Waktoe kami kakara datang ka Girton, sabatoer-batoer maneh araloes kalakoeanana, boeoek laloetjir dioentoen parageuh, kalakoean maneh teu aja katjawadna saeutik-eutik atjan! Barang geus aja kami, oedjoeg-oedjoeg djadi teu poegoeh. Kakara tiloe poë kami aja di Girton, geus loba baroedak noe naroeroetan kami, aja noe noeroetan diponi, djeung aja deui noe indit ka toko-toko bari soesoeloempoetan kawas noe si eun, mareuli roepa-roepa parabot keur ngaginding djeung keur ngagalingan boeoekna. Basa kami kakara datang mah maneh sĕmoe noe era tjatjarita djeung kami."

„Ĕnja, bĕnĕr, omong maneh, Ĕndeung! Basa maneh datang ka Girton teh bareto toempak kareta mĕsin, harita njonja-njonja, tatjan aja noe taroempak kareta mĕsin. Koe sabab eta kami sabatoer-batoer kaget. Harita mah pamolah maneh kitoe teh, disarĕboet goreng; tapi ajeuna mah doesoen, moen aja boedak awewe teu bisaeun toempak kareta mĕsin teh."

---

[1]) Batja: Kembritj.

[2]) Ĕndeung ngaran pangneneh, doemeh boeoek koering hideung.

Koering ngadjawab: „Soekoer! Bĕnĕr kitoe. Kagorengan kami teh, taja lian pedah ngamimitian make kareta mĕsin. Tjoba ajeuna oelah bon kami, tjatjakan njonja pandita oge, toempak kareta mĕsin, sarta taja saoerang-oerang atjan noe mojok."

Elsi nendjo ka koering bari ngomong: „Lamoen maneh ĕmboeng djadi goeroe, naon pitjabakeun maneh?"

Kawasna koe Elsi hĕnteu kapikir jen loba deui pagawean, katjaba ti djadi goeroe; djawab koering: „Kami atjan tangtoe tĕroes tjitjing di dieu, sanadjan maneh rido oge katjitjingan koe kami. Ĕngke, dimana oerang geus anggeus ngĕrĕtasan ieu bilik, kami rek mikir kana naon nja pitjabakeun. Djadi goeroe kami sangeuk, satoengtoeng kami hiroep keneh mah. Kitoe deui oepama hĕnteu pĕrloe pisan mah, dagang pakean, mantĕl, topi djeung djaba ti eta, moal."

„Hih!" tjek Elsi, beungeutna beureum nandakeun jen ambĕk „Naon gorengna dagang? Tjatjakan poetra[2] menak oge rea noe djadi toekang dagang."

Tembal koering: „Naha maneh make ambĕk? Kapan tjek kami oge, kami mah atjan hajang tjĕkĕl gawe."

„Naon noe dipikarĕp koe maneh ajeuna?" tjek Elsi.

Sakĕdapan mah koering ngahoelĕng bae, toeloej koering ngadjawab: „Oerang ajeuna aja di kota London! Ari London teh hidji kota padagangan, noe panggĕde-gĕdena di doenja. Di djĕro kota noe gĕdĕ tjara kieu, rasa kami sanggoep njiar kahiroepan. Oenggal-oenggal djĕlĕma pada boga milik, lamoen diteangan tangtoe beunang. Djadi ĕntong kaget, oepama ajeuna kami aja niat rek njatjapkeun angĕn-angĕn. Pendekna kami geus pasrah soemĕrah kana kĕrsa Goesti Allah, koemaha kĕrsana bae. Lamoen awak kami geus sĕnang, poë ieu ge kami rek indit, ka mana bae, da kami mah keur noedjoe apĕs. Kami moal soebaha kana takdiring Jang Widi."

Dina paromanana Elsi katara, jen manehna hĕnteu panoedjoeĕun ngadenge koering rek njaba, toeloej manehna nanja: „Rek digawe naon maneh teh? Iraha indit? rek ka mana? Naha ari maneh mana aneh-aneh teuing? Naon noe mimiti rek dilampahkeun koe maneh, soepaja maksoed maneh hasil?"

„Make topi toeloej leumpang." djawab koering „Moal aja hidji pagawean noe babari tjara kitoe. Reboe-reboe djĕlĕma noe tjitjing

di kota ieu. Trem-trem pinoeh bae; loba anoe sosobatan asal tĕpoeng dina trem malah aja anoe meunang djodo ....."

Atjan toetoeg tjarita koering, kapaksa koering eureun, karana neuleu paroman sobat koering, sĕmoena teu panoedjoeëun pisan.

„Euh, Ĕndeung! djadi maneh teh hajang manggih djodo dina kareta?"

Ngadenge eta omongan, koering seuri bari ngomong: „Elsi! Naha maneh teh wĕt ngomong kitoe? Kami indit ti dieu taja maksoed kana kitoe. Niat kami ngan hajang njaho barang noe araneh; ari pikeun pioentoeng-roegieunana ka diri mah, kami tatjan bisa nangtoekeun. Dĕmi sababna noe matak keukeuh hajang njaba, rek neangan noe atjan njaho djeung hajang njoba milik diri sorangan. Naon goenana kami aja di dieu, boga doeit ngan sakĕtip. Kadjaba lamoen di dieu geus sĕnang koe milik sakieu mah geus ngarasa boengah tjara noe darangsa di Covet Garden."

„Kami mah tatjan miloe sakali-kali atjan." Djawab Elsi.

Tembal koering: „Kami ge tatjan. Naha koemaha anggapan maneh, kami teh? Koe kami geus di tjaritakeun, jen ngan hajang njaho koemaha piĕngkeëunana milik diri bae."

„Kami miloe, Ĕndeung?" Tjek Elsi.

„Oelah! anaking, oelah!" tjek koering.— Elsi leuwih kolot batan koering, beda tiloe taoen, tapi geus biasa koering sok ngoepahan ka manehna, tjara indoeng ka anak „Ari maneh mah djĕlĕma geulis, matak ngagokan bae ĕngke kana lalakon kami."

Elsi gantjang bae ngarti, kana maksoedna omongan koering; Elsi parangina lĕmah-lĕmboet djeung bangoen rĕsĕp mikir, tapi pakarĕpanana tara gilig.

Sanggeus koering djeung Elsi mapaesan bilik kamar tea, toeloej koering ditopi, geus kitoe tĕroes indit, leumpang ngadjoegdjoeg ka hidji kĕbon kĕmbang noe pangäloesna di London, ngaranna Kensington.

Ari tjek djĕlĕma-djĕlĕma mah koering teh koedoe bingoeng, lantaran hidji boedak parawan kakara oemoer doea poeloeh hidji taoen, toer teu boga baraja atawa sobat noe baris noeloeng. Bĕnĕr aja doeloer indoeng koering, Suzanne ngaranna, tapi beunang disĕboet hĕnteu aja bae, karana ngoeroes sadirieunana oge ripoeh, dahar sore hĕnteu isoek. Sanadjan kitoe, koering teh haram moetlak teu sĕber satoengtoeng boeoek.

Koering katjida toemarimana ka Goesti Noe Maha Soetji, doe-meh geus dipaparin boeoek hideung, panon hideung djeung hade hate. Komo oepama mata koering tjara panon Elsi mah, aloes djiga djambroet, meureun djol beh bae kapikir koe koering, naon noe koedoe dilampahkeun koe hidji boedak parawan anoe siga Elsi. Ari koering mah banda teh euweuh deui ngan: bisa toempak kareta mĕsin.

Pangabisa koering toempak kareta mĕsin sapĕrti lalaki bae. Pantĕs lamoen koering hajang ngadjadjah nendjo kadjadian-kadjadian di doenja, anoe katimbang koe koering matak njoekakeun kana hate.

Tabe'at koering tara gantjang-gantjang soesah, djadi koering teh nganggap jen pĕroentoengan koering, ĕngkena moal soesah-soesah teuing. Koering niat nembongkeun wawanen djeung pangabisa koering.

Pirang-pirang kaboengahan hate koering nendjo taman Kensington harita! Koering neuleu empang boeleud djeung tatangkalan ngarojom; djeung aja hidji karaton (gĕdong) nĕnggang didjeunna koe batoe walanda; tjek tjiptaan hate koering: meureun kitoe patĕmpatan para apsari teh. Koering ngomong sadjĕroning ati: „Nja di dinja aing bakal nampa rahmat ti Pangeran." Rarasaan koering di taman teh asa di djĕro sawarga bae.

Koering djalan-djalan di Groote Laan, nĕpi ka hidji tĕmpat noe katjida matak kĕlarna kana hate koering, ras koering ingĕt ka karoehoen koering, bedjana katjida pisan pahamna kana lalajaran di laoet — kawantoe badjag laoet di Devon, noe mashoer ka manamana tea, alam Poetri Elisabeth djadi radja di tanah Inggris. Koelantaran koering ngarasa tjape djeung soekoe laleuleus, kapaksa koering eureun di handapeun tangkal kai gĕde, dioek dina korsi beusi, noe dioekir koe roepa-roepa gagambaran. Deukeut korsi noe didioekan koe koering, aja doea njonja keur tjaralik roepana bangsa menak. Doeanana keur ngagoembrĕng bae salasaoeran. Koering datang ka dinja teh, eta doea njonja teu kageteun teu naon, sabab bangsa menak mah, kalolobanana teu pati malire ka bangsa leutik. Doeanana geus sĕpoeh. Koe koeing kadenge anoe pangsĕpoehna sasaoeran kieu:

„Soemoehoen, eta pĕrkara matak sĕsah ka koering." Roepana bĕnĕr andjeunna teh menak, tapi lamoen nilik kana tabe'atna, oe-

rang bisa njaho, jen andjeunna teh djělěma tjerewed. Pangamboengna siga iroeng oerang Roem, taarna karisoet; topina dibeungkeut koe pita noe roepana saroepa djeung koelit rarajna „Nanging koering bade naros ka njonja, kědah koemaha koering teh? Koering parantos teu tahan koe kakoerang-adjaranana. Barang koe koering dipěntjrong manehna ngarendjag, jaktos kitoe; bari kěding hangit koering ngomong ka manehna: „Maneh njaho sorangan jen omongan aing leuwih seukeut batan peso; komo lamoen aing kapaksa koedoe kitoe."

Njonja noe hidji deui oenggeuk nandakeun jen panoedjoe, sabab andjeunna oeningaeun, jen sobatna rěsěp ngaloearkeun kasaoeran noe matak njěri.

„Celestine!" tjek koering „Ieu gadjih maneh saboelaneun; di djěro satěngah djam maneh koedoe geus njingkah ti dieu". Manehna dongko, těras ngadjawab bari seuri: „Sae, nja eta noe diantos-antos koe abdi oge, njonja!" Harita keneh toeloej bae maneh indit. Koering ajeuna mah teu rěsěp ka manehanana."

„Nanging koemaha, sanes njonja dina dintěn Sěnen ieu, bade angkat ka Schlangenbad?"

„Nja eta noe matak koering sěsah teh; oepami teu bade meuntas laoet mah, teu pěrloe koering ngampihan djoerig teh. Ajeuna ge teu wěleh-wěleh koering nganoehoenkeun ka Raboel 'Alamin, Amalia, rehna koering teu ditěpoengkeun deui djeung boedak awewe noe koerang adjar kitoe; teu boga kaera, běděgong, ari ngomong sok bari soera-seuri, siga pisan noe njeungseurikeun, nanging ari ka Schlangenbad mah koering rek maksa bae dina Sěnen pajoen. Eta noe mawi sěsah teh! Oepami koering ngabantoen baboe ti London, tangtos kědah ngabantoen parawan bangsa Inggris, eta langkoeng moesingkeun ka koering; sanes koering noe njoesahkeun ka manehna, nanging. manehna noe matak soesah ka koering, dina parantos dongkapna ka Eropa. Manehna sok ngewaeun pisan ka boedjang-boedjang roemah makan, sarěng teu bisaeun basa Djěrman deuih, kitoe deui manehna sok wani njaloekan sagala ka oerang sanes dina waktoena. Oepami manehna pasea sarěng boedjang roemah makan, wani ngoetiplak njieun djoeroebasa ka oerang teh; oepami koering make parawan bangsa Prantjis langkoeng-langkoeng deui matak njoesahkeunana, margi koering parantos těrang pisan,

maranehanana teh leuwih gědě bohong ti batan noe sanes; maranehanana daratang ka dieu lantaran di mana-mana teu kapake, oerang dieu teu njarahoëun, koemaha bareto digawena di doenoenganana di Toulouse atawa di St. Petersburg. Aja baroedak landjang noe harade kalakoeanana teh, oerang Gretshen, ti pagoenoengan Taunus, tjakět Schlangenbad, tapi koering koedoe neangan di Schlangenbad. Koe pangintěn koering di Djěrman mah aja keneh baroedak landjang noe harade kalakoeanana teh; doepi di Inggris mah lapoer, geus teu aja pisarateun. Djadi lamoen koering hajang boga landjang anoe hade kalakoeanana mah, nja koedoe njampeur di Schlangenbad bae, tapi ti dieu ka Schlangenbad koering koedoe sorangan. Teu sanggoep koering ari kitoe mah, teu wantoen sorangan di kapal atawa dina kareta api ti Ostende atawa Calais ngaliwat Brussel sarěng Keuleun ka Schlangenbad."

„Manawi njonja kěrěsa, nganggo baboe toeloeng bae?" Saoer njonja noe saoerang deui, dŏemeh katingalieun manahna eta njonja sěpoeh geus rada lěmpěr.

Njonja sěpoeh tjerewed teh běndoena djadi tambah deui: „Jaktos, soepaja pěrhiasan koering di paok, nja? atawa ngarah make landjang Inggris noe teu bisaeun basa Djěrman sakětjap-kětjap atjan? Atawa ngarah djagaeun di kapal? Bororaah ngadjaga batoer, diri sorangan ge teu kadjaga! Moal Amalia, moal. Njonja mah ngan ngemoetkeun salira koe andjeun bae, teu ngemoetkeun ka diri batoer. Tjing atoeh njonja, pandekeun heula diri batoer ka salira njonja."

Koe koering kapikir, jen geus ninggang kana mangsana, koering ngadjalankeun paniatan. Naon halanganana, lamoen koering ngamimitian ngalampahkeun karěp hajang ngoerilingan alam doenja tea, miloe djeung ieu njonja sěpoeh noe tjerewed ka Schlangenbad?

Tangtoe bae koering teu niat salilana djadi baboe. Poegoeh ari rek ngandělkeun kakoemakian mah, nadjan sapoën oge ěmboeng njabak eta pagawean teh. Tapi dadaoelatan bae, sabab maksoed koering rek ngoerilingan doenja beuki mantěng. Koe hal eta leuwih hade lamoen koering indit ka Djěrman. Ti waloengan Rijn, koering rek těroes ka Donau, ti dinja ka Laoet Hideung, těroes ka banoea Asia. Ti Asia koering těroes ka Djěpang ngaliwat Hindia Inggris djeung tanah Tjina. Ti Djěpang ka San Francisco djeung

ka New York. Geus kitoe koering bisa balik deui ka London. Harita rarasaan teh koering geus asa di djalan bae.

Ti toekangeun tangkal kai toeloej koering dongko bari ngomong handap-asor: „Moegi njonja teu djadi bĕndoe, rehna abdi koemawantoen dongkap ngagembang ka salira njonja, dina waktos njonja noedjoe sasaoeran. Pangharĕpan abdi, taja sanes pang dongkap ka dieu teh, manawi ditampi bade ngadeudeul ka salira njonja."

Ti memeh pok oge koering ngomong, ingĕtan koering tangtoe eta njonja tjerewed teh bĕndoe, ngadangoe pioendjoek koering. Ĕnja, eta pangira teh hĕnteu salah, andjeunna roepana katjida bĕndoena, datang ka rarajna reup geuneuk raj pias doemeh koering bangsa koeritjakan wani-wani ngomong ka andjeunna, bangsa menak; koering ngarasa kadoehoeng koe lalampahan sorangan. Sanggeus koering diteuteup tina hoeloe nĕpi kana soekoe, toeloej mariksa:

„Naha nona mana wani-wani ngadengekeun omongan oerang?"

Barang ngadenge kitoe koering ambĕk; djawab koering: „Moegi djadi kaoeningaan njonja, ieu tĕmpat sanes tĕmpat rasiah. Soemawontĕn njonja salasaoeran teh tarik, doegi ka oenggal-oenggal manoesa oge, soegri noe ngaliwat ka dieu mah, tiasa ngoeping. Oepami njonja teu kĕrsa, kasaoeran njonja kakoeping koe noe sanes, naha atoeh njonja teu haharewosan sasaoeran teh? Komo oepami ngemoetkeun, — pang abdi oendjoekan teh sanes bade ngaroegikeun, nanging bade noeloeng ka njonja."

Sakali deui koering ditilik koe eta njonja, tina dampal soekoe nĕpi kana ĕmboen-ĕmboenan; eta matak tambah wawanen ka koering. Ari geus kitoe toeloej andjeunna sasaoeran ka sobatna; sasaoeran noe sĕnang tea, tjara teu aja koering di dinja: „Amalia! ieu nona djĕlĕma boga pikir, djĕlĕma boga boerih, koering rĕsĕp ka eta nona."

„Naon maksoed nona datang ka dieu?" saoerna ka koering.

„Maksoed abdi kieu!" djawab koering bari neuteup kana rarajna, teuteup pamepes ati „Abdi parantos diadjar di Girton, sarĕng abdi teh anak hidji officier, djadi sanes tjatjah teuing. Ajeuna abdi teu gadoeh pagawean, abdi atoh oepami njonja kĕrsa njandak abdi ka Schlangenbad, boh keur ngarentjangan njonja, boh keur noeloeng-noeloeng atanapi kana naon bae, sapangĕrsakeun njonja. Pĕrkawis gadjih, abdi teu ngalangkoengan njonja. Oepami koe tambangan woengkoel oge, ti dieu ka ditoe, teu sawios. Noe

mawi abdi poeroen kitoe, moeng ngilari djalan anoe mirah, asal abdi tiasa dongkap bae ka Schlangenbad."

Lalaoenan katja sotjana ditjandak, toeloej koering ditilik katiloe kalina, bari andjeunna sasaoeran kieu: „Ĕnja, ĕnja, di mana-mana ajeuna mah aja boedak landjang ngalĕgig (teu digawe)! Tadi tjek nona: „Nona geus diadjar di Girton, di Girton nja! Lain di Cambridge [1]). Tangtoe nona bisa basa Griek, tapi koemaha bisa basa Djĕrman?"

„Teu bentĕn sarĕng landjang Djĕrman toelen." koering ngadjawab teh hĕnteu aja pisan kainggis „Kapoengkoer abdi di Bern kenging sababaraha taoen diadjar basa Djĕrman, djadi abdi sanggĕm ngomong Djĕrman sapĕrtos ngomong Inggris."

„Ah pamohalan, mohal nona, mohal!" djawab njonja sĕpoeh noe tjerewed teh „Teu pĕrtjaja kaoela mah, nilik bangoen biwir nona kawas moal ĕnja bisa basa Djĕrman. Na rek koemaha diboenga-bengona biwir sakitoe aloesna."

„Njonja," djawab koering koe basa Djĕrman „tobat sanes hatoer dora atanapi balagondjang, kana Djĕman abdi parantos tĕrang ti boeboedak."

Ngadangoe omongan koering kitoe njonja teh goemoedjĕng, nandakeun soeka manahna.

„Hal eta kaoela hĕnteu pĕrdoeli" saoerna „kana eta basa kaoela katjida idjidna; sanadjan eta basa diomongkeun koe hidji landjang noe geulis oge djanggal bae kadengena koe kaoela mah. Geuning nona mani kĕroeng bae tadi basa keur ngomong. Saha ngaran teh nona?"

„Louise Caijleij."

„Louise? Bĕnĕr aneh eta ngaran teh! Kaoela tara ngadenge ngaran kitoe! Nini si Timotheus asana noe ngaranna Louise teh. Lain, nona teh atjan boga intjoe?"

„Sakatĕrang abdi mah teu atjan," koering ngadjawab teh hĕnteu bari seuri. Pioendjoek djeung pasĕmon koering kitoe kamanah katjida koe njonja, andjeunna goemoedjĕng raos.

„Ingĕtan kaoela, oerang bakal djadi sapikir." saoerna bari njĕkĕl kana leungeun koering „Oentoeng katjida adat nona tatjan

---

[1]) Batja: Kembritj.

roeksak. Djadi ngaran nona teh Louise Caijleij? Baraja nona ka Kapten Caijleij? Manehna kaasoep oerang pagoenoengan."

„Soemoehoen, poen bapa" djawab koering.

„Koetan teh!" saoerna „kami meunang bedja, jen manehna geus tilar doenja, karoenja! Randana dikawin koe Jack Watts Morgan, noe sok rĕsĕp ngalantrah ti peuting tea, nja. Ĕh, anaking, poma maneh oelah daek lakian ka lalaki moe teu boga pagawean. Djadi maneh teh anak Tom Caijleij. Ingĕtan kami oerang bakal sapagodos. Tapi koedoe ingĕt, jen kami teu rĕsĕp ka djĕlĕma noe mapalangan kana karĕp kami. Lamoen oerang ĕngke geus datang ka Schlangenbad, maneh koedoe sakarĕp kami; patjoean rek wani magak parentah."

„Oendjoek soemangga, manawi saminggoe mah abdi kiat, sasarĕngan sarĕng njonja."

Ngadangoe djawab koering kitoe, andjeunna goemoedjĕng. Sanggeus kitoe, toeloej koering djeung njonja sĕpoeh teh ngabadamikeun pĕdjangdjian, doeaan bae. Da andjeunna teu palajeun nganggo saksi.

„Naha pangira nona kami hajang make saksi, dina pĕrdjangdjian pĕrkara kieu? Naon noe dingaranan pĕrdjangdjian teh, taja lian kabiasaan djĕlĕma noe rĕsĕp noelis, ĕmboeng ngomong. Kami soeka ka maneh, eta geus tjoekoep. Soemawonna maneh anak Tom Caijleij. Tadi, koe kami geus ditjaritakeun, jen kami teu tĕsĕp dipagak."

„Sanaos kĕrĕsa njonja pĕrkawis pamohalan oge, koe abdi moal aja noe dipagak" djawab koering bari seuri „Nanging abdi njoehoenkeun dipaparin tĕrang adres njonja."

„Euh, anaking," saoerna „kami sangeuk ngabedjakeun ngaran ka maneh, sabab goreng. Ikĕlas roepana sĕpoeh kami maparin ngaran, anoe teu siga-siga ngaran oerang Kristĕn. Tapi ari nĕpi ka ganti ngaran mah kami tatjan kadoega."

Koering sapĕrti noedjoem bae, bisa nĕgoeh djĕnĕganana eta njonja: „Naha njonja teu kĕrsa didjĕnĕnganan Georgina?" tjek koering.

Eta njonja sĕpoeh noe tjerewed teh njĕkĕl kana leungeun koering tarik pisan, bari njaoer: „Naha maneh teh mana pintĕr-pintĕr teung? Koemaha noe matak maneh bisa nĕgoeh ngaran kami?"

„Rasa abdi sami sarĕng njonja," djawab koering „ngaran abdi

sajaktosna Georgina Louise. Paměndak abdi oge eta ngaran teh awon, nanging abdi mah teh teu diĕngke-ĕngke deui, ladjĕng bae dipitjeun eta ngaran teh. Djĕlĕma noe wani mere ngaran kitoe ka anakna, pantĕs kenging hoekoeman."

„Saroea pisan pikiran maneh djeung pikiran kami. Maneh bĕnĕr hidji boedak landjang noe pintĕr. Tah ieu ngaran djeung adres kami. Poë Sĕnen oerang indit." bari sasaoeran kitoe, andjeunna maparinkeun kĕrĕtas satjĕwir ka koering, oengĕlna kieu *„Ladij Georgina Fawley 49 Fortescue Crescent W."*

Koering ngabadamikeun pĕrdjangdjian teh doea mĕnit lilana. Geus kitoe koering papisah. Barang koering keur djongdjon leumpang rek balik, sobatna njonja Georgina loempat njampeurkeun ka koering.

„Ingĕt nona," saoerna „nona bakal tjatjampoeran djeung djĕlĕma gĕde ambĕk sarta tjerewed."

„Teu sawios," djawab koering „oepami abdi parantos sasarĕngan saminggoe sarĕng andjeunna, tangtos abdi kenging loewang seueur."

„Tabe'atna kawas oraj."

„Ah sakitoe mah teu sabaraha; da kalakoean abdi ge teu bentĕn ti kitoe. Sarĕng oepami kadjadian doegi ka gĕloet, abdi teu sieun koe andjeunna, margi abdi mah ngora keneh, badan abdi langkoeng gĕde sarta langkoeng kiat batan andjeunna. Pirakoe kawon."

„Koering ngadoakeun soepaja nona salamĕt."

„Noehoen, njonja kĕrsa ngawĕdjang ka abdi. Nanging sing pĕrtjantĕn njonja, abdi sanggĕm ngadjagi diri sorangan. Kapan njonja oge oeninga, jen abdi teh toeroenan sĕrdadoe."

Sanggeus andoem salamĕt, toeloej koering papisah djeung eta njonja. Ari datang ka kamar Ḛlsi, toeloej koering bebedja ka manehna, jen koering rek njaba.

„Djadi toeloes maneh njaba teh?" omong Elsi „Ĕngke lamoen datang ka ditoe, rek digawe kana naon maneh teh?"

„Eta pĕrkara, maneh ĕntong salĕmpang;" djawab koering, soepaja Elsi ngeunaheun hatena „kami mah katjida boengahna, lamoen bakal nendjo hidji barang noe tatjan njaho."

„Ĕh, Ĕndeung! koemaha pirasaeunana hate kami, oepami di ditoe maneh paeh langlajeuseun."

„Sanadjan di London oge nja saroea bae. Ka mana-mana kami

njaba moal aja noe pinoeloenganeun, kadjaba ti diri kami pribadi."

„Eta pikiran teh salah, Ěndeung!" djawab Elsi „di dieu mah maneh babarĕngan djeung sobat. Na matak naon lamoen maneh tjitjing djeung kami salawasna."

Sanggeus koering ngadenge omongan Elsi kitoe, toeloej koe koering ditjioem tarangna, nandakeun jen koering toemarima kana kanjaahna

„Elsi!" tjek koering „geus karasa sarta kanjahoan, kanjaah maneh ka kami, tapi ajeuna kami teu bisa lila tjitjing di dieu, lantaran karoenja ka maneh, sabab gadjih maneh teh teu sabaraha, kami ĕmboeng njoro. Anggoer oerang digarawe deui ajeuna mah hajoe, ngahiasan kamar djeung oerang ngĕrĕtasan bilik, da kami pang datang ka dieu teh nja eta rek ngabantoean maneh."

„Ajeuna mah maneh ĕntong digawe, leuwih hade geura beberes bae bawaeun njaba, kapan maneh rek indit di Sĕnen, tega ninggalkeun kami sorangan di dieu."

Ngadenge omongan Elsi kitoe, koering ngadjoengdjoengkeun taktak. (Eta geus kabiasaan koering sok kitoe, beunang diadjar di Zwitserland): „Naon noe koe kami rek diberesan, da teu boga barang kami mah" djawab koering „boga doeit sakĕtip, rek dipake meuli naon. Hajoe ah, anggoer oerang nganggeuskeun ngĕrĕtasan bilik." — Eta pagawean tangtos moal anggeus, lamoen Elsi koe koering diantĕp sina digawe sorangan. Geuwat koering ngagoentingan kĕrĕtas noe rek ditapĕl-tapĕlkeun kana bilik tea, dihadehade pisan.

Elsi teu mikir kana naon-naon deui kadjaba kana pagawean sakola, sabab manehna djadi goeroe ngitoeng (wiskunde) di sakola loehoer. Roepana ĕnja oge manehna djadi goeroe di sakola loehoer, tapi ari kana goentang-goenting mah loepoet.

Dina poë Sĕnen, eta pagawean anggeus. Hanent mojan toeloej koering indit ka station Charing-Cross. Di dinja koering amprok djeung njonja sĕpoeh noe gĕdĕ ambĕk sarta tjerewed tea.

„Ati-ati, karandjang bisi ragrag!" saoerna ka koering, waktoe koering keur ngoeroes barang-barangna „Tadi maneh meuli kartjis teh tĕroes ka Djĕrman ngaliwat Mechelen, atawa ngaliwat Brussel? Kami sangeuk ngaliwat ka Brussel, sabab lamoen oerang ngaliwat ka dinja, koedoe pindah kareta. Tjatitakeun ka pagawe kareta api noe nimbang barang-barang, soepaja eta barang-barang

ditimbang sing bĕnĕr. Djeung sabaraha beuratna, koe maneh koedoe ditoeliskeun koe K. G., oelah koe pond, lamoen ditoelis koe pond ĕngke oerang didĕngda koe pagawe kareta api oerang België, noe karoerang adjar. Maranehanana tara aja rasrasanana. Teu kaharti koe kami, naha mana kami teh bĕt sok hajang bae njanjabaan ka nagara deungeun, ninggalkeun bali geusan ngadjadi. Tanah Inggris hidji tĕmpat noe pangpikabĕtaheunana. Di dieu tara aja reungit, noe sok njongtjong ka oerang lamoen keur sare; oepana oerang leumpang teu koedoe mawa soerat paidin ti pamarentah, atawa — euh, anaking! toeloengan, tjarek eta djĕlĕma oelah sina ngadeukeutan kotak topi kami! Aeh, naha maneh gelo hah, mana wani-wani njarandean kotak topi batoer? Naha pangira maneh eta teh tihang lantera?

Ĕntong Louise, maneh ĕntong mawa ieu, keun ieu mah koe kami. Ieu pĕpĕten tĕmpat ĕmas-intĕn, poesaka ti karoehoen kami, toeroen-toemoeroen nja tĕpi ka kami. Lamoen euweuh ĕmas-intĕn ieu, kami moal ĕnja daek njaba ka Schlangenbad. Ieu salawasna tara lesot tina leugeun kami.

Maneh ĕnggeus nitah njadiakeun tĕmpat dina kareta-api, di Ostende, noe misah keur oerang doeaan?"

Koering djeung njonja Georgina toempak kareta klas hidji. Tapi roepana eta kareta api teh koe njonja Georgina mah teu kaanggo. Oesik-oesik conducteur dipiwarang ngĕboetan panglinggihanana, ngosokan katja djandela atawa naon bae nĕpi ka kareta api mangkat ti London.

Oentoengna panoempang noe sakamar djeung koering, hidji toean noe sae manah, sarta katjida hormatna ka njonja Georgina. Koering hĕnteu mangmang deui, jĕn eta toean oerang Eropa, doeka oerang Pĕrantjis, doeka oerang Djĕrman atawa Oostenrijk. Naon bae noe ngadjadikeun kasĕnangan ka njonja Georgina, sapĕrti: noetoepkeun djandela, miwarang njonja Georgina tjalik di djoeroe, maparinkeun djodjodog soekoe (valies), koe andjeunna dilampahkeun. Teu lila kareta api geus ngaliwat Kent, noe sok disarĕboet „kĕbon kĕmbang" tanah Inggris tea. Pikeun ngalap manahna njonja Georgina, eta toean mindĕng pisan sasaoeran kieu: „Inggris hidji poelo noe pangrĕsikna."

„Oepami abdi teu lĕpat, toean djadi oetoesan Oostenrijk di London," saoer Njonja Georgina.

Bari moentir-moentir koemisna noe njĕngklik eta toean ngadjawab: ,,Abdi ajeuna parantos njoehoenkeun liren, tina eta padamĕlan. Sapalih oerang Oostenrijk teu moepakat abdi liren, doepi abdi ajeuna aja di London teh moeng ngabĕbĕrah hate bae, teu kintĕn abdi bĕtahna tjitjing di London, margi nagara rĕsik sarĕng rame."

,,Oepami di London teu seueur halimoen mah, lĕrĕs eta sasaoer toean kitoe," tjek koering.

Sadjongdjongan mah eta toean mĕntjrong bae ka koering. ,,Lĕrĕs nona." djawabna, soarana katara jen teu raoseun dipagak ,,Sagala kahasilan lĕmah tjai nona katoet halimoen-halimoenna, tjarang kapĕndak di nagara sedjen."

Soepaja oelah katara jen andjeunna teu raoseun dipagak koe koering, beuki antĕb ngobrolna djeung njonja Georgina. Doeanana salasaoeran tjara djeung sobat dalit bae.

,,Njonja, emoet keneh abdi ka eta toean, nalika andjeunna keur di Weenen. Waktoe harita abdi djadi panoeloeng oetoesan noe teu digadjih. Andjeunna teu kintĕn saena, sarĕng oepami oerang tjatjampoeran sarĕng andjeunna, salamina bingah bae. Njonja oeninga kana karanganana. ,,Hidji masälah gĕdĕ" sarĕng pĕrkawis ,,Kadjadian di lĕbĕt karadjaan Oostenrijk?"

,,O, di Weenen, harita toean linggih teh?" djawab njonja Georgina tjara noe ngimpi.

,,Njai, anaking, Louise! maneh oelah sok mĕlong kitoe ari ka djĕlĕma!"

Kabĕnĕran andjeunna biasa njaoer ka koering tjara ka anak; sabab koering leuwih rĕsĕp disĕboet kitoe, ti batan disĕboet nona ,,Caijleij".

,,Emoetan abdi, asa parantos tĕpang sarĕng toean. Poentĕn bae, doepi djĕnĕngan toean, saha?"

Barang njonja Georgina marika kitoe, teu kira-kira eta toean bingaheunana; kawasna nja eta noe di arĕp-arĕp teh. Gantjang eta toean maparinkeun kartjis ka njonja Georgina. Ari geus diaos dipasihkeun ka koering. Eta kartjis oenina kieu: *„Graaf de Laroche -- sur — Loiret"*.

„Euh,, abdi masih emoet keneh kana djĕnĕngan toean". saoer njonja Georgina ,,Pagintĕn toean kĕnal ka salaki abdi. Sir Evelyn Fawly, sarĕng poen bapa djĕnĕnganana Lord Kynaston."

Ngadangoe kitoe, eta toean kawasna tambah boengah.

,,Koemaha njonja? O, koetan njonja noe djĕnĕngan Lady Georgina Fawley teh?" saoer toean barina imoet ,,Nja tjaroge njonja noe ngawitan noeloeng ka abdi di Weenen. Kantĕnan bae abdi kĕnal ka toean Sir Evelyn mah, andjeunna hidji toean noe sae manah. Abdi teu tiasa njarioskeun, sakoemaha kabingahanana hate abdi ajeuna ditĕpangkeun sarĕng njonja. Rajaj njonja noe manis, teu aja gesehna ti kapoengkoer doegi ka ajeuna, noe mawi abdi teu hilap ka njonja."

Bedjana njonja Georgina rĕsĕp dioegoeng, kawasna eta bedja teh bĕnĕr.

Toean Graaf ngalahir deui: ,,Barang abdi dongkap kana kareta, ana beh teh ningal njonja, bĕt asa², tĕras diemoet-emoet: ,,Ieu njonja noe geulis teh asa geus papanggih. Saha ieu njonja teh?" tjek hate ,,Paromanana katara jen bangsa menak toeroenan noe pintĕr marentah nagara, moal salah sae manah, sabab aja tjitjiren noe netelakeun jen djĕlĕma bĕrboedi. Euh, ingĕt ajeunna mah, ieu njonja waktoe di Weenen sok toenggang kareta gĕde, ari koesir djeung loporna sok marake toro beureum; karetana biasana sok dirioeng-rioeng koe djĕlĕma noe malashoer djeung noe palintĕr, sapĕti: toekang tĕmbang (sa'ir), ahli poelitik nagara djeung djaba ti eta". Tah kitoe emoetan abdi, malika abdi mĕmbe tĕpang sarĕng njonja. Ajeunna mah tetela, njonja noe djĕnĕngan Lady Georgina Fawley teh."

Minitina mah sangkaan koering, njonja Georgina meureun oeningaeun, jen eta toean Graaf teh djĕlĕma pangoloan, njariosna kitoe teh teu tĕroes djeung manahna; tapi lila-lila mah tetela, jen eta njonja teu kagoengan manah rangkĕpan, poelĕn bae dioegoeng-oegoeng teh, anggoer beuki ka loehoer, teu karaos jen eta toean panipoean. Mistina mah andjeunna teh koedoe baeud, nandakeun jen teu rĕsĕp ka djĕlĕma manis moeloet; tapi lantaran palaj tambah kapoedji, tjalikna ge anggoer beuki madĕp, andjeunna katjida rĕsĕpeunana sasaoeran djeung eta toean Graaf.

,,Soemoehoen!" djawab njonja Georgina bari imoet njagĕlĕnjoe ,,loba pisan kaboengahan waktoe koering keur di Weenen, soemawonna harita koering ngora keneh, kakara mĕlĕtek moen panonpoë tea mah."

„Istri noe sapĕrtos njonja, moal sĕpoeh-sĕpoeh roepina, sanaos parantos joeswa saratoes taoen oge." djawab toean Graaf bari dongko di pajoeneun eta njonja, nawiskeun jen hormat „Moeng djĕlĕma bodo sarĕng noe gĕde ambĕk, noe sok enggal kolot teh. Woewoeh lami hiroep di doenja, woewoeh seueur paměndak noe sae sarĕng noe aneh-aneh; sanes kageulisan bae," — waktoe njarios kitoe eta toean ngareret ka koering, — „nanging kaseuseueuranana raraj noe peungkeur sarĕng bĕrĕsih, lami-lami djadi kĕnjod, djalaran seueur kasĕdihan sarĕng kakeuheul."

„Sajaktosna kitoe, nanging kapoengkoer mah koering ngaraos oge sĕnang; kawasna moal hilap satoetoep oemoer oge kana djaman eta, harita rarasan teh asa di sawarga bae." soer njonja Georgina.

„Pĕrtjantĕn njonja", saoer toean Graaf.

Ti barang koering djeung njonja Georgina mangkat ti London nĕpi ka Dover, teu eureun-eureun ngobrol tiloean. Soemawonna njonja Georgina mah. Dina lalampahan sadjam satĕngah teh, andjeunna katjida nitenanana tĕmpat-tĕmpat di loear kota London; kitoe deui adat kabiasaanana teu tinggaleun, sapĕrti: ambĕk-ambĕkan, ngaloearkeun omongan noe saroegal, noe matak njĕri ka batoer. Sakapeung mah koering sok seuri sorangan, ningal kalakoean njonja Georgina, sabab teu goegoer, teu angin, oedjoeg-oedjoeg bĕndoe bae. Toean Graaf kawas tjara koering bae. Tapi andjeunna mah katjida iasana sasaoeran, ngalĕlĕdjar manahna njonja Georgina, datang ka teu karasa deui, kareta api geus nĕpi ka Dover.

Waktoe koering balajar ti Dover ka Ostende, ombak laoet katjida motahna, toeroeg-toeroeg poë angkeub djeung haleungheum, atoeh loba pisan panoempang-panoempang noe marabok laoet.

Sanadjan toean Graaf djeung njonja Georigna geus djadi sobat mĕdok oge, sarta sili pĕrtjaja tina sagala roepa, tapi waktoe toean Graaf rek noeloeng mangnjandakkeun pĕpĕten ĕmas-intĕn mah, teu dipaparinkeun. Tjatjakan keur waktoe lambak noe galĕde neunggaran kapal oge, datang ka kapal galoeang-galeong, malah njonja Georgina ge nĕpi ka mabok; tapi pĕpĕten poesaka mah noe pinoeh dieusi ĕmas-intĕn teu lesot tina pananganana. Kabĕnĕran harita koering teu mabok, atoeh koering bisa ngalandongan andjeunna, sarta naon sapamoendoetna ditjaosan. Keur andjeunna mabok laoet tea, teu eureun-eureun koekoeloetoes, datang ka koering koedoe ati-ati katjida ngadjaga andjeunna. Pangpangna noe ngadjadikeun bĕndoe ka andjeunna, sabab loba oerang Belgie noe wani-wani dioek deukeut ka andjeunna.

Doea boedak landjang bangsa Belgie, kawasna bae anak toekang waroeng, katjida koerang adjarna, wani dioek dina bangkoe noe disadiakeun keur menak-menak woengkoel deukeut pisan kana pangamboeng njonja Georgina. Taksiran koe sabab njonja Georgina djeung koering loba babawaan disangka somahan bae.

„Toeh itoe djĕlĕma noe nangtoeng make pakean padri, taksiran eta bapana! Lamoen ĕnja eta bapana, manehna wadjib ngadjar ka anakna soepaja njaho di tata, koedoe koemaha lamoen maranehanana dioek deukeut gĕgĕden." Meusmeus Njonja Georgina teh moendoet kolonjo, bari teu eureun² koekoeloetoes: „Kapal naon ieu teh pinoeh koe haseup, mani moelĕk ka dieu?" saoerna.

Mangsa harita teu aja kapal noe aloes. Noe palintĕr harita masih ngabaradamikeun keneh pamanggih anjar, keur ditjobatjoba heula; tapi njonja Georgina sasaoeran, jen bareto waktoe andjeunna balajar, kapalna leuwih aloes batan ajeuna. Anoe djaradi boedjang di eta kapal kalolobaanana bangsa Prantjis, taja saoerang-oerang atjan bangsa Inggris. Ngan toekang ngoeroes kadaharan bĕnĕr oerang Inggris, tapi lain oerang Inggris toelen. Bangsa Prantjis noe digarawe di eta kapal, adatna djeung kalakoeanana garoreng, datang ka njonja Georgina kagoengan manah palaj ngawarah, soepaja eta djĕlĕma² marake tata, oepama njanggakeun katoeangan ka andjeunna.

Barang koering djeung njonja Georgina datang ka Ostende, eta toean Graaf hojongeun noeloeng rek mangnjandakkeun pĕpĕten ĕmas-intĕn tea; koe njonja Georgina teu dipaparinkeun. Kadjaba ti geus biasa teh eta pĕpĕten tara lesot tina panangan andjeunna, kawasna bae njonja Georgina teu pati pĕrtjantĕneun ka toean Graaf teh. Kawoewoehan deui noeroetkeun panganggona, sagala barang poesaka teu meunang pisan lesot tina pananganana. Komo ieu mah pĕpĕten ĕmas-intĕn, oepama keur angkat-angkatan tara pisan lesot tina pananganana teh.

Di Ostende aja tempo doea poeloeh mĕnit, saha² noe lapar bisa barangdahar heula. Tapi doenoengan koering noe manis, maksa ka koering soepaja koening ngalongok barang-barangna, sanadjan eta barang² koe koering moal bisa diilikan, sabab geus diboengkoes sarta disimpĕn dina kareta tĕmpat barang², baris dikirimkeun ka

tĕmpat noe kasĕboet dina adresna, kakara bisa diilikan lamoen geus datang ka Keulen; djadi koedoe geus datang ka Duitsland kakara meunang diilikan. Soemawonna oepama ngingĕtkeun eta barang² ti barang tjag tina kapal kana kareta api, didjaga koe pagawe kareta api, djadi oerang teu koedoe salĕmpang.

Soepaja Nji Sĕpoeh sĕnangeun manahna, nja teu boeroeng koering indit njampeurkeun ka pagawe kareta api toekang ngadjaga barang; api², ngarah siga noe ĕnja, koering tatanja noe lain² bae ka eta pagawe.

Sanggeus eta pagawean noe taja hasilna tea beres, toeloej oenggah deui kana tĕmpat koering di kĕlas hidji.

Koering katjida heranna, sabab njampak njonja Georgina, keur ngagoembrĕng bae sasaoeran djeung toean Graaf noe tadi tea, tjara djeung sobat noe pangdalit-dalitna pisan.

„Ieu toean Graaf katjida hormatna ka kami, andjeunna geus kĕrsa tjalik dina tĕmpat noe ditoedoehkeun koe kami." saoer njonja Georgina ka koering, barang koering datang ka dinja.

Eta toean Graaf dongko bari imoet ngagĕlĕnjoe, toeloej ngalahir: „Sajaktosna mah ketah, ieu njonja noe berehan, andjeunna geus kĕrsa maparin tĕmpat ka koering."

Koering naros ka njonja Georgina: „Naha moal toeang, Lady Georgina? Ajeuna aja keneh waktos sapoeloeh mĕnit deui. Sarĕng losmen² di dieu diparoedji pisan, rarĕsik."

„Jaktos eta emoetan sae pisan, langkoeng sae njonja toeang di dieu," saoer toean Graaf „sarĕng manawi njonja widi, abdi bade njarĕngan."

„Naha maneh moal barĕng dahar, Louise?" saoer njonja.

Koe sabab koering aja maksoed rek migawe hidji pagawean rasiah, koering ngadjawab kieu: „Moal njonja, noehoen! abdi mah teu atjan lapar."

„Lamoen kitoe," saoer njonja Georgina „leuwih hade tjitjing di dieu ngadjaga tĕmpat kami, soepaja oelah aja noe ngandih, da sok loba djĕlĕma noe tjologog teu njoho di adat, salawasna ngan rek njĕdĕkkeun bae, komo oepama diantĕp mah. Kami geus njaho adatna oerang dieu. Ari kartjis lain aja di maneh? Kartjis keur dina tĕmpat ieu. Koedoe ati² soerat barang² bisi leungit, djeung djaga, bisi aja koeli noe kotor ngagaris mantĕl kami! Lamoen aja

koeli rek asoep, maneh koedoe nangtoeng di lawang, halangan, soepaja teu toeloes asoepna."

Waktoe njonja Georgina rek loengsoer tina kareta api, toean Graaf noeloeng ngagendeng ka njonja Georgina bisi geubis. Barang soemping ka tĕpas sĕtatsion, toean Graaf rek mangnjandakkeun deui pĕpĕten tea. Sangkaan koering teu katingalieun koe njonja Georgina, tapi sapĕrti noe diemoetan bae koe Goesti Allah, pananganana Graaf teh dikepeskeun koe andjeunna, toeloej eta pĕpĕten dipaparinkeun ka koering, bari ngalahir: „Eh Louise, anaking! Leuwih hade ieu pĕpĕten diampihan koe maneh. Lamoen koe kami dibawa ka tĕmpat dahar, bisi aja noe maling. Tapi ingĕt, maneh teu meunang masrahkeun ieu pĕpĕten ka saha bae oge, kadjaba oepama diparentah koe kami. Tjĕkĕl koe maneh sing pageuh, oelah lalawora! Patjoean rek lesot tina leungeun maneh!"

Koering ngomong sadjĕroning ati: „eta toean Graaf teu beunang dipĕrtjaja," sabab kahormatanana ka njonja Georgina leuwih ti misti. Djeung deui basa koering djeung njonja Georgina kakara datang ka Ostende, kabĕnĕran koering bisa ngadenge, andjeunna sasaoeran djeung hidji djĕlĕma anoe papakeanana roedin, noe toempak di kĕlas doea. Eta djĕlĕma naros ka toean Graaf: „Koemaha oentoeng?" omongna, waktoe toean Graaf ngaliwat ka hareupeunana, bari moentir² koemis. Eta djĕlĕma nanjana koe basa Prantjis.

„Bĕrkah" djawab toean Graaf. „Ieu pagawean gampang pisan."

Pikiran koering, pangna njĕboetkeun oentoeng teh, manehna njangka, ngawoedjoekna njonja Georgina baris hasil.

Tatjan aja lima mĕnit, lima mĕnit atjan, njonja Georgina angkatna, toean Graaf teh geus soemping, dagdag-digdig sĕmoe noe roesoeh njampeurkeun ka koering. Kakara gok ge geus pok sasaoeran: „Nona koering dipiwarang koe njonja Georgina, ngabantoen pĕpĕten ĕmas-intĕnna."

„Moegi teu djadi bĕndoe, toean Graaf ieu pĕpĕten koe njonja Georgina parantos dipĕrtjajakeun ka abdi, oepami njonja Georgina teu soemping ka dieu koe andjeun, ieu pĕpĕten moal kasanggakeun." djawab koering, bari eta pĕpĕten ditjĕkĕl pageuh koe doea leungeun.

Eta toean katjida bĕndoena, bari sasaoeran. „Naha nona, teu pĕrtjaja ka koering? Naha teu tjoekoep kapangkatan djeung

kahormatan koering, pikeun netelakeun jen koering beunang dipĕrtjaja? Djeung naha nona teu pĕrtjaja, jen koering pang datang ka dieu, dipiwarang koe njonja Georgina?"

„Hĕnteu; teu pĕrtjantĕn abdi ka toean!" djawab koering „Njonja Georgina nimbalan ka abdi omat-omatan pisan, jen teu kenging dipasrahkeun ka noe sanes, kadjabi ti ka andjeunna, koe margi eta oepami andjeunna teu soemping koe andjeun, ieu pĕpĕten moal lesot tina leungeun abdi, toean Graaf."

Eta Graaf, toeloej indit bari gĕgĕlĕndĕng. Djĕlĕma noe goreng patoet tadi tea nembongan, deukeut kareta api noe ditoempakan koe koering. Barang toean Graaf papaliwat djeung manehna, katendjo koe koering lambĕjna ĕmboet, ngaharewos ka si goreng patoet, mani meh teu kadenge koe koering, kieu pokna: „Maksoed oerang teu hasil."

Tapi sanadjan kitoe, roepana eta djĕlĕma atjan poetoes pangharĕpan. Geus kaĕrong koe koering, tangtoe eta toean neangan akal, soepaja maksoedna hasil. Toeloej Graaf teh njampeurkeun ka tĕmpat njonja Georgina barang toeang. Oepama koering oendjoekan tĕroes tĕrang ka njonja Georgina, tangtoe andjeunna moal pĕrtjantĕneun, sabab toean Graaf katjida iasana ngalap manah djeung ngawoedjoek; koe hal eta, koering koedoe neangan akal, soepaja eta pĕpĕten oelah beunang koe toean Graaf.

Anoe pangpĕrloena tangtoe koering koedoe nitenan kaajaanana eta pĕpĕten. Barang geus diilikan, tetela eta pĕpĕten teh beusi, ari ti loearna diboengkoes koe koelit. Geus kitoe toeloej koering mikir, koemaha piakaleunana sangkan oelah beunang koe toean Graaf. Barang geus kapikir, prak dilampahkeun.

Teu lila njonja Georgina djeung toean Graaf saroemping, doeanana teu djiga[2] noe anjar pinanggih, estoe dalit tjara goela djeung peueut bae, sapĕrti sobat kĕntĕl noe geus lila. Geus moal salah deui noe ngadjadikeun roemakĕtna eta doea djĕlĕma teh, lantaran kadaharan noe ngeunah djeung inoeman kĕras. Ti barang kareta api indit nĕpi ka Mechelen, teu eureun[2] njonja Georgina djeung toean Graaf salasaoeran. Njonja Georgina aja dina kaboengahan. Tapi sanadjan kitoe, teu kantoen ari ngaloearkeun kasaoeran anoe matak pikanjĕrieun batoer mah.

Ti waktoe koering djeung njonja Georgina ninggalkeun Ostende,

eta Graaf kawas noe koerang sĕnang, mangsalĕmpangkeun, bisi koering djeung njonja Georgina koedoe pindah kareta.

Sababaraha kali koe koering ditĕrangkeun ka andjeunna, jen koering djeung njonja Georgina teu koedoe pindah kareta, sabab di Ostende geus meuli kartjis tĕroes ka Djĕrman, tatapi eta toean teu pĕrtjantĕneun roepana. Andjeunna hantĕm bae madoean, madjarkeun atoeran kareta api di Belgie teu aja tjĕkĕleunana. Toeroeg[2] lalampahan toean Graaf waktoe di Ostende, koe koering atjan dioendjoekkeun ka njonja Georgina.

„Nona oelah bĕndoe." saoer toean Graaf ka koering „emoetan koering nona tatjan pati paham kana atoeran kareta api di dieu. Pagawe kareta api di dieu geus biasa sok njarita: „Ieu kareta disadiakeun keur nona." tapi di tĕngah djalan ngadadak ka nona nitah pindah kana kareta api sedjen."

Ngadangoe kitoe, toeloej njonja Georgina sasaoeran, njarioskeun jen andjeunna geus mindĕng pisan dibarobodo koe pagawe kareta api; waktoe andjeunna angkat ka Italie, sababaraha hidji pĕtina leungit dipaling. Geus kitoe andjeunna njarioskeun kareta api noe katjida aloesna, sarta tjoekoep parabotna, make randjang katil, pangdioekan, tĕmpat dahar sagala. Eta oge pagawena mah bangsat woengkoel, saoer njonja Georgina mah.

Waktoe kareta api datang ka Mechelen, koering naros ka conducteur, naha koedoe pindah kareta atawa hĕnteu. Djawabna eta conducteur: „Sing sĕnang[2] bae tjalik, moal lila oge kareta indit."

Tapi toean Graaf roepana teu pĕrtjantĕneun, andjeunna loengsoer njampeurkeun ka pagawe kareta api noe djaoeh ti tĕmpat koering, teu lila soemping deui sarta goegoep, saoerna: „Lĕrĕs saomong abdi tadi. Pagawe kareta api noe koerang adjar, ngagelokeun ka oerang. Ieu kareta api moal tĕras ka Djĕrman. Njonja kĕdah enggal ngalih kana kareta api noe , itoe." bari noendjoek.

Koering tĕrang pisan jen toean Graaf kaliroe, koe koering dioendjoekkeun ka andjeunna. Tapi njonja Georgina sasaoeran kieu: „Omongan maneh noe salah, Louise! Toean Graaf leuwih oeninga ti batan maneh! Geuwat oerang toeroen! Geuwat, geuwat bawaan barang[2]! Gantjang, Louise, gantjang!! Karana tereh indit!"

Teu lila toeloej koering djeung njonja Georgina naek kana

kareta api noe ditoedoehkeun koe toean Graaf, koering tĕrang, eta kareta api djalan Amsterdam — Brussel — Parijs. Tapi koering teu loba tjarita, toean Graaf enggal naek kana kareta kĕlas hidji, ladjĕng andjeunna mereskeun barang[2] kagoengan njonja Georgina. Ti dinja andjeunna loengsoer deui, mariksa ka conducteur. Ari geus kitoe andjeunna loempat, kana kareta noe ditoempakan koe koering djeung njonja Georgina, bari ngalahir: „Moegi njonja kĕrsa ngahapoentĕn ka abdi, margi abdi lĕpat, nĕmbe ajeuna abdi tĕrang, djadi nona noe lĕrĕs, oerang kĕdah wangsoel deui kana kareta api noe tadi."

Sanadjan koering ripoeh, maksakeun maneh ngomong: „Sanes abdi tadi parantos njanggĕm?"

Njonja Georgina keur bĕndoe djeung geugeumeueun, kareta api ngaheong indit ti Mechelen. Dina waktoe harita, njonja Georgina lali maparinkeun pĕpĕten ĕmas-intĕnna ka eta Graaf. Masih kadeuleu keneh koe koering, pĕtana eta bangsat noe ngakoe[2] Graaf, mikeun eta pĕpĕten ka djĕlĕma noe roedin tea, noe moeranteng dina kareta api, noe indit ka Parijs. Harita kadenge koe koering, njonja Georgina nangis midangdam sapĕrti indoeng njanghareupan anakna gĕring pajah, toeroeg[2] nĕpi ka hanteuna: „Ĕh Louise, koemaha teuing ĕmas-intĕn kami lapoer!"

„Pĕrkawis eta, njonja, ĕntong dianggo manah," djawab koering, bari ngalĕlĕdjar manahna, sabab andjeunna rek loentjat tina kareta api ka handap „noe dibadog koe eta bangsat wadah roti, sanes ĕmas intĕn, eta wadah roti koe abdi diboengkoes koe boengkoes ĕmas intĕn. Mangga ieu pĕpĕten ĕmas-intĕn sarĕng eusina, njanggakeun." Bawaning koe soeka manah, eta pĕpĕten nĕpi ka ditimang tjara nimang boedak.

Sakoemaha gĕdena kaboengahanana njonja Georgina, koering teu bisa nĕrangkeun di dieu.

Eta pĕpĕten ĕmas-intĕn dirontok koe njonja Georgina, bari mariksa ka koering: „Koemaha noe matak maneh bisa mageuhan ieu pĕpĕten, teu karĕboet koe eta bangsat?"

„Teu kintĕn gampilna," djawab koering „ngawitan ti Ostende keneh abdi parantos njangka, jen eta bangsat bade ngabadog ĕmas-intĕn njonja. Margi aja batoerna saoerang, tjitjing di kĕlas doea. Waktos tadi njonja keur toeang sarĕng manehna, koe abdi boengkoes eta pĕpĕten diboeka dianggo moengkoes wadah roti

kagoengan njonja, djadi eta bangsat teh maling wadah roti. Manawi keun bae. Tetala pisan eta djĕlĕma teh bangsat gĕrotan. Ajeuna njonja kĕdah enggal sasaoeran ka conducteur, njarioskeun lalampahan eta bangsat, soepados ĕngke di sĕtatsion noe tjakĕt manehna ditoeroenkeun. Tangtos ĕngke eta conducteur ngĕtok kawat, nitah nangkĕp eta bangsat. Koe abdi parantos dititenan dĕdĕganana, djadi gampil nangkĕpna."

Teu kira[2] njonja Georgina boengaheunana, bari ngamboeng kana poendoek koering andjeunna sasaoeran: „Louise, anaking, nja maneh landjang noe pangpintĕr-pintĕrna di doenja. Saha noe rek njangka, geura, ka djĕlĕma noe sakitoe pantĕsna toer pintĕr, jen teu beunang dipĕrtjaja. Koemaha pilampaheun kami, lamoen kami datang ka Schlangenbad teu boga ĕmas-intĕn ieu?"

BAGIAN KA II.

PAGAWE OETOESAN NOE KOEMAKI.

Kawasna nipoe djeung ngabobodo teh geus didjieun pakasaban koe djělěma noe ngakoekeun graaf teh, boektina sababaraha kali koering djeung njonja Georgina ngětok kawat ti Leuwen, pikeun nĕrangkeun roepa djeung dĕdĕganana eta bangsat, tapi teu aja pisan mangpa'atna. Di Brussel kabeh panoempang[2] noe baris tĕroes ka Parijs dipariksa heula koe poelisi. Tapi teu aja hidji djělěma noe saroepa roepana djeung noe ditĕrangkeun dina tělĕgram njonja Georgina. Tangtoe bae eta bangsat teh geuwat ngaganti papakean, dina waktoe kareta api keur leumpang. Manehna tangtoe make koemis palsoe, lain koemis saĕnjana.

Nĕpi ka Keulen, teu eureun[2] njonja Georgina moedji ka koering. Isoekna isoek[2] ĕntas moemoeloek, waktoe rek indit ka Schlangenbad, njonja Georgina soemping ka kamar koering, bari njandak soerat „tjek" pangadjina saratoes doea poeloeh roepia, toeloej dipaparinkeun ka koering, lahirna: „Heh, ieu tampanan, anaking!"

Barang eta soerat „tjek" koe koering geus diilikan, toeloej koering oendjoekan: „Njonja! roepina njonja lĕpat panggalih, sarĕng njonja lali, jen abdi teh djělěma pantĕs."

„Ah hĕnteu, anaking." saoerna „Wawanen djeung kasatiaan maneh, lipĕt sapoeloeh kali ieu." bari ngamboeng kana poendoek koering „Nja wawanen maneh noe koe kami diadjenan. Lamoen kami njaho, jen maneh noekeurkeun wadah roti kana pĕpĕten ĕmas-intĕn kami, tangtoe maneh koe kami disangka rek maling eta barang."

„Abdi oge gadoeh emoetan kitoe teh," tjek koering „nanging dina pĕrkawis noe saroepi eta, wadjib abdi ngalampahkeun kitoe, margi parantos tĕrang pisan, jen eta Graaf bade ngabadog ĕmas-intĕn kagoengan njonja."

„Koe sabab eta, wadjib maneh nampa ieu pamoelang tarima ti kami, loemajan." saoer njonja Georgina bari maparinkeun eta soerat tjek ka koering.

Teu kalawan dipikir pandjang deui, toeloej koe koering eta pangasih ditolak bae. Omong koering: „Abdi tĕrang pisan jen njonja sae manah. Nanging hate abdi njarek teu kenging nampi eta soerat tjek, tobat sanes pisan abdi nampik kana pangasih. Awewe anoe kenging atikan sae moal ngadjĕng[2] kana boeroehan tina lampahna anoe lĕmpĕng bĕnĕr. Dina waktos ieu njonja djadi doenoengan abdi; sagala pĕrkawis noe parantos dilampahkeun koe abdi, taja sanes moeng kawadjiban abdi, noe djadi landjang."

Dina rarajana katara jen andjeunna teu raoseun. Eta soerat tjek disosoĕh hareupeun koering, saoerna: „Koema' dinja, Louise! sarerea ge pada njaho, jen maneh anak Tom Cayley, kalakoean bapa maneh ge sok loba noe mahiwal."

Koe lantaran koering ĕmboeng nampa eta tjek, koe koering karasa, jen njonja Georgina ka koering beuki tambah ngadjenan.

Waktoe keur di djalan, ti Keulen ka Eltvelle djeung ka Schlangenbad, mindĕng pisan njonja Georgina njoesahkeun ka koering.

„Tjing tendjo," saoerna „sabaraha di dieu hargana doeit Inggris?

Mindĕng pisan kami poho. Sok kaliroe keneh bae ari noekeurkeun doeit Inggris kana doeit Djĕrman teh. Ti baheula teu daekeun bisa bae. Ari anoe matak kaliroe, eta anoe mistina dibagi doeawĕlas, bĕt di Djĕrman mah dibagi sapoeloeh. Koe naon noe matak oerang tanah darat ngan mawa karĕp sorangan bae, hĕnteu daek make doeit pond [1]), tjara oerang Inggris? Teu ngarti kami mah koe lalampahanana. Maranehanana pohara sarakahna, karĕpna ngan rek ngoempoelkeun doeit ĕmas Inggris bae. Djeung naha deui, bĕt doeit noe geus ditarima teh tara dikaloearkeun deui? Djeung oepami oerang noekeurkeun doeit Inggris di dieu, tangtoe oerang roegi! Djělěma[2] noe naloekeuran doeit teh, salawasna motong sapoeloeh centimes [2]). Koemaha pikiran maneh tina eta pĕrkara? Kami mah katjida teu rĕsĕpna ka oerang Djĕrman teh.

Hĕnteu, Louise; kami ĕmboeng djalan tjai, teu hajang balajar di waloengan Rijn; ngewa kami mah kana kapal[2] waloengan Rijn teh. Daek kami balajar, lamoen aja tĕmpat anoe pangăloes-aloesna,

---

[1]) Hidji pond doeit ĕmas = 12 roepia.
[2]) Centimes = ½ sen.

sarta dilarang teu meunang aja bangsa sedjen noe asoep; komo oerang Djĕrman, teu meunang pisan."

Dina hidji poë isoek², langit lenglang hĕnteu aja pihoedjaneun, njonja Georgina goemoedjĕng deui lantaran andjeunna mĕndak kabingahan. „Oepama maranehanana daratang ka tanah Inggris," lahirna „taja lian maksoedna ngan rek mojok kaajaan nagara bae. Tjek kami mah, lamoen aja djĕlĕma noe mojok ka tĕmpat noe keur diandjrĕkan atawa disaba leuwih hade eta djĕlĕma ngadjarĕdog bae di lĕmboerna sorangan.

Ah, babi, toeh! Mani gila nendjona ge kami mah. O, ĕntong salĕmpang Louise, kadjeun teuing masing kadarengeëun oge omongan kami. Oerang Djĕrman ajeuna loba noe dialadjar basa Inggris, sabab pĕrloe pikeun padagang-padagang galĕde; ngarti maneh ajeuna? Tah kitoe sababna, noe matak maranehanana bisa ngelehkeun dagangan oerang, di mana² soedagar Djĕrman mah koedoe meunang bae; koe sabab eta pĕrloe pisan oerang Djĕrman njarahoëun koemaha pikiran batoer hal maranehanana; maksoed kami noe disĕboet „batoer²" teh, djĕlĕma-djĕlĕma noe bĕrboedi. Lain oerang Djĕrman deui; oerang Djĕrman mah masih keneh biadab, tatjan kapandjingan elmoe."

Oentoeng koering djeung njonja Georgina bisa datang ka Schlangenbad masih keneh hiroep oge. Koering mindĕng pisan boga pikiran kieu: boa² ĕngke di djalan aing djeung njonja Georgina aja noe maehan, lantaran njonja Georgina langsoeng-saoer bahe-tjarek teuing. Di Schlangenbad, koering djeung njonja Georgina, noempang di hidji hotel noe pangäloes-aloesna di dinja. Tangtoe bae njonja Georgina linggihna dina hidji kamar noe pangäloesna, di eta hotel. Kitoe deui koering oge dipangnjewakeun hidji kamar noe katjida pisan aloesna, djeung koering koe andjeunna, dianggap sapĕrti tamoena bae, hĕnteu dianggap sapĕrti boedjang atawa baboe. Ari lantaranana, doemeh koering hĕnteu daek nampanan doeit saratoes doea poeloeh roepia tea, andjeunna beuki tambah² bae ngadjenanana ka koering. Oepama aja sobat² andjeunna noe nĕpangan, koering koe andjeunna diwawoehkeun. Djeung koe andjeunna ditjarioskeun, jen koering teh sobat andjeunna, ari pang datang ka dieu baris njarĕngan andjeunna bae.

Andjeunna geus moepakat djeung koering, baris maparin gadjih

ka koering doea poeloeh opat roepia saminggoe, djaba dahar djeung kapĕrloean sapopoëna.

Dina poëan kahidji isoek², di Schlangenbad, njonja Georgina nganggo panganggo anggoan istri noe masih anom. Sanggeus andjeunna nganggo kitoe, ladjĕng angkat ka pamandian noe aja di eta tĕmpat. Kakara koering meunang bedja jen eta pamandian, kasiatna matak aloes koelit. Katjida koering heranna, naon maksoedna njonja Georgina pang angkat ka dinja, karana raraj andjeunna hĕnteu aja koetjiwana, beunang disĕboet andjeunna teh djĕlĕma geulis. Djeung deui, tjĕnah eta pamandian bisa njageurkeun djĕlĕma noe boga panjakit gĕde ambĕk. Tapi njonja Georgina geus lima wĕlas taoen lilana, sok ngadon siram di dinja bĕt sakitoe tjerewedna djeung sakitoe gĕde ambĕkna. Siga naon ambĕkna meureun lamoen tara siram ka dinja. Djaba ti dipake oebar, eta tjai dipake oge marandi koe oerang dinja.

„Maneh mah teu pĕrloe mandi di dieu, Louise," saoer njonja Georgina bari imoet.

Di djĕro ati, eta kasaoeran njonja Georgina kitoe, koe koering dibĕnĕrkeun; karana koering roemasa, koe Goesti Allah geus dipaparin patoet meudjeuhna. Tapi koe sabab koering ingĕt kana paribasa: „tjiri saboemi, tjara sadesa," atawa „pindah tjai, pindah tampian," nja teu boeroeng koering mandi di dinja, sakadar pikeun ngasaan bae, oelah datang ka kawaranan. Koering mandi di dinja teu ngarasa ngeunah meueus-meueus atjan; eta tjai sĕmoe loenjoe kawas minjakan. Kabĕnĕran koering teu boedoeg. Lamoen koering boedoeg mah, tangtoe panjkit koering meureun kantjeuh.

Dina sapoë eta koering djeung njonja Georgina ngan oedar-idĕr bae; oenggal² pamandian di tanah Djĕrman, make djalan paranti pĕlĕsiran; rĕsĕp pisan nendjo djĕlĕma² noe pĕlĕsiran atawa oerang dilaladjoan koe batoer. Schlangenbad hawana katjida aloesna. Kabĕnĕran harita koering djeung njonja Georgina toempak kareta gĕde, pĕlĕsiran toeroen goenoeng oenggah goenoeng. Ajeuna koering njaho, jen di oenggal² pamandian lolobana ngan bangsa njonja² bae; pang eta njonja² saroemping ka dinja, tjĕnah noeroetkeun parentah doktor, tatapi geus kadjoedi koe koering, ari noe saĕnja-ĕnjana mah maksoedna eta njonja² teh, taja lian ngan paralaj tambah geulis. Eta njonja² noe ngaradon siram ka dinja teh, koe koering dibagi doea bagian: noe sabagian roepana

meudjeuhna, ari noe sabagian deui gareulis. Taksiran bae, soepaja kageulisanana eta njonja[2] oelah tereh oedar, noe matak arandjeunna katjida garĕtolna sariram di dinja teh. Taja lian ngan hate dir noe matak arandjeunna kararĕsa karikitoean teh. Di antara toean[2] noe saroemping ka dinja, aja oge noe ngadon lalandong, sapĕrti: ngalandongan raheut djeung djaba ti eta. Tapi loba toean[2] noe sarehat soemping ngadon siram sapoetra-garwa.

Koering heran koe tingkah-polahna njonja Georgina, sabab di oenggal-oenggal pamandian sok oelak-ilik kawas noe ngintip, atawa aja barang noe diteangan. Katja-sotjana noe dipinggiran koe pĕnjoe, teu kantoen, diaanggo bae; eta kalakoean, matak ngahinakan kana kamenakan, sabab sakoer toean[2] noe papanggih djeung andjeunna, teu aja noe kĕrsaeun ngahormat ka andjeunna. Tangtoe bae, koering api[2] teu njaho tina ieu pĕrkara. Barang koering djeung njonja Georgina geus meunang sapoë di dinja, dina hidji waktoe koering djeung njonja Georgina ngalantoeng ka hidji loeloeroeng.

„Ah, tĕmpat teh koe kotor, Louise." saoer njonja Georgina.

Hirita koering nendjo hidji nonoman ngaliwat di sisi djalan. Rarajna bĕrĕsih, nandakeun jen eta djĕlĕma hade hate; sarta kasep katjida. Barang eta djĕlĕma ningali ka koering djeung ka njonja Georgina, toeloej eta nonoman njimpang kana djalan sedjen, lĕsbae teu katembong deui koe koering. Sanadjan eta djĕlĕma geus teu katembong, tapi kakasepanana masih katjipta keneh koe koering. Kitoe deui tingkah-polahna estoening tingkah polah menak, masih ngalangkang keneh bae dina panon koering.

Tapi teu sabaraha lilana ti harita, koering nendjo deui tiloe nonoman keur tjaralik di waroeng inoeman, bari ngalaleueut anggoer, koemaha adat biasa oerang dinja. Di antara eta noe tiloean, noe saoerang keur njĕsĕp, soeroetoena ditjapit koe ramona, katembong ramona marĕtjoet kawas poetjoek eurih, katjida matak narikna kana hate koering. Tapi barang eta djĕlĕma ngareret ka koering, toeloej njalindoeng ka handapeun medja, api[2] rek barang tjokot. Koering katjida heranna, bari ngomong di djĕro hate: „Naon sababna noe matak eta djĕlĕma njoempoet barang manehna nendjo ka aing? Naha moal toean Graaf noe rek maling ĕmasintĕn njonja Georgina, kitoe?"

Hidji pĕrkara noe katjida anehna, naon sababna noe matak aja djĕlĕma noe sieuneun kapanggih koe koering.

Sorena, sanggeus dahar tĕngah poë, njonja Georgina noe tjerewed teh sasaoeran: „Eh, naon sababna noe matak si Harold nĕpi ka ajeuna atjan nembongan ka kami? Kapan manehna njaho, jen kami aja di dieu, malah oetoesan Inggris oge geus njarita, jen si Harold baris datang ka dieu."

„Saha Harold teh?" tjek koering.

„Anak doeloer kami," saoer njonja Georgina, bari malangkeun kĕpĕt kana medja, nandakeun andjeunna bĕndoe „Kadjaba ti kami pribadi, ngan manehna antero baraja kami noe lain toekang bohong. Lain, lain, si Harold lain toekang bohong! Manehna ajeuna di gawe djeung oetoesan Inggris di Ĕroem, tapi teu digadjih."

Harita keneh pikiran koering diboekakeun koe Noe Maha Soetji, toeloej koering ngadjawab: „Toean Harold, poetra saderek njonja ajeuna aja di dieu. Tadi koe abdi katingal."

Eta njonja sĕpoeh mĕntjrong ka koering, kawas noe palaj oeninga kana hate koering, tjara noedjoem, noe bisa nganjahokeun hate batoer; andjeunna njangka, jen koering geus pasini djeung toean Harold, soepaja koering bisa kadjodokeun ka toean Harold. Koe koering toeloej dipĕntjrong deui rarajna, bari teu ngitjeup[2]; toeloej andjeunna mariksa: „Koemaha noe matak maneh njaho, jen si Harold aja di dieu?"

Oepama koering rek satarabasna, tangtoe koering koedoe ngomong kieu: „Noe mawi abdi tĕrang jen andjeunna aja di dieu, margi tadi abdi ningal hidji nonoman, noe soesoeloempoetan sieuneun pĕndak sarĕng njonja. Sarĕng oepami jaktos eta poetra saderek njonja baris nampi warisan ti njonja, abdi pĕrtjantĕn jen andjeunna satiasa-tiasa bade njoempoetan njonja." Tapi lamoen koering ngomong kitoe, tangtoe njonja Georgina bĕndoe, djeung toean Harold moal salah deui dibĕndoean; saha noe njaho, boa[2] bĕndoena teu kira[2]. Oentoeng koering gantjang manggih piekoleun, pikeun ngadjawab eta pamariksa, kieu djawab koering teh: „Moeng dikintĕn-kintĕn bae, jen abdi parantos tĕpang sarĕng andjeunna, margi tadi endjing[2], abdi ningal hidji nonoman dina hidji kampoeng noe kalangkoeng koe oerang, rarajna sarimbag pisan sarĕng raraj njonja. Barang njonja njĕbatkeun poetra saderek njonja bade soemping ka dieu, abdi emoet ka dinja. Salirana lĕndjang; sotjana

tjoereuleuk, sarĕng roembahna galing, tjara koemis oerang Wetan."

„Bĕnĕr, nja eta si Harold, boedak bangor teh. Naon sababna noe matak manehna ĕlat nĕpoengan ka kami?" djawab njonja kolot noe tjerewed teh.

Koering ngomong sadjĕroning ati: „Aing njaho sababna noe matak toean Harold teu kĕrsaeun nĕpangan njonja Georgina," tapi koering tjitjing bae, sabab ingĕt ka saoer sĕpoeh: „Hade tjitjing manan ngomong. Mangka 'de kalangsoe saoer bisi tisoledat letah."

Toeroeg² koering heran, naon sababna noe matak tadi koering boga pikiran, jen eta nonoman pangna soesoeloempoetan teh sieuneun kapanggih koe koering, doemeh koering mah tjatjah; ari njonja Georgina mah hidji istri bangsa menak. Ajeuna mah kaharti, tetela jen eta nonoman pangna soesoeloempoetan teh, sieuneun katingalieun koe njonja Georgina.

Doemadakan koering aja pikir hajang noeloengan toean Harold, toeloej koering ngawoedjoek njonja Georgina: „Manawi andjeunna teu oeningaeun, di hotel mana njonja nja linggih. Atanapi tiasa djadi oge, teu atjan oeningaeun, jen njonja parantos soemping ka dieu."

„Teu njahoëun pamatoehan kami? Moal ĕnja; tangtoe njahoëun, jen kami saban² moesin panas, tangtoe datang ka dieu, dina waktoe noe koe kami geus ditangtoekeun, djeung oenggal² kami datang ka dieu, salilana tangtoe noempang di hotel ieu. Oepama manehna disĕboet teu njahoëun mah, asa pirakoe, sabab euweuh deui hotel noe pangäloes-aloesna di dieu, djaba ti ieu.

Ah, naha saban isoek ajeuna mah sok disoegoehan kopi teu ngeunah bae, di dieu teh. Daging, nja kitoe daging goreng. Memang di Djĕrman mah ongkoh salawasna sok kitoe.

Si Harold boedak teu boga panarima; keun sia koe aing nadjan datang 'ge ĕngke, moal diakoe."

Sanadjan njonja Georgina geus sasaoeran kitoe, tapi isoekna, koering koedoe ngiring andjeunna neangan toean Harold.

Mimitina mah njonja Georgina miwarangan djongos hotel bae, neangan toean Harold ka oenggal hotel noe aja di Schlangenbad, koe lantaran teu kapanggih, nja kapaksa diteangan koe andjeun.

Toengtoengna toean Harold kapanggih di hidji goenoeng, kawasna njonja Georgina ngaraos koerang diadjenan koe toean Harold, andjeunna mariksa: „Harold, naon sababna noe matak

maneh soesoeloempoetan, kawas noe ĕmboeng papanggih djeung kami?"

„Noen iboe, tobat teu pisan² abdi soesoeloempoetan! Pirakoe! Abdi teu tĕrang, jen iboe parantos soemping! Karah iboe teh parantos aja di dieu? Iraha iboe teh soemping? Naha iboe teh bĕt asa anom keneh bae. Ah jaktos iboe mah awet anom." Ngadangoe djawab toean Harold kitoe, njonja Georgina noe tadina rek bĕndoe satakĕr tanaga teh, manahna rada lĕdjar, rarajna rada marahmaj.

Toean Harold ningali ka koering, kawas djĕlĕma noe moendoet toeloeng, lamoen pok mah meureun kieu: „Nona, poma oelah seueur saoer!" Koering toengkoel bari mere isarah, jen moal pisan dioendjoekkeun ka njonja.

„Soekoer," saoer njonja Georgina, sasaoeranana sareh deui, lantaran dipoedji. Kawasna toean Harold geus paham pisan, jen njonja Georgina rĕsĕp dioegoeng.

„Nja sangora-ngorana kolot bae, noe sapantar djeung kami; ajeuna geus loba noe karasa, babakoena intjok, panjakit toetoeroenan ti karoehoen oerang. Tapi naon sababna noe matak maneh talangke nĕpoengan ka kami?"

„Koemaha abdi pitiasaeun nĕpangan ka iboe, oepami iboe teu maparin tĕrang ka abdi, di mana iboe nja linggih? Alamat iboe noe abdi tĕrang, moeng: Lady Georgina Fawley di Eropa."

Soarana eta nonoman matak dedengeëun noe ngadenge, pantĕs pisan bĕndoena njonja Georgina beuki koerang. Toeloej koering djeung toean Harold diwawoehkeun koe njonja Georgina, saoer njonja Georgina: „Nona Cayley, ieu anak doeloer kaoela, ngaranna Harold Tillington. Geuning bareto maneh lain mindĕng njaritakeun Tom Cayley, Harold? Tah nja ieu anakna."

„Teu kintĕn abdi bingahna, diparĕngkeun tiasa wawoeh sarĕng nona," saoer toean Harold.

„Harold, kawasna maneh mah geus poho deui kana tjarita kami pĕrkara toean Kapitan Cayley."

„Iboe" saoerna bari pĕpĕta koe panangan, ka njonja Georgina „Koemaha abdi bade tiasa emoet ka saoerang-oerangna, da iboe mah koe sĕring njarioskeun hal sobat² iboe teh, ieu oge Kapitan Cayley abdi hilap deui. Doepi Kapitan Cayley teh saha? Nanging oepami iboe parantos njarioskeun poetrana mah, pamohalan pisan

abdi hilap deui!" Bari sasaoeran kitoe andjeunna dongko di hareupeun koering.

Njonja tjerewed teh neuteup ka Harold. Ari geus kitoe toeloej ningali ka koering. Anoe pikakeuheuleun teh, eta koe karasa pisan koe koering, beungeut asa direrab, tangtoe beureum meureun harita beungeut koering.

„Sobat iboe atanapi tamoe iboe, ieu nona teh?" saoer toean Harold.

„Ah lain, dibawa bae koe kami, pikeun ngabatoeran." saoer njonja Georgina. Tah eta kasaoeran, noe mimiti matak njëri, kana hate koering.

„Euh, atoeh langkoeng² ti sobat, ieu mah kapërtjantënan iboe, sanes?" saoer toean Harold; kawasna sabisa-bisa andjeunna palaj ngalëlëmoe hate koering.

Geus kitoe toeloej koering tiloean djalan², ngaliwat kana djalan leutik, rësik djeung ioeh, sabab toeroet sisina, dipëlakan kakaian, daoenna tarëpoeng njaoengan djalan. Harita koe koering kakara kanjahoan, jen toean Tillington teh nadjan panganggona loehoer oge, sihoreng djëlëma pikaloetjoeëun pisan, iasa nakër tjarios djeung loba pisan kaoeningana saboeana Eropa geus katintjak kabeh, dongengna bab kota Ëroem djeung kaajaan djëlëmana, matak rësëp pisan. Waktoe koering keur dioek dina bangkoe, ngareureuhkeun tjape di handapeun tangkal kai noe ngaroenggoenoek, lah! ari ingët ka dinja sok waraas, toean Harold ngaboeih bae ngobrol, njarioskeun paměndakna, datang ka koering boga sangkaan, geus loba nagara² noe didjadjah djeung roepa² bangsa sakoer noe geus kapëndak koe andjeunna. Djeung deui andjeunna teh, lain ngan paham roepa² elmoe bae, tapi oeninga oge deui kana roepa² pëpëlakan. Waktoe koering sarerea rek balik ka hotel, Njonja Georgina sasaoeran: „Harold, tangtoe ëngke maneh mërloekeun pindah ka hotel noe ditjitjingan koe kami."

„Kantënan pisan, iboe." saoer toean Harold.

Ngadangoe kasaoeran toean Harold kitoe, Njonja Georgina ngareret ka koering, kapalajna kawasna, toean Harold oelah ngalih ka hotel andjeunna. „O, djadi maneh teh noeroet kahajang kami." saoerna bari këtjoet.

„Kantënan bae, iboe. Abdi teu kintën noehoenna kana kasaean

manah iboe. Sarëng tangtos abdi bade enggal pindah ka hotel noe dilinggihan koe iboe."

Njonja Georgina ningali deui ka koering. Koering tërang pisan jen manahna njonja Georgina teu rësëpeun ka koering, doemeh koering sok ngadjawab pananjana toean Tilington sok bari balagondjang tjara ka sasama. Djeung deui, koering ngarasa sarta roemasa, jen koering djadi baboe, teu pantës ngadjawab pamariksana poetra saderek njonja Georgina, hidji menak, koe omongan balagondjang, tjoemonggah tjara ka sasama. Soepaja oelah katëtëroesan rëngat manahna njonja Georgina, toeloej koering ngomong kieu: „Manawi toean Tillington kerësa ngantosan saminggoe deui, oelah waka ngalih ka dieu. Margi seep minggoe ieu abdi bade mios; djadi toean iasa ngalinggihan kamar oeroet abdi. Langkoeng sae kitoe, sanes?"

Toean Tillington ngareret ka koering, rarajna pias, kawasna andjeunna rada handjakal, doemeh koering ngomong kitoe, toeloej andjeunna sasaoeran: „Ngan bade saminggoe bae nona tjalik di dieu teh?"

„Soemoehoen, moeng saminggoe ieu bae." djawab koering.

„Aeh-aeh ari Louise," saoer njonja Georgina „naha maneh make ngan rek saminggoe bae di dieu teh? Koemaha nja pipëtaeun kami lamoen maneh ngan rek saminggoe mah di dieu?"

Djawab koering: „Kapan ti kapoengkoer oge abdi moeng sanggëm saminggoe, sanes? Naha njonja sanes bade ngilari landjang Gretschen? Toean Tillington, manawi toean oeninga, di mana goedangna tëmpat landjang Gretschen teh?"

„Amboeing, doeka, hënteu tërang" djawabna bari goemoedjëng „ari anoe balageur mah. Koering sanggoep keneh neangan gagak bodas manan këdah neangan landjang Gretchen noe bageur."

„Djadi maneh teh rek gantjang pindah ka dieu, Harold?" saoer njonja Georgina.

„Tangtos bae iboe! Sakëdap deui ge abdi bade beberes. Soemawontën, kapan ieu nona Louise moeng saminggoe deui sasarënganana sarëng oerang."

Ngadangoe djawab toean Tillington kitoe, beuki haseum bae boedina Njonja Georgina.

Sanggeus mandi koering sarerea tëroes moelang ka hotel; barang datang ka hotel, teu lila aja djongos hotel noe ngadeuheus

ka njonja Georgina, bari oendjoekan „Oendjoek oeninga poetra, Toean Tillington parantos ngalih ka dieu, bieu pisan. Doepi kamarna ngarendeng sarĕng kamar padoeka njonja."

Barang njonja Georgina ngadangoe pioendjoek djongos hotel kitoe rarajna pias, kawasna andjeunna katjida timboeroeanana ka koering.

Teu sabaraha lilana ti waktoe harita, koering tĕpoeng deui djeung toean Tillington di kĕbon kĕmbang. Barang ret ge andjeunna ningali ka koering, gantjang bae loempat moro ka koering, topina teu dianggo, ditjĕpĕng bae, bari sasaoeran: „O, nona Cayley! Abdi teu tiasa njarioskeun, sakoemaha ageungna kaboengahan abdi. Noehoen, noehoen, nona teu oendjoekan ka iboe. Istoe abdi beurat njoehoen beurat nanggoeng, beurat narimakeunana. Abdi tĕrang, jen nona kamari parantos doea kali tĕpang sarĕng abdi, nanging abdi gadoeh rasa, tangtos nona moal kĕrĕsa sasaoeran naon[2] ka njonja Georgina."

Djawab koering: „Abdi teu aja pisan emoetan, hajang ngaroeroengsing manahna njonja Georgina."

Bari moentir[2] koemis sĕmoe noe era, sarta kawas rada asa[2], andjeunna sasaoeran deui: „Abdi ..... abdi atoeh abdi kaliroe, pangintĕn teh sanes eta sababna. Abdi gadoeh raos takaboer, jen nona pang ngiloengan kalĕpatan abdi teh, tina hawatos ka abdi."

Tembal koering: „Sadaja djĕlĕma dina ngawitan sok noeroetkeun kahajang hate maneh. Nanging sapalih djĕlĕma aja oge noe lila[2] daek ngarampa hate batoer. Nanging jaktos ketah, sajaktosna mah abdi oge aja deui margi sanes."

Bari goemoedjĕng andjeunna sasaoeran deui: „Sajaktosna abdi teu tĕrang jen oea parantos soemping ka dieu. Emoetan abdi pisoempingeunana ka dieu mĭnggoe pajoen. Margi abdi kenging wartos ti lantjeuk, jen njonja Georgina bĕndoe ka baboena nĕpi ka eta baboe ditoendoeng, djadi andjeunna pisoempingeunana ka dieu baris ĕlat sapoeloeh dintĕn. Sarĕng deui ari jaktosna pisan mah abdi teh endjing bade mios deui ti dieu."

„Sanes toean teh, bade tĕras linggih di dieu?" tjek koering.

Andjeunna neuteup kana beungeut koering, toeloej sasaoeran: „Soemoehoen, nanging oepami katarik koe kapĕrloean, eta paniatan kantĕnan pisan tiasa dirobah."

Djawab koering: „Emoetan abdi mah kirang saena djĕlĕma anoe wani ngarobah paniatan batoer teh."

„Maksoed abdi kieu: abdi diandĕg koe oea di dieu, eta katarikna hate sanes deui pisan, oepami aja istri anoe njarĕngan mah." saoer toean Tillington.

„Euh, ajeuna mah abdi ngartos, oerang tiloean langkoeng oetami manan doeaan." Tjek koering.

Bari ngadangoekeun tjarita koering, andjeunna neuteup bae kana beungeut koering.

„Naha galih nona kaom koena atanapi kaom moeda?"

„Ari raraosan mah kaoem moeda." djawab koering bari naros „Doepi toean kaloearan ti Oxford?"

„Soemoehoen; doepi nona?" saoerna.

„Kaloearan ti Cambridge;" djawab koering „toean ngoelik bab elmoe naon?"

„Elmoe Hakim." djawabna „Doepi nona?"

„Elmoe Hakekat," djawab koering.

Beuki lila beuki gorgar bae koering ngobrol teh, sarta ti harita koering djeung toean Harold tjara djeung sobat dalit bae; toean Harold njaoerkeun jen koering djeung andjeunna pada kaloearan ti sakola loehoer.

Koering kakara njaho harita di dinja, jen lantaran sakola babarĕngan teh matak djadi bibit rasa mimitran. Oentoeng pisan ajeuna geus loba awewe anoe sarakola.

Ti peuting teu eureun[2] koering ngobrol. Njonja Georgina teu eureun[2] mojokan oerang Djĕrman. Mangsa harita andjeunna teu kira[2] ngewaeunana ka oerang Djĕrman.

Waktoe rek sore, koering kaget, reh tara[2] ti sasari njonja Georgina soemping ka kamar koering, tjalik dina randjang, koering ngarti jen andjeunna rek njarioskeun toean Harold.

„Naha maneh geus njaho Louise, jen si Harold ĕngkena baris djadi djĕlĕma beunghar katjida? Geus njaho? Karana manehna noe koedoe nampa warisan ti doeloer kami."

„Warisan ti toean Kynaston?" tjek koering.

„Hih, lain, Louise. Kynaston mah atoeh djĕlĕma miskin pisan; manehna boga tiloe anak lalaki, tapi teu boga banda adjen sagoweng. Moen paeh teh anakna njamos. Ari saĕnjana mah Kynaston mah beunang disĕboetkeun toekang baramaen bae, tapi gin-

ding; kabogana ngan tanah saloewoek, di Essex, kitoe oge taja pisan hasilna; sanadjan oenggal taoen digarap make ongkos loba oge, moebadir; toeroeg[2] eta tanah katoet pĕpĕlakanana geus digadekeun. Kynaston hidji djĕlĕma miskin, koemaha pĕtana rek boga doeit. Ari noe baris mere warisan ka si Harold mah, doeloer kami noe ngaran Marmaduke, manehna hidji djĕlĕma moedjoer teu kira[2]. Mimitina mah manehna teh kitoe bae djadi soedagar leuleutikan, lila[2] daganganana ngagĕdean, dagang saboen djeung dagang soklat, ajeuna manehna geus boga doeit satĕngah malioen pond." (*f* 6000000).

„Euh, jaktos, toean Marmaduke Ashurst."

Njonja Georgina inggoek bari njaoerkeun: „Marmy djĕlĕma boehoen, tapi njaho bae, koemaha akalna soepaja manehna meunang oentoeng."

„Sanes toean Tillington teh poetra saderekna?" tjek koering.

„Ĕnja bĕnĕr, Louise. Naha maneh atjan matja babad, noe nĕrangkeun sadjarahna djeung toeroenan[2] menak di tanah Inggris? Ah, heran katjida, hidji awewe kaloearan ti Girton masih keneh koerang kanjaho. Kami wani toempangan, jen maneh teu njaho asal-moeasalna pradjoerit di Doncaster. Djĕnĕngan loeloehoer kami (karoehoen) nja eta Ashurst. Kynaston nja eta djĕnĕngan hidji menak noe kagoengan gĕlaran Graaf; ngaran kami Lady Georgina Ashurst, samemeh kami kawin ka Evelyn Fawley mah. Ah, ari ingĕt ka dinja naha kami make daek boga salaki ka Evelyn Fawley. Adi kami noe boengsoe gĕlaranana Jonkheer, ari djĕnĕnganana Jonkheer Marmaduke Ashurst; oerang malikan deui hal Kynaston, manehna katjida diparĕboetkeunana koe awewe[2], lantaran arang langka noe boga gĕlaran kitoe. Ari adi kami noe awewe djĕnĕnganana Lady Guinevera Ashurst, tjarogean ka toean Stanley Tillington, njĕpĕng daměl di kantor Papatih loear nagara (Ministerie buitenlandsche zaken). Ari poetrana noe tjikal nja eta Harold. Tah kitoe Louise, ngarti ajeuna maneh?"

Djawab koering: „Ajeuna mah abdi ngartos, margi njonja sami bae sarĕng mangmaoskeun sadjarah ka abdi. Djadi toean Harold teh poetra rai ti toean Tillington."

„Ĕnja; si Harold ĕngkena baris narima warisan ti Marmaduke." saoer njonja Georgina „Ieu pĕrkara geus loba djĕlĕma noe njarahoĕun; koe sabab eta kami salĕmpang, sok sieun si Harold beunang

ditipoe koe djĕlĕma panipoean, atawa kaeurad koe awewe andar[2]. Toeroeg[2] ari si Harold teh leumpeuh-joeni; teu kaop nendjo noe beres[2], sok gantjang bogoh. Eta sababna noe matak koe kami sabeunang-beunang baris didjaring, soepaja oelah tĕpi ka katipoe." Sasaoeranana njonja Georgina bari neuteup kana beungeut koering, tjara toekang noedjoem noe hajang nganjahokeun hate koering; roepana andjeunna mantjing ka koering, naha robah atawa hĕnteu paroman koering sanggeus ngadenge kasaoeran andjeunna kitoe.

Koe koering didjawab koe silib deui: „Pirakoe njonja. Asa tĕtĕbiheun teuing toean Harold dongkap ka kagoda koe istri andar[2]. Teu aja pesĕmon leumpeuh joeni katingalna koe abdi mah."

„Ĕnja, tapi ari awewe andar[2], noe sok daek oentjlang-antjlong teh roepa[2]." saoer eta njonja tjerewed teh bari gogodĕg „Tapi eta mah teu pati dipake karisi.

Kami hajang njaho siga koemaha patoetna eta awewe andar[2] teh, djeung deui naha kira-kirana pibisaeun kawin djeung si Harold teu kalawan idin kami? Ĕngke ge karasa, ĕntong disĕboet kami, lamoen tĕpi ka eta awewe teu gĕring nangtoeng teh!"

„Kantĕnan pisan sakĕrsa gamparan tinĕkanan, oepami ihtiar noe sajaktosna mah" djawab koering.

Ti waktoe harita eta njonja tjerewed teh sok njĕsĕmonan ka koering oepama koering deudeukeutan djeung toean Tillington teh. Babakoena pisan ngintip[2] toean Tillington, sabab sotjana seukeut; tapi koering teu kabeunangan, sanadjan andjeunna sok oentap-intip oge ka koering. Ka mana bae koering djeung toean Harold njaba, koedoe bae ditoetoerkeun koe njonja Georgina; atjan aja lima mĕnit koering leumpang, teu kanjahoan njonja Georgina geus aja di hareupeun koering.

Meureun koe lantaran salawasna njonja Georgina njangka ka koering baris nipoe toean Harold, atawa koe lantaran ditimboeroekeun bae koe eta njonja kolot, atawa soegan mah aja sabab noe sedjen deui, bĕt teu karasa deui lila[2] koering djadi rĕsĕp ka toean Harold teh; andjeunna ge nja kitoe kawasna mah, malah salawasna neangan akal, soepaja andjeunna mindĕng papanggih djeung koering. Djeung oepama andjeunna tjarita djeung koering, tara pisan koemagoengan tjara ka noe sedjen, salawasna handap-asor. Saha[2] noe nendjo pĕtana toean Harold ka koering, tangtoe heran,

nendjo kahandap-asoeranana ka koering beda kabina-bina djeung ka noe sedjen. Mindĕng pisan andjeunna ngadagoan koering di hareupeun gĕdong atawa dina tangga atawa di kĕbon kĕmbang; lamoen koering katingalieun koe andjeunna, gantjang bae andjeunna loempat njampeurkeun ka koering, toeloej koering doeaan djeung andjeunna ngalobrol. Sakapeung mah andjeunna sok mangmatjakeun roepa² tjarita karangan boedjangga noe laloehoeng. Soegan geus adatna awewe mah sok rĕsĕp ari diseutilan koe lalaki teh, tjaraning didongengan noe araloes, atawa dibere barang noe laleutik, boektina karasa koe koering pribadi, bĕt teu lila ti harita beuki tambah² bae katjintaan koering ka andjeunna. Beuki mindĕng koering djeung Harold tjatjampoeran, beuki tambah njonja Georgina sindir-sampirna ka koering, tina bab awewe noe sok daek njanjabaan.

„Katjida kami tjoeana, oepama nendjo parawan noe lain bangsa toeroenan, tapi hajang boga salaki ka menak. Hidji awewe tangtoe daek dihina dirina, asal manehna bisa meunangkeun lalaki noe boga 500 000 pond (6000 000 roepia). Koe sabab eta kami koedoe ati² ngadjaga para nonoman bangsa menak noe masih djadjaka, oelah nĕpi ka kagoda koe awewe anoe kitoe. Noe pangpangna pisan, koedoe didjaga soepaja oelah bisa tjampoer djeung awewe noe geulis, tapi lain menak. Anoe sok njieun koerang adjar teh bangsa parawan² noe meunang pangadjaran keneh bae. Maranehanana wani² ngakoe jen harkatna saroea djeung lalaki."

Geus tetela pisan jen njonja Georgina katjida ngarĕp-ngarĕpna, soepaja koering gantjang njingkah ti andjeunna, bĕnĕr ari tadina mah kapalaj andjeunna koering teh oelah roesoeh njingkah ti andjeunna, sanadjan pĕrdjangdjian koering bareto ngan baris saminggoe ngiring andjeunna.

Gantjang bae njonja Georgina neangan parawan bangsa Gretschen, pigantieun koering.

Koering djeung njonja Georgina datang ka Schlangenbad teh dina poë Salasa, djadi Salasa hareup koering bakal papisah djeung njonja tjerewed teh. Dina poë Ahad pasosore, waktoe panonpoë geus rek soeroep, sarta boelan geus tembong, toeloej koering djalan² sorangan ka hidji pasir noe loba tatangkalanana. Barang koering keur nandjak ka eta pasir, rarasaan teh geus moal gagal deui, jen toean Harold Tillington baris noetoerkeun ka koering.

Pangira koering hĕnteu salah, sabab kakara ge koering djol ka poentjak pasir, geus koeroenjoeng andjeunna ka dinja deuih.

„Naha nona angkat teh enggal-enggalan teuing? Padahal nona teu sabaraha bentĕnna sarĕng abdi angkat teh, ngan oekoer mĕmĕnitan bae, nanging abdi teu tiasa njoesoel, tjatjakan soekoe abdi mah ranggoas."

„Jaktos" djawab koering bari dioek dina bangkoe „kawantos abdi mah toekang nandjak ka goenoeng, toean ge kapan oeninga. Waktos abdi di Cambridge rĕsĕp pisan abdi paparahoean. Djabi eta abdi rĕsĕp toempak kareta mĕsin deui."

„Leuh, estoening bagdja gĕde: djadi parawan Inggris toer djagdjag-waringkas, tjakĕp djeung pintĕr!" saoerna bari sĕmoe heran „nona moal oeninga, sakoemaha gĕdena kabingahan abdi tiasa tĕpang sarĕng hidji parawan bangsa Inggris; margi ti barang abdi ngoembara doea tahoen di tanah Italie, teu pisan patĕpang sarĕng istri Inggris.

Di Italie istri² kenging disĕbatkeun boneka bae maloeloe, taja pangartina; hiroepna soekan² tjara djĕlĕma teh ngan keur parawan keneh bae, kitoe oge tara lami; da oepami maranehanana parantos lakian mah, kĕdah ngadoekdoek bae di dapoer saoemoer-oemoer, doegi ka teu aja waktos pikeun soekan²."

„Ari emoetan abdi mah awewe teh kĕdah rada bĕdas oge saeutik, sarĕng kĕdah gadoeh kapintĕran sawatarana, nadjan ngan rek djadi radja goah oge" djawab koering.

„Ah oelah njĕbatkeun „radja goah" kitoe nona." djawab toean Harold „Oerang Djĕrman noe sok njarĕboet kitoe ka awewe teh. Nanging adat oerang mah, bangsa Inggris, beda katjida djeung oerang Djĕrman teh. Oerang Inggris mah moal aja noe daekeun njĕboet „radja goah" ka awewe. Oerang Inggris, nganggapna ka istri sapĕrti ka hidji sobat noe kameumeut noe njampoernakeun hiroep lalaki. Jaktos nona Caeley, doegi ka maroeringkak boeloe poendoek, oepami ngoepingkeun para nonoman bangsa Djĕrman, noe dialadjar di sakola loehoer, njaritakeun papatjanganana. Eta nona² noe gareulis teh koe maranehanana istoening dianggap boneka; niat maranehanana, lamoen manehna geus kawin, taja lian pagawean pamadjikanana noe geulis teh, ngan poerah bĕbĕtĕk di dapoer, olah² njadiakeun salakina, sarĕng mangnjieunkeun kaos

salakina, doegi ka kolot, doegi ka teu tiasa deui ngapoet djalaran parantos teu awas kana liang djaroem."

- „Roepina toean saadat sarĕng iboe, njonja Georgina, ahli mojok bangsa sanes." djawab koering, ngabanjolan ka andjeunna, bari koe koering diteuteup rarajna.

„Ah hĕnteu," djawabna „moegi abdi oelah dipaparinan pondok pikiran, sapĕrtos oea abdi. Jaktos pisan oenggal[2] bangsa bentĕn adat bentĕn tabe'at, kitoe deui karĕsĕpna. Nanging pĕrkawis adat laki-rabi, moal aja di doenja noe langkoeng sae ti batan oerang Inggris."

Sabot andjeunna sasaoeran, koering njieun sasamangkaan dina taneuh koe tjongo pajoeng. Djawab koering: „Tina pĕrkawis eta abdi teu tiasa ngiring tjarios, margi tangtos timbangan abdi kirang adil, moal boa loba ngaloeskeunana kana adat Inggris, kawantos abdi oerang Inggris."

„Nona mah sok njindiran." saoerna.

„Ah sanes njindiran." djawab koering bari njieun deui sasamangkaan noe leuwih gĕde „Sajaktosna pisan kitoe, timbangan abdi tangtos moal adil, tinangtos kabantoen-bantoen koe rasa kabangsaan. Nanging oepami toean teu rĕsĕp ka istri[2] oerang Djĕrman, naha anoe koemaha anoe dipikarĕsĕp koe toean?"

Mimiti andjeunna neuteup kana beungeut koering, kawas noe hamham, kitoeh. Geus kitoe labĕjna ĕmboet, toeloej ngadjawab: „Karĕsĕp abdi? — Palaj oeninga karĕsĕp abdi nona teh? Sanes nona njandak eunteung alit?"

Tangtoe bae koering seuri, ngadenge saoerna kitoe, toeloej koe koering didjawab noe saĕnjana: „Oelah, oelah sok ngoegoeng, toean Tillington; Oepami toean moedji ka abdi, ajeuna ge abdi bade njingkah ti dieu. Sarĕngna deui oepami toean ngalĕm abdi, toean oelah linggih dina bangkoe ieu, sarĕng moegi toean oelah lali, jen abdi teh djadi baboe njonja Georgina. Maksoed abdi tadi sanes kitoe, moeng abdi naros ka toean: naha kĕdah koemaha pisaeëunana anggapan oerang Djĕrman ka papatjanganana?"

„Ajeuna nona njarioskeun deui bab „papatjangan oerang Djĕrman", saroepi nona nganggap ka abdi oerang Djĕrman. Abdi narah dianggap oerang Djĕrman."

Djawab koering: „Atoeh ajeuna mah kieu bae, tjobi tjarioskeun: koemaha sampoernana anggapan pamĕgĕt ka istri?"

Andjeunna tanggah ningali kana poentjak tatangkalan bari moentir[2] rantaj erlodjina, toeloej andjeunna ngadjawab ka koering: „Emoetan abdi, lalaki kĕdah ngadjoeroeng ka bodjona noe dipikameumeut, oepama boga kahajang noe teu djadi larangan sara sarĕng nagara, sarĕng kĕdah nganggap sasama ka bodjona; margi loba katjida pamadjikan noe adat pamakena leuwih aloes atanapi leuwih moelja hatena batan manehna. Manehna kĕdah ngadjoeroeng soepaja bodjona hiroep ngoedag kamoeljaan hate, kĕdah dibere djalan sangkan pikirna tĕrboeka, kitoe deui kĕdah ngadjeudjeuhkeun moen bodjona migawe hidji pagawean noe aja pedahna, noe aja mangpa'atna. Awewe teh kĕdah sina boengah, berag, bĕrĕsih, koeat, tjageur, bageur, bĕnĕr; sarĕng kageulisanana, oelah ngan geulis roepa bae, nanging kĕdah geulis loear-djĕrona, pendekna hade hate, hade lampah. Kaaloesan hatena djeung kamoeljaan pikiranana koedoe tembong montjorong tina panonna, tjara ....., ah moal sae disĕbatkeun djĕlĕmana. Oepami hidji lalaki tiasa meunangkeun hidji awewe noe tjara kitoe, istoe lalaki bagdja; pantĕs pisan eta lalaki daek sosoroh pati, ngabelaan awewe noe sampoerna kitoe.

Tah nja eta, hidji kaoentoengan noe ageung pikeun di lalaki, saoemoer-oemoer.

Nanging hĕnteu tĕrang, naha istri noe saroepi kitoe aja pilalakieunana, kitoe!"

„Eta kasaoeran toean, sadajana mĕdal tina rasa, sanes mĕdal tina akal. Djadi ngan oekoer keuna ka salira toean koe andjeun bae, sanes hoekoem noe kenging dikeunakeun ka sarerea." djawab koering bari imoet.

Harita andjeunna neuteup ka koering, toeloej sasaoeran deui: „Eta nona mah sok katjida teuing! Abdi njarios kalawan sajaktosna, sarta kalawan timbangan noe adjĕg. Nanging roepina koe nona dianggap omongan abdi loeloetjon."

„Noemoetkeun emoetan abdi anoe djadi tjitjiren parawan Inggris teh: garadoeheun pikiran sehat." djawab koering bari nahan piseurieun „Abdi gadoeh rasa, jen abdi ngabogaan eta sipat."

Mangsa eta katjida koering ngarasa landjoengna, hate ratoeg toetoenggoelan, ma'loem deudeukeutan djeung hidji nonoman noe kasep. Soarana manis, kadengena koe koering sada soeling bae. Sotjana seukeut djeung tjoereuleuk, matak asih noe ningali. Harita

katjida hade sorena. Meureun koe sarerea ge kadjoedi, oepama hidji parawan deudeukeutan djeung hidji lalaki noe keur meudjeuhna roemadja-poetra, di noe soeni toer padoedoeaan, tangtoe bae hatena lendjong.

Peutingan eta, njonja Georgina beuki tambah sindir-sampirna ka koering, koe kĕtjap noe pikanjĕrieun, leuwih ti noe ĕnggeus², babakoena pisan tina hal awewe noe sok daek ngalalana, saoerna: „Hidji bangsa menak, wadjib ngadjaga koela-wargana noe lalaki, soepaja oelah beunang katipoe koe parawan kokoden, noe sok daek oedar-ador."

Kawasna andjeunna geus teu aja pisan rasrasanana ka koering, sabab sasaoer-saoerna teh estoe matak pikanjĕrieun koering woengkoel.

Dina poë Sĕnen isoek² koering naros ka andjeunna, naha andjeunna geus meunang landjang bangsa Gretschen atawa teu atjan.

„Atjan," djawabna, soarana katjiri jen andjeunna nandang kasoesah.

„Awewe² raroedjit Louise, taja deui gawena ti boeboedak nĕpi ka kolot, katjaba ti tjampoer djeung bagong. Sanadjan diboeroehan sareboe roepia oge kami ĕmboeng miara."

„Teu kintĕn handjakalna njonja," djawab koering „margi, sakoemaha pĕrdjangdjian kapoengkoer tea, abdi teh endjing bade mios."

Ngadangoe pioendjoek koering kitoe andjeunna kaget, toeloej andjeunna sasaoeran bari njĕpĕng kana leungeun koering: „Isoekan? Ah oelah, Louise! Kami teu ngidinan! Ah, oelah toeloes isoekan!"

Koe koering ditĕrangkeun ka andjeunna, jen koering oendjoekan saĕnjana, sarta moal beunang dirobah deui, omong koering: „Sanes ti kapoengkoer oge abdi parantos oendjoekan ka njonja, jen abdi ngiring njonja teh moeng bade saminggoe bae? Ajeuna parantos djĕdjĕg saminggoe."

Tjisotjana njoeroetjoed, bari inghak-inghakan, andjeunna sasaoeran: „Aeh, koetan maneh katjida ikĕlasna, Louise, make rek ninggalkeun ka kami. Koemaha teuing kami, lamoen maneh geus euweuh?"

„Kapan gamparan bade njandak landjang Gretschen." bari ngo-

mong kitoe hate koering ngahĕlas, sabab nadjan eta njonja sasaoeranana njarogok, tapi koering geus ngarasa beurat.

Gantjang andjeunna ngadĕg, toeloej angkat ka kamarna, bari sasaoeran: „Louise, ĕngke oerang tjarita deui!"

Kawasna andjeunna kagoengan sangkaan, jen koering geus badami djeung toean Harold, rek barĕng pada ninggalkeun ka andjeunna.

Ari geus kitoe koering ditopi, toeloej koering indit djalan² ka kĕbon kĕmbang, sarta tĕroes nandjak lalaoenan ka pasir tea. Tatjan aja saměnit koering aja di dinja, toean Harold geus djol noetoerkeun koering.

Koering dikeukeuhan koe andjeunna diadjak dioek dina hidji bangkoe noe geus boeroek, toeloej andjeunna mariksa ka koering, rarajna pias: „Naha jaktos nona teh bade angkat endjing? Tjing tjarioskeun ka abdi noe sajaktosna!"

„Soemoehoen." djawab koering bari ngegel biwir „Abdi kĕdah mios endjing. Arĭ margina mah seueur noe mawi abdi kapaksa kĕdah mios ti dieu teh." Koering ngomong kitoe teh bari doemareuda.

„Naha bĕt asa goeroenggoesoeh teuing?" saoerna.

„Malah ari oetamina pisan mah kĕdah mios ajeuna. Pĕrloe pisan abdi gantjang mios ti dieu." Waktoe koering ngomong kitoe karasa, angĕn koering ratoeg, sabab toean Tillington sotjana moerĕlĕng bae neuteup ka koering, maksoedna andjeunna moendoet, soepaja koering oelah toeloes indit.

„Bade angkat ka mana nona teh?"

Koering ngadjawab: „Eta pĕrkawis, abdi teu atjan tiasa nangtoskeun, kawantos ari doenja teh lĕga, abdi kenging ngadjadjah sakarĕp abdi. Abdi teh hidji awewe andar-andar, noe bade ngalalana ngadjadjah nagara, djadi bade saparan-paran bae, tjek paripaos tea mah leumpang noetoerkeun indoeng soekoe, manawi aja milik diri bagdja awak tiasa pinanggih sarĕng kasĕnangan., Saajeuna, abdi pribadi teu atjan tĕrang, kĕdah ka mana abdi nja djig?"

„Naha kintĕn-kintĕnna nona kĕrsa ngawartosan ka abdi, bade angkat ka mana nona teh, ĕngke oepami koe nona parantos kamanah lĕrĕs²?"

Ajeuna geus tjoendoek ka waktoe, dongkap ka mangsana, naon noe koe koering koedoe ditjaritakeun.

„Moal tiasa, toean Tillington! Moal, abdi moal tiasa ngawartosan ka toean ka mana abdi piloseun. Koe margi parantos ditimbang diboelak-balik dibeuweung-dioetahkeun, abdi kĕdah enggal ngantoenkeun toean sarta oelah arek papĕndak deui."

Ngadangoe omongan koering kitoe, toeloej andjeunna njende kana bangkoe deukeut koering bari nangkeup harigoe, sotjana mantjo ka koering tjara noe djaraoeh panineungan, pok andjeunna sasaoeran: „Doeh nona Cayley! naha ĕnoeng teh mana ikĕlas[2] teuing? Ĕh, ajeuna mah geus teu aja pangharĕpan. Siang-wĕngi taja deui noe dilamoen sarĕng noe diarĕp-arĕp, ngan soepaja oerang tiasa sĕring tĕpang, soegan bae aja bagdja awak milik diri, tiasa kaoen ..... kaoentoen ....." nĕpi ka dinja teu diladjĕngkeun sasaoeranana.

Harita koering geus teu bisa ngomong. Poegoeh ge da geus tetela koering teh deudeuh djeung bogoh ka andjeunna teh; koe sabab andjeunna nembongkeun pĕta kitoe ka koering, koering teu tega rek heuras[2] teh ka andjeunna. Harita koering ngarasa gĕdena kaajaan hate koering ka andjeunna, padahal koering reureudjeungan teh kakara meunang gĕnĕp poĕ. Tapi harita keneh doemadakan koering ingĕt, jen koering teh teu meunang mitjinta ka andjeunna.

„Toean ĕntong sasaoeran kitoe," omong koering leuleuj tapi bari ngalieus „ĕntong, ĕntong njarios pĕrkawis kitoe, anggoer mah lilipoer, soepdos enggal lali!"

„Sae, nanging aja keneh pitjarioseun!" saoerna „Ajeuna bade njarioskeun maksad noe sajaksotsna, moegi ĕnoeng kĕrsa ngadangoekeun.

Teu kintĕn ĕngkang hajangna, soepados ĕnoeng kenging waktos anoe sae, nja eta soepados ĕngkang tiasa nembongkeun kabeurat hate, samemehna naros ka ĕnoeng; manawi ĕnoeng kĕrsa mikawĕlas ka ĕngkang, atanapi ĕnoeng kĕrsa salamina sasarĕngan sarĕng ĕngkang, tjek paripaos tea mah: sapapait - samamanis sabagdja - satjilaka, paeh-hiroep sasarĕngan; barang ĕngkang, barang ĕnoeng; barang ĕnoeng, barang ĕngkang." Bari sasaoeran kitoe teh andjeunna njĕkĕl kana leungeun koering „Louise," saoerna, „ĕngkang geus teu bisa nahan hate, hajang naroskeun hal eta. Ĕngkang tĕrang, tangtos ajeuna ĕnoeng moal kĕrsa maparin poetoesan tina ieu pĕrkawis, nanging naha ĕnoeng moal kĕrsa djang-

dji ka ĕngkang, jen ĕnoeng ĕngke mah ka pajoen baris kĕrsa ditikah koe ĕngkang?"

Geus teu katahan njoeroeloek tjipanon koering kana pipi. Koering njaho pisan, jen andjeunna sasaoeran kitoe teh tĕroes djeung manah, bidjil tina ati sanoebari, lain djidjieunan atawa pangoloan. Tapi mangsa harita, koemalajang njonja Georgina dina panon koering, djeung koering teu poho-poho kana: poesaka noe gĕnĕp joeta roepia, noe bakal katampa koe toean Harold, tah eta noe matak djadi halangan kana hate koering. Lalaoenan leungeun koering dibĕtot tina pananganana, bari ngomong: „Abdi sanes babadna ka toean, toean oelah palaj kagoengan garwa ka abdi; margi abdi mah djĕlĕma teu aja kagadoeh, sarĕng abdi mah awewe palantjongan, noe sok oedar-idĕr neangan sahoeapeun-sakopeun. Tangtos wargi[2] toean moal aja noe doaeun ka abdi, oepami abdi dipigarwa koe toean. Abdi narah ngadorakakeun ka toean. Abdi tĕrang jen toean mikawĕlas ka abdi, sanadjan oerang nĕmbe doeatiloe dintĕn sasarĕngan. Nanging halanganana pohara agĕngna, djadi samar tiasa laksana. Kawoewoehan abdi endjing kĕdah mios ngantoenkeun toean."

Koe lantaran koering sieun teu koeat nahan, nendjo Harold sakitoe prihatinna, toeloej koering loempat, balik, asoep ka kamar noetoep maneh, doeg ngĕdĕng dina randjang.

Tatjan aja sadjam ti harita, soemping njonja Georgina ka kamar koering, toeloej sasaoeran: „Ĕh, Louise, anaking! naon oeroesanana eta teh? Si Harold tjarita ka kami, jen manehna hajang ngawin maneh tapi — tapi — maneh nampik kana pamentana."

Gantjang koering njoesoetan tjipanon. Teu asa-asa toeloej koering ngadjawab: „Moegi teu djadi rĕngat galih, jaktos pisan abdi parantos nampik kana pamoendoet poetra sarĕng geus moal bae abdi daek ka poetra."

Ngadangoe djawab koering kitoe, andjeunna ningali ka koering sĕmoe noe ewĕdeun, toengtoengna andjeunna mariksa: „Ari ajeuna, maneh masih nampik keneh bae kana pamentana? Lamoen kitoe, kami geus teu rek ngomong naon[2] deui, ngan tjek aing mah, maneh teh koerang adjar!"

„Naon?" djawab koering bari moendoer salengkah ka toekang.

„Ĕnja, maneh koerang adjar!" djawabna bari bĕndoe „Kaoentoengan Harold sataoen ƒ 480 000, eta ditampik! Harold Tillington,

alo kami, manehna intjoe hidji Graaf! Manehna digawe di kantor Oetoesan Inggris di Ĕroem, djeung ĕngkena bakal djadi djĕlĕma beunghar katjida. Saha noe teu ngarasa bagdja, lamoen meunangkeun manehna! Toeroenan naon maneh teh, noe matak maneh make nampik ka si Harold, alo kami?"

Koering katjida heranna, toeloej rarajna koe koering dipĕntjrong, omong koering: „Njonja Georgina! Sanes kamari ieu njonja parantos sasaoeran, jen njonja sakenging-kenging bade ngadjagi, soepados toean Harold oelah kenging katipoe koe hidji parawan andar², noe sok oedar-idĕr ngilari sahoeapeun-sakopeun, sapĕrtos abdi?"

Aja sĕmoe bĕndoe aja sĕmoe lingsĕm, andjeunna ningali ka koering.

„Tangtoe bae." djawabna sĕmoe leuleuj „Tapi harita pikiran kami, maneh noe ngikĕr², ngakalan si Harold. Ari ajeuna mah tetela, manehna noe mikajang ka maneh, lain maneh noe mikahajang ka si Harold, djeung geus tetela jen maneh nampik ka manehna. Nĕpi ka ĕmboeng bebedja² atjan rek ka mana nja njaba. Tah eta, noe tjek kami koerang adjar teh, djeung toeroenan naon maneh teh, Louise, noe matak nampik ka si Harold? Pamanggih kami awewe noe meunangkeun si Harold teh estoe bagdja, lain saeutik kaoentoenganana manehna teh 40000 pond oenggal² taoen! Toeroeg² manehna teh bangsa menak! Tah kitoe kadjadianana, baroedak awewe noe sarakola loehoer teh!"

Ngadenge kasaoeranana kitoe, toeloej koering nangtoeng, bari ngomong: „Njonja Georgina! Abdi teu soeka kabina-bina njonja sasaoeran kitoe ka abdi. Abdi parantos djangdji, bade ngiring ka njonja di Djĕrman teh moeng saminggoe lamina, sarta abdi parantos nohonan kana eta djangdji. Abdi teu kintĕn bae rĕsĕpna sarĕng beuratna, ka poetra, sarta ngaraos isin djeung adjrih. Marga ningal saparipolahna katawis pisan poetra teh pamĕgĕt pinoendjoel, istoe djĕlĕma bĕrboedi, sarĕng toeroenan loehoer, teu kĕdah ditjarioskeun deui koe njonja. Nanging abdi narah dianggo garwa koe andjeunna, margi parantos sababaraha kali njonja njindiran ka abdi, jen abdi sanes lajakna lakian ka toean Harold; eta manah njonja kitoe teh taja pisan lĕpatna jaktos abdi teu pantĕs lakian ka toean Harold. Koe margi eta soepados njonja djadi oeninga.

Doepi pĕrkawis toeroenan sarĕng atikan abdi, teu aja bentĕnna sarĕng toean Harold, margi abdi oge anak hidji Officier; nanging da poegoeh sakieu sareatna abdi mah, saoer sĕpoeh tea mah: tjetjendet mande kiara ka toean Tillington teh. Tangtos langkoeng sae andjeunna kagoengan garwa ka poetra soedagar beunghar."

Omongan koering noe panganggeusan katjida rĕsagna, datang ka koering handjakal ngoetjap kitoe; tapi dalah dikoemaha, da geus katalandjoeran.

Teu kira² koering kagetna, bĕt Njonja Georgina ngabeubeutkeun andjeun kana randjang koering, bari sĕsĕgroek nangis kawas boedak leutik, toeloej andjeunna sasaoeran deui: „Ĕh anaking, satadina ĕnja kami njangka ka maneh ngakalan si Harold. Tapi barang koe kami ditilik di djĕro 24 djam, tetela pisan, jen maneh pantĕs djadi pipamadjikaneun alo kami. Djeung deui kami njaho, si Harold teh katjida bogoheunana ka maneh. Eta sababna noe matak tadi kami bebeakan njarekan ka maneh. Koe kami geus kadeuleu, jen maneh teh pikarĕsĕpeun si Harold. Koe kami geus kawangwang sakoemaha pitjektjokeunana baraja² kami. Sabeunang-beunang kami rek ngahalangan soepaja maneh oelah djadi kawin ka si Harold, djeung baris ngalarang, soepaja barang poesaka doeloer kami Mamay oelah ragrag ka si Harold, leuwih hade dika- lantjeuknakeun. Tapi ari ajeuna mah kami geus roedjoek oerang repeh-rapih bae, karana maneh awewe noe rapekan djeung pintĕr; djadi pantĕs pidjodoëun si Harold. Kami atjan manggih hidji² atjan parawan noe tjara maneh. Tapi teu kira² handjakalna, kawasna adjaman kami teh moal kadjadian, lantaran maneh geus nampik ka si Harold. Naon sababna, noe matak maneh ikĕlas² teuing kitoe? Kami dititah koe si Harold ka dieu, baris ngomongan maneh, soepaja maneh daek ka manehna. Tadi waktoe ditinggalkeun koe kami ka dieu, manehna keur tjeurik bae, katjida prihatinna."

Koering geus sadia piomongeun keur ngadjawab; kakara repeh njonja Georgina sasaoeran, koering geus pok ngomong, tapi leuleus pisan: „Hĕnteu, njonja hĕnteu," tjek koering bari dongko sarta toeloej njioem ka njonja Georgina „abdi teu kintĕn ageungna doeriat ka toean Harold Tillington teh, doegi ka abdi teu tiasa njarioskeun sakoemaha kaabotanana hate abdi ka andjeunna, moeng Goesti Allah noe oeninga. Di doenja mah teu aja deui noe dipikabeurat koe abdi kadjabi ti andjeunna. Nanging abdi teu kiat

nahan, oepami aja noe njangka pang abdi daek ditikah koe toean Harold teh, djalaran abdi mandang kana artosna bae. Sanadjan njonja teu kagoengan manah kitoe ge, nanging wargi-wargina noe sanes, tangtos njangka kitoe. Koe margi eta, kapaksa abdi ngantoenkeun njonja; teu kintĕn bae handjakalna, reh parantos ngaraos beurat ka njonja. Oepama abdi ngarobah pikiran abdi boa manah njonja oge ĕngke robah. Ajeuna mah langkoeng sae parantos bae, eta pĕrkawis ĕntong dipandjangkeun deui. Endjing abdi bade mios.

Abdi hajang pĕndak heula sarĕng toean Harold, nanging ĕngke bae dina waktos toeang tĕngah dintĕn, margi, oepami abdi sarĕng toean Tillington tĕpang padoedoeaan, sok sieun salasawios teu kiat nahan hate, heug bae ĕngke abdi roentoeh kapoepoel bajoe koe pangroengroem."

„Djeung naha maneh moal daek ngabedjaan ka manehna, baris njaba ka mana maneh teh?"

„Teu aja pangintĕn, njonja, boedjĕng[2] ngabedjaan ka batoer, dalah abdi pribadi oge teu atjan tĕrang ka mana noe bade diboedjĕng; sarĕng deui saena mah mĕnding dipĕgatkeun bae abdi sarĕng andjeunna teh."

Bari njioem ka koering andjeunna sasaoeran: „Eh Louise, boedak noe hade hate! Hidji nona tangtoe moal bisa ngadjadjah doenja koe doeit doea pond (doea poeloeh opat roepia). Koe sabab eta, kami boengah kabina-bina 'moen maneh daek ngindjeum doeit ka kami sapĕrloena."

„Ĕntong, keun bae njonja Georgina." omong koering; di ahir koering ngarasa kadoehoeng, nampik kana pangasih andjeunna „Njonja, teu kintĕn bae abdi noehoenna reh njonja sakitoe miwĕlasna. Nanging abdi kĕdah tiasa hiroep koe akal sorangan. Ajeuna parantos katingal koe abdi, pidjalaneun noe koe abdi kĕdah dilakonan, abdi narah dipengkolkeun tina eta djalan."

„Babakoena mah maneh mah ougkoh geus ĕmboeng babarĕngan djeung kami, nja? karana tjek pamanggih maneh, kami teh katjida tjerewedna." saoerna.

Sabot keur silih tjioem — sanadjan pĕta kitoe teh koering hĕnteu pati rĕsĕp — koering ngomong lalaoenan: „Moegi-moegi samoekawis anoe parantos kadjadian, ti wangkid ajeuna oelah dianggo manah

deui koe njonja, sirnakeun tina manah njonja, tjindĕkna ajeuna mah parantos seep, teu aja tĕrasna deui."

„Ah tatjan poegoeh, Louise." saoerna bari njoesoetan tjisotja „Kahajang kami, moega[2] bae maksoed kami bisa laksana. Soemawonna si Harold katjida maksoedna kana eta pĕrkara, djeung deui maneh atjan nangtoekeun kitoe-kieu, tapi tjek pikiran kami mah Louise, tangtoe ĕngkena Goesti Allah bakal ngahidjikeun maneh djeung si Harold."

Sanadjan eta doea menak satakĕr tanaga nahanna ka koering, tapi isoekna koering indit ninggalkeun Schlangenbad katoet eusina.

Koering leumpang rek hiroep koe akal sorangan, sabab geus milik koering kitoe, babakoena pisan mah lantaran Goesti Allah tatjan marĕngkeun ka koering, hiroep babarĕngan djeung noe sedjen .....

BAGIAN KA III.

OERANG AMERIKA.

Dina djĕro saminggoe doeit koering noe 10 sen geus djadi 240 kali lipĕt. Koering indit ti London ngan boga doeit sakĕtip, ari indit ti Schlangenbad boga doeit 2 pond (ƒ 24). Koering ngomong sadjĕroning ati: „Lamoen milik aing tjara kieu bae, tangtoe aing dina minggoe hareup baris boga doeit 480 pond (ƒ 5760), katjida gĕdena pangharĕpan dina taoen hareup, koering baris djadi djĕlĕma beunghar katjida. Koering pintĕr kana elmoe itoeng, katjiri waktoe koering samĕn di Cambridge, tina elmoe itoeng meunang peunteun aloes pisan.

Sanadjan koering gĕde pangharĕpan oge, tapi teu wĕleh koering nineung ninggalkeun waloengan Spa noe aja di pagoenoengan Taunis. Ari sababna, lantaran koering geus ngarasa beurat ka njonja Georgina, datang ka koering hese rek mapalerkeunana. Ari noe ngadjadikeun katjida nineungna ka koering, lantaran koering papisah djeung djantoeng ati, nja eta Harold. Sanadjan geus papisah, tapi koeloetar-kalatar bae dina panon. Ngan koe sabab koering lain djĕlĕma noe nganteur pangadjaking rasa hate, koe sabab eta koe koering moal ditjaritakeun pandjang² di dieu, koemaha karasana koe koering eta katjintaan teh.

Ingĕtan koering, tjoekoep doeit koering pikeun sawatara poëeun. Hidji parawan noe boga pangabisa, tangtoe njaho, koedoe koemaha manehna mĕtakeun doeitna, soepaja oelah nĕpi ka balangsak. Ingĕtan koering, eta doeit baris diatoer kieu: Pikeun njewa kamar djeung majar dahar ƒ 1.20 sapoë, pikeun kapĕrloean sedjen ƒ 2.40 sapoë. Djadi doeit noe 2 pond teh, mahi keur gĕnĕp poëeun.

Sanggeus 6 poë maksoed koering rek neangan pagawean, pikeun kahiroepan koering. Lamoen koering nĕpi ka teu bisa meunang pagawean, teu pantĕs koering hajang djadi djĕlĕma toekang ngalalana. Koering ngahatoerkeun noehoen ka njonja Georgina, noe geus ngalandi ka koering awewe toekang ngalalana, sabab maksoed koering ĕnja hajang ngalalana. Moegi² bae tinĕkanan!

Dina keur kitoe, koering aja ingĕtan rek indit ngoelik hal kabinangkitan di Frankford; Elsi Petteridge katjida omat-omatanana ka koering, koering koedoe indit nambahan loeang ka gĕdong djimat, ngaranna Städelmuseum. Bareto Elsi ĕnggeus datang ka dinja. Manehna katjida rĕsĕpeunana kana roepa² kanjaho, koering oge nja kitoe. Sarerea oge tĕrang, jen kapintĕran teh mangpaat ka manoesa.

Koering indit ka Frankford, koering matoeh di hotel noe meudjeuhna, harga kadaharan djeung sewaan kamar di dinja sĕdĕng, djeung ajana eta roemah makan dina tĕmpat noe pangrame-ramena.

Djandelana ditoetoep koe ĕntjit. Waktoe koering asoep ka eta losmen ngarasa karareungkang; djeung teu rĕsĕp nendjo batoer² saimah, nja eta awewe² oerang Djĕrman, gawena nareuleukeun bae ka koering, djeung rĕsĕp naloengtik rasiah batoer. Kabĕnĕran harita aja dalapan mah keur ngarioeng, awakna galĕmbroe, tara pisan daek digawe, salawasna ngan soekan² bae, meureun pedah teu kabagian salaki. Koe lantaran lintoehna nĕpi ka dagingna djiga rek mĕrĕdjĕl tina ĕrokna.

Bĕnĕr sasaoerna toean Tillington, awewe Djĕrman goemĕlar ka alam doenja ngan baris djadi radja goah woengkoel. Dalapananana katjida darĕdĕgna. Karĕsĕpna ngan masak oesoes djeung njieun kaos keur salakina. Teu aja saeutik-eutik atjan pikiranana istoening paeh hatena mah. Kalah beungeut bae sagĕde-gĕde piring, mata sagĕde-gĕde tjomplong. Eta badawang² teh njĕboetna ka koering awewe palantjongan.

Dina poë kahidji isoek², koering djalan² ka Ariadneum djeung ka Städelmuseum, hajang ngoelik hal gambar² djeung barang² koeno. Tapi teu tatanja ka noe lian, dioelik koe sorangan bae, ngalikan katĕranganana dina daptar barang² noe aja di dinja. Noe koering masih ingĕt keneh ajeuna, nja eta roepa² gambar boeatan djaman baheula, djeung artjana hidji awewe, keur toempak maoeng bari imoet, noe baris djadi toeladan ka koering dina lalampahan koering ajeuna. Ari noe sedjen², noe koe koering geus katendjo di dinja, waktoe noelis ieu karangan, koering geus paroho deui.

Pasosorena koering njewa hidji kareta mĕsin, sabab koering hajang njaho kaajaanana eta kota, bari ngareureuhkeun oeteuk oeroet isoek dipake diadjar. Ningali pikiran koering kitoe, taksiran di antara noe maraos ieu boekoe aja noe kagoengan manah jen

koering koerang ati[2], tapi eta manah kitoe teh, noedoehkeun, jen djoeragan teu ngartos kana maksadna awewe toekang ngalalana, noe rek ngadjadjah doenja neangan milikna. Maksoed koering ngoerilingan doenja, nja eta, koedoe gĕde hate bae salawasna, djeung oenggal nagara noe koe koering disorang, koering koedoe bisa nitenan; djadi pikeun kahiroepan koering, sapopoë mah sasatna hĕnteu pati dipikir.

Kalolobanana djĕlĕma ngan dina poë Ahad bae hĕnteuna digawe teh, ari lian ti poë Ahad mah, teu eureun[2] oenggal poë digarawe, pikeun dahareun isoekan. Tapi ari adat koering mah, beda katjida djeung djĕlĕma noe kitoe. Adat koering kieu: oepama koering masih keneh sĕnang, toeloej koering dangdan, geus kitoe tĕroes djalan[2]. Kitoe bae salawasna bari ngadago-dago milik, pasihan ti Goesti Allah. Katjida koering ĕmboengna ngandoeng kasoesah, lantaran sieun teu manggih dahar.

Kareta mĕsin noe disewa koe koering, tangtoe bae lain kareta mĕsin weuteuh. Rarasaan koering toempak kareta mĕsin teh teu aja bedana djeung toempak koeda roda noe geus kolot. Kitoe deui parabotna, sawareh mah geus baringkĕng, eta hidji tanda geus mindĕng diadoekeun djeung pagĕr koe noe njarewa.

Dina waktoe noempakan eta kareta mĕsin, koering teu pati nitenan kana kaherananana oerang dinja, noe nendjo koering; sabab di Djĕrman beulah kidoel mah, salawasna awewe[2] noe taroempak kareta mĕsin sok make hidji roepa papakean noe geus kabiasakeun di eta tĕmpat. Djadi teu kaget oepama oerang dinja hareraneun nendjo koering, da make papakean noe teu galib di dinja.

Koering toempak kareta mĕsin digantjangkeun bae, ngaliwat ka kĕbon palĕm. Barang koering geus datang ka loear kota, toeloej koering ngadjoegdjoeg ka kampoeng Fraunheim. Barang koering keur ngaboseh satakĕr tanaga, koering ngarasa jen di toekang aja noe noetoerkeun. Mimitina ingĕtan koering, tangtoe Harold Tillington noe noetoerkeun teh. Tapi barang koering ngalieuk ka toekang, bĕt lain; koering nendjo hidji djĕlĕma pangawakanana djangkoeng gĕde, koemisna djiga boeoek djagong, katjiri eta djĕlĕma bangsa Amerika. Dina waktoe eta djĕlĕma keur ngaboseh tarik teh ngoedag koering, panonna mah mĕntjrong bae kana keuneung koering. Dina rarajna katjiri eta toean djĕlĕma pintĕr,

koe sabab hantĕm bae neuteup kana soekoe koering, koering bĕt ngarasa sieun, ti dinja toeloej koering ngaboseh teh digantjangan. Sanadjan koering ngaboseh satakĕr tanaga oge, tapi djaoehna antara koering djeung eta djĕlĕma anggĕr bae, lantaran soekoena katjida ranggoasna. Tapi sing pĕrtjantĕn, koering moal kaoedag koe eta djĕlĕma, sabab koering bisa keneh ngaboseh leuwih gantjang, djeung oepama pĕrloe, koering sanggoep ngelehkeun eta djĕlĕma.

Beuki lila beuki tetela, jen eta djĕlĕma rek ngoedag koering. Lamoen koering ngaboseh digantjangan, manehna ge nja kitoe, lamoen koering lalaoenan, manehna ge lalaoenan deui, sarta teu eureun[2] nitenan kana keuneung koering. Koe sabab eta, kapikir koe koering, jen manehna teh hidji djĕlĕma noe paham kana toempak kareta mĕsin. Tapi koering teu ngarti naon sababna noe matak noetoerkeun koering; bari satĕngah ambĕk, koering ngaboseh teh beuki gantjang bae; sanadjan sapoë djĕpoet ngaboseh, koering boga rasa moal tĕpi ka kapiheulaan koe eta djĕlĕma. Kareta koering geus ngaliwat djalan gĕde Fraunheim, eta djalan ngoerilingan soekoena goenoeng Taunis.

Bĕnĕr eta djalan nandjak, tapi koering teu gimir satoengtoeng boeoek, koering geus toeman toempak kareta mĕsin di loehoer goenoeng, nja dina tandjakan tea koering bisa ninggalkeun eta toean, da koering ngabosehna beuki gantjang; kawoewoeh awak koering mah hampang, djadi saĕnjana mah teu koedoe bebeakan teuing koering ngaboseh teh. Eta toean koe sabab beurat koe awak, lila[2] mah katinggaleun koe koering. Kawasna bae eta toean sieuneun kaleungitan lari koe koering. Koe sabab eta, manehna gĕgĕroan ti kadjaoehan: „Antosan heula sakĕdap nona!" Sanadjan koering ngalieuk ka toekang, tapi koering teu daek nembalan ka eta djĕlĕma. Eta djĕlĕma tĕroes ngaboseh sakoeat-koeatna; tapi lantaran koering bisa keneh ngaboseh leuwih gantjang, ngan sakilat koering geus lĕs deui teu katembong koe manehna.

Toetoelisan diri koering geus teu beunang dirobah, „dihin pinasti anjar pinanggih", tjek babasan tea mah, sabab barang koering rek mengkol kana djalan sedjen, koering ditahan koe hidji ponggawa pamarentah noe toempak koeda. Eta djĕlĕma mĕgatan koe koedana bari mariksa ka koering, mawa-hĕntĕna soerat katĕrangan.

Ti waktoe koering ninggalkeun baligeusan-ngadjadi, sama sa-

kali teu ngingĕt[2] ka noe kitoe, sanadjan koering njaho, jen di tanah Djĕrman di oenggal[2] sisi djalan aja toelisan, nĕrangkeun larangan[2] di nagara eta.

„Abdi teu tĕrang jen abdi kĕdah ngabantoen katĕrangan," djawab koering. Sanggeus koering ngomong kitoe, koering diteuteup koe eta ponggawa, tina indoeng soekoe nĕpi kana ĕmboen-ĕmboenan.

„Eta larangan gĕde katjida," saoerna, ngan kakara sakitoe sasaoeranana eta politie, kaboeroe datang djĕlĕma noe ngoedag tadi tea. Ngan sakĕdep-netra, eta djĕlĕma geus njahoĕun, kana noe kadjadian antara koering djeung ponggawa pamarentah, geuwat eta djĕlĕma njarita koe basa Djĕrman ka eta politie, sanadjan manehna atjan paham ge kana eta basa.

„Abdi gadoeh doea sĕrat paidin," tjek eta djĕlĕma, bari ngaloearkeun sababaraha lambar kĕrtas „ieu nona sasarĕngan toempak kareta mĕsin sarĕng abdi." Nendjo kalakoeanana oerang Amerika kitoe koering kaget, sabab kawasna Goesti Allah geus maparin pitoeloeng ka koering dina waktoe koering keur meunang kasoesahan. Pikiran koering noe tadina njangka ka eta djĕlĕma rampog, ajeuna ganti. Harita koe koering kapikir, jen eta toean hidji djĕlĕma pintĕr toer leber wawanen, sarta kĕrĕsa toetoeloeng ka djĕlĕma noe keur kasoesahan. Barang ponggawa pamarentah geus toeloej, koering mĕlong ka eta toean.

Roepana teu pikasieuneun teu naon, djĕlĕma biasa bae; paromanana, papakeanana istoe djĕlĕma ajeuna, lain djĕlĕma baheula.

„Wiloedjĕng endjing, nona." saoerna ka koering, djeung deui[2] njĕboet „nona", deui[2] njĕboet „nona", kawasna nganggapna ka koering tjara ka nona[2] toekang ngadjoeal koeëh[2] atawa inoeman[2] di waroeng[2]. Poentĕn bae bade toemaros, naon margina noe mawi nona toenggang kareta mĕsin gantjang[2] teuing?"

„Margi abdi gadoeh sangkaan, toean teh ngoedag ka abdi." djawab koering sĕmoe rada era.

„Sarĕng oepami jaktos sapanjangka nona tadi, tangtos nona ngartos, jen sim koering kitoe teh, bakal ngadatangkeun kaoentoengan ka oerang doeaan. Hidji djĕlĕma noe ngagadoehan elmoe dagang, tangtos saintjak-intjak teh moal robah tina djalan sasari; oepami katoong bakal aja pikaoentoenganeun, moal daekeun ngantĕp eta kaoentoengan ditjokot koe batoer." saoer eta toean.

Djawab koering: „Eta lĕrĕs pisan, margi abdi ge rĕsĕp kana dagang, tangtos pisan doeanana kĕdah pada oentoeng."

Koering hajang geura njaho, naha eta djĕlĕma teh rek ngadjak kawin deui ka koering.

Sanggeus kitoe koering diteuteup koe eta djĕlĕma, tina dampal soekoe nĕpi kana ĕmboen-ĕmboenan.

„Nona djĕlĕma tĕgĕp, tangtoe dipikarĕsĕp koe djĕlĕma loba," saoerna lalaoenan „kalĕrĕsan nja eta noe diilari koe abdi teh. Eta margina, noe mawi abdi ngoekoentit bae ka nona. Sarĕng dina salira nona katingal aja hidji tjiri noe diteangan koe abdi."

„Roepina .....?" tjek koering.

„Jaktos," djawabna „nona iasa ngagoenakeun sampean nona. Sarĕng deui nona teu kintĕn tjalakanana, enggal ngartos kana sagala noe ditĕrangkeun koe batoer."

Barang koering geus nitenan ka eta toean, koering ngarti, jen eta toean rek moedji kana soekoe koering.

„Abdi teu atjan ngartos kana maksoed toean." omong koering, tamba taja piomongeun.

„Euh, kitoe;" djawabna „abdi ti tadi noetoerkeun nona; roepina maksad abdi koe nona dimanah awon, padahal ....."

Koering ngomong bari mantjal kana kareta mĕsin: „Wiloedjĕng endjing bae. Abdi hatoer noehoen kana pitoeloeng toean ka abdi."

Eta toean mondah ka koering, soepaja koering oelah roesoeh indit, bari ngatjoengkeun panangan, saoerna: „Ĕntong enggal-enggalan teuing, nona. Moegi nona kĕrsa ngadangoekeun heula kana tjarios abdi, margi abdi aja barĕmpagkeuneun djeung nona. Panoehoen noe aja mangpa'atna, koe nona oelah dilalaworakeun.

Oelah salĕmpang, noe bade dibarĕmpagkeun koe abdi teh, tangtos ngoentoengkeun ka oerang doeaan."

„Kaoentoengan, ti mana?" tjek koering bari rek ngaboseh kareta mĕsin, tapi hajang ngadenge djawabna eta djĕlĕma. Koering teu koedoe sieun katjĕkĕl koe eta toean, sabab di mana aja pĕrloena, koering bisa ngilĕs ti eta djĕlĕma, komo lamoen dina djalan noe nandjak mah, katjida koering gampangna ninggalkeun eta djĕlĕma.

„Tina kapintĕran nona toenggang kareta mĕsin," djawabna „njaistri noe tjara nona, noe koe abdi diilari ti kapoengkoer teh. Abdi tiasa noedoehkeun hidji djalan ka nona, pikeun ngilari artos. Abdi sanggĕm ngoentoengkeun nona! Hidji panoehoen noe sae, nona!

Sanes padamĕlan noe matak roegi ka nona. Bade nolak nona teh? Oelah waka nangtoskeun kitoe-kieu nona, samemeh eta barang katingali sae-awonna. Oepami nona ngaroegikeun ka abdi, sami bae sarĕng nona ngaroegikeun ka salira koe andjeun. Dangoekeun heula nona, tjarios abdi!"

Bari ngalieuk ka toekang koering ngadjawab: „Tjobi mangga tjarioskeun, naon pitjarioseun toean teh?"

Kakara repeh koering ngomong kitoe, andjeunna geus ngadjawab: „Ĕndjing abdi pĕgat di kampoeng Fraunheim, tjakĕt kantor pos, kintĕn taboeh 10, sarĕng oepami eta pĕrkawis teu matak oentoeng ka nona, abdi ĕntong disĕbat Cyrus W. Hitschcock."

Sanggeus koering ngadenge tjaritana eta djĕlĕma, bĕt koering pĕrtjaja, jen omong eta djĕlĕma beunang diandĕl.

„Sae," djawab koering „endjing abdi tangtos dongkap ka dinja, nanging toean oelah noetoer-noetoerkeun deui."

Noe matak koering wani djangdji kitoe, sabab Frauinheim hidji kampoeng noe rame, rea djĕlĕmana, djadi lamoen eta djĕlĕma aja niat meuntjit ka koering, tangtoe aja noe pinoeloenganeun.

Pasosore koering datang ka losmen pangandjrĕkan koering, koe koering dipikir diboelak-balik, hade-gorengna eta pĕrkara, oepama koering noeroetkeun pamĕntana toean Cyrus W. Hitchcock. Waktoe harita pikiran koering midoea keneh, aja moendoer, aja maǵjoe; tapi lantaran koering hajang njaho, naon maksoedna eta oerang Amerika nitah datang ka Fraunheim, koering baris maksakeun maneh bae, isoekan rek ka dinja. Boeboehan seuweu-poetoe Baboe Hawa djeung Ṇabi Adam noe beunang ditipoe koe oraj, daek noeang boeah koldi; bĕt koering ge harita teu koeat nahan hate, tina tarikna panarik kahajang; nja isoekna koering indit.

Noe ngadjadikeun koering wani nekad teh, koe lantaran koering kaget nendjo tjonto ti awewe², noe tjaritjing saimah, sapangandjrĕkan djeung koering. Peuting eta maranehanana ngobrol tina bab kadaharan, inoeman djeung adjoerna kadaharan di djĕro beuteung. Tina bab adjoerna kadaharan maranehanana katjida parahamna. Harita maranehanana saroekan-soekan bari njarotjok anggĕl-korsi. Ari sawareh deui aja noe keur ngarenda, njieun karembong pakeeun kana pesta. Dina paromanana teh katjida sarĕnangna sanadjan maranehanana teh geus kaitoeng karolot, bĕt daraek djeung barisa keneh digawe, tapi koering bĕt ĕmboeng noeroetan

kalakoean maranehanana kitoe teh; awakna darajoet, nĕpi ka noempra dina korsi, ari koering mah rĕsĕp moen awak koering djangkoeng gĕde. Leuwih hade koering dipeuntjit koe oerang Amerika tea, tinimbang koering daek ngahekok di imah kakapoetan ngarah djadi lintoeh, tjara maranehanana.

Rĕdjĕki teh tangtoe bakal kapimilik koe djĕlĕma noe daek balangsiar.

Lamoen koering teu ngaboelkeun pamĕntana toean Hitchcock, nja eta manggihan andjeunna di Fraunheim, boa² koering moal bisa tjara ajeuna. Oentoeng bae koering ngawani-wanikeun maneh, baris nampa ilham ti Goesti Allah noe dipaparinkeun ka koering. Koe sabab toean Hitchcock geus bebeakan tjarita ka koering, jen noe baris dibarĕmpoegkeun djeung koering baris ngadatangkeun pangasilan, katjida narikna kana hate koering, sarta koering pĕrtjaja kana tjaritana. Waktoe harita doeit koering ngan tinggal ƒ 1.80 deui. Sanadjan koering njaho, jen lamoen eta doeit koe koering dipake njewa kareta mĕsin, noe baris ditoempakan koe koering ka Fraunheim, tangtoe dina poë Sĕnen pasosore, koering bakal teu boga doeit keur meuli kadaharan, tapi koering maksakeun maneh bae njewa kareta mĕsin, nja harita koering aja niat nembongkeun wawanen koering ka awewe² noe saimah djeung koering tea. Kawasna euweuh deui noe dipikahajang koe maranehanana mah oenggal poë teh kadjaba ti barang hakan.

Isoekna isoek² koering salamĕt bisa datang ka Fraunheim, harita koering papanggih deui djeung toean Amerika teh, kasampak keur ngadjĕga di dinja ngadagoan koering. Andjeunna hormat pisan ka koering, toeloej ngadjak tatabean, dina kĕkna waktoe tabe, katara jen andjeunna atjan toeman tjatjampoeran djeung njonja².

Bari noendjoek kana hidji kareta noe ditoetoep — kawasna ka dinjana toempak eta kareta — eta toean sasaoeran: „Dina kareta eta „b a r a n g t e h" disimpĕnna, nona. Oerang kĕdah ati² pisan soepados eta barang oelah aja noe ningal. Eta barang baris ngoentoengkeun ka oerang."

„Naon eta barang teh?" tjek koering bari ngadegdeg, lantaran ngadenge kĕtjap „b a r a n g t e h", koering njangka jen eta teh majit.

„Kareta mĕsin tea!" djawabna. „sanes nona pang soemping ka dieu teh, bade noenggangan eta?"

„Euh, kareta mĕsin!" djawab koering tjara noe geus ngarti kana maksoedna. „kareta mĕsin noe kĕdah ditoempakan koe abdi tea?"

„Lĕrĕs," djawabna, bari noendjoek deui kana kareta „di dieu mah nona teu kenging noenggangan; kĕdah dirasiahkeun heula dongkap ka dintĕn panoetoep."

„Dongkap ka dintĕn panoetoep?" Ngadenge eta omongan angĕn koering ratoeg, sok sieun eta toean ngarah tjilaka koering. Harita koering boga sangkaan jen eta oerang Amerika teh gelo.

„Mangga oerang angkat, toeh ka pasir itoe." tjek eta oerang Amerika „Oerang teu kenging katingal koe djĕlĕma sedjen. Ĕngke „eta tea" koe abdi dibantoen ka nona."

„Ej!" djawab koering tina kaget „Saha?" Doemeh aja basa „eta tea".

„Mĕsin tea," djawabna „sanes nona teh parantos ngartos kana omongan abdi? Kapan nja nona noe bade ngalampahkeun kahajang abdi teh."

Andjeunna sasaoeran kitoe teh bari ngisarahan ka koering, jen koering koedoe noeroetkeun kapalaj andjeunna. Bĕt teu karasa deui, koering kawas noe katĕrap djampe, tjlak koering toempak kareta mĕsin beunang njewa tea. Eta toean noetoerkeun ka koering toempak kareta. Barang koering djeung eta toean nĕpi kana hidji leuweung noe tiiseun, toeloej eureun. Eta toean ngaloearkeun hidji kareta mĕsin noe katjida pisan anehna.

Ari roepana mah teu aloes, tapi parabotna beda katjida djeung kareta[2] mĕsin noe geus kapanggih koe koering.

Eta kareta mĕsin koe toean Hitchcock ditatap dioesap tjara bapa ngoesapan anakna noe katjida diogona, geus kitoe toeloej ditoempakan. Nilik kana paningkahna, koering ngarti, jen eta kareta mĕsin teh „model baroe."

Sanggeusna sababaraha M. eta toean mĕtjakna kareta mĕsin, andjeunna ngalieuk ka koering, kawas palaj oeninga, koemaha timbangan koering, tina eta kareta mĕsin „model baroe" tea.

„Ieu kareta mĕsin," saoerna, „didjalankeun koe excentriek [1])." Ari geus kitoe eta kareta mĕsin ditembongkeun ka koering, djeung ditĕrangkeun koemaha djalanna. Gilindingna eta kareta mĕsin didjalankeun koe hidji parabot noe kawas iteuk, sarta teu

[1]) Excentriek, nja eta hidji roepa parabot noe ngagoĕngkeun roda mĕsin ari moeihna dina mĕsin, noeroetkeun atoeran ĕngasna (asna).

make rante, tjara kareta mĕsin biasa. Panintjakanana (pedal) ngan hidji, njamboeng kana sĕtang; nja eta noe ngagoĕngkeun kikipingna eta kareta mĕsin, djeung koe pĕrtoeloengan excentriek noe ditĕrangkeun tadi tea. Djeung aja deui hidji parabot noe golang sorangan, pikeun ngobahkeun eta kareta mĕsin, katjida hadena oepama eta kareta dipake nandjak ka goenoeng. Eta parabot kareta mĕsin ditĕrangkeun atoeranana tĕrang pisan, koemaha prakprakan makena djeung ngomeanana. Di beulah ti hareupna eta kareta mĕsin, aja hidji djaroem, eta djaroem gawena paranti noedoehkeun lochoer-handapna djalan noe diliwatan, deukeut panjĕkĕlan sĕtang aja hidji sĕsĕtil paranti oepama noe toempak rek madjoe kana djalan noe nandjak, eta sĕsĕtil koedoe diteueulkeun; djaba ti eta aja deui parabot paranti nganggĕran madjoena eta kareta mĕsin. Oepama oerang nitenan kana sakabehna parabot eta kareta mĕsin, tangtoe kaharti, paingan eta oerang Amerika agoel koe kapintĕranana teh.

„Tjing tjobi, mangga koe nona toenggangan, ieu kareta mĕsin teh!" saoerna eta toean ka koering.

Toeloej eta kareta mĕsin koe koering ditoempakan. Koering katjida heranna, koe lantaran katjida babarina nandjak make eta kareta mĕsin, rarasaan teh taja bedana djeung dina tĕmpat noe datar bae.

„Teu kintĕn gampilna dibosehna, sanes?" saoerna eta toean sĕmoe noe agoel.

„Jaktos, teu kintĕn bae raosna," djawab koering „koe kareta mĕsin noe sapĕrtos ieu, roepina oerang tiasa nandjak ka goenoeng Mond-Blanc." [1])

Bari ngoesap[2] djanggot, eta toean sasaoeran deui: „Nja kareta mĕsin ieu noe baris pikengingeun teh ĕngke, margi tandjakan noe sakoemaha nĕtĕkna oge, koe kareta mĕsin ieu mah tiasa disorang. Jaktos, ieu kareta mĕsin tiasa dianggo nandjak di goenoeng Washinton."

„Kareta mĕsin naon ieu teh ngaranna, toean?" tjek koering.

Kawasna eta oerang Amerika palaj oeninga koemaha pikiran koering, toeloej mĕlong ka koering, geus kitoe kakara ngadjawab pananja koering: „Di Amerika koe abdi dingaranan The Great

[1]) Hidji goenoeng noe katjida ioehoerna di Prantjis.

Manitou", [1]) karana eta Dewa sagala kahajangna kadjadian; nanging ari di Eropa mah koe abdi bade dingaranan Martin Conway atanapi Whymper, atanapi naon bae."

„Naha bĕt kitoe?" tjek koering.

„Margi nja kareta-mĕsin ieu noe mimiti kenging dianggo nandjak ka goenoeng."

Djawab koering: „Ajeuna mah abdi ngartos! Ieu kareta mĕsin tiasa dianggo nandjak ka goenoeng Mätterhorn bari njĕkĕl piring."

Ngadenge omongan koering kitoe, teu kira[2] boengaheunana.

„Sae teu kintĕn, nona! Abdi gadoeh panĕda, nona kĕdah kĕrsa noenggangan ieu kareta mĕsin. Nalika abdi ngawitan ningal nona, abdi ngomong sadjĕroning hate: „Nja ieu djĕlĕmana noe pibisaeun noeloengan ka aing teh, noe pingalaksanakeun maksoed aing teh. Abdi oentoeng, nona oentoeng. Hartosna oerang doeaan sami[2] pada oentoeng. Tah kĕdah kitoe, sajaktos-jaktosna dagang mah. Dina salira nona aja wanda anoe kitoe. Wanda tjek abdi, tah moemoentjangan nona noe bakal iasa ngadamĕl artos teh. Ĕngke nona tangtos iasa ngelehkeun „Toean[2] noe galĕde hoeloe tea."

„Teu atjan ngartos," djawab koering, bari noeroetan adatna dina keur tjatjarita.

„Ah, ĕngke oge tangtos nona enggal ngartos," djawabna bari ngoesapan kareta mĕsinna „ieu kareta mĕsin bisa naek tjara badjing. Oepama pĕrloe, tangtoe maneh bisa naek kana tangkal kai, lain?" saoerna kana kareta mĕsin, tjara mawa tjarita ka boedak bae.

Eta toean njarios deui ka koering. „Bab eta, kapan parantos ditjarioskeun ka nona, sanes? Mangga tjobi sakali deui, nona, toenggangan, toeh ka goenoeng itoe!"

Gantjang koering noempakan eta kareta mĕsin; teu lila koering geus aja di loehoer goenoeng noe ditoedoehkeun tea. Eta kareta mĕsin loempatna tjara koeda adoe bae. Oepama katoël saeutik oge pĕdalna, tĕroes bae leumpang sorangan. Kakara harita koering toempak kareta mĕsin noe tjara eta. Tjara manoek ngalajang, koering balik deui ka toean Hitchcock. Si „Manitou" moedoenna alon teu pĕrloe direm deui.

---

[1]) The great Manitou ngaran Dewa oerang Indian.

„Eta kareta mĕsan tiasa ngalajang." saoerna sĕmoe noe boengah.

Tjek koering: „Balon ge kawon koe ieu mah."

„Ajeuna nona tangtos palaj oeninga, naon kaoentoengan noe baris katarima koe oerang doeaan, sanes?"

„Jaktos, abdi katjida hajangna tĕrang," omong koering bari imoet.

„Eta kaoentoengan teh sanes dongkap ti salawang bae." saoerna bari neuteup kana kareta mĕsin, tjara hidji bapa nendjo ka anakna noe dipikanjaah „Abdi ngilari artos sanes pikeun abdi woengkoel, nanging ngilari oge keur nona deui. Dina dintĕnan panoetoep ĕngke nona baris noenggangan ieu kareta mĕsin, ngawakilan abdi. Sarĕng oepami nĕpi ka meunang, oelah salĕmpang nona, tangtos oerang ĕngke bakal aroentoeng."

Djawab koering: „Oepami toean kĕrsa sasaoeran tĕroes tĕrang sarĕng ringkĕs, tangtos ieu pĕrkawis enggal poetoes."

„Nanging nona, roepina teu atjan ngartos, jen ieu kareta-mĕsin sina ditoenggangan koe hidji istri, noe tangtos bakal meunang kaoentoengan gĕde."

Koe koering eta toean dipĕlong.

„Jaktos nona, kitoe kĕrsana Noe Maha Soetji, oepami hidji istri ngelehkeun lalaki, eta teh sok matak ngawoewoehan kamashoeran, matak djadi sabiwir hidji. Soemawontĕn waktoe ieu, sae-awonna barang teh noemoetkeun „samboenglajang" noe diawoer-awoer di oenggal tĕmpat."

Koe sabab koering teu rĕsĕp ngadenge tjarita pandjang noe loear-leor kawas oraj meuntas, toeloej koering ngomong: „Toean Hitchcock, abdi teu ngartos saeutik-eutik atjan kana tjarios toean."

Eta toean teu kira[2] kageteunana, ngadenge omong koering kitoe, saoerna: „Ah! hidji istri noe paham kana kareta mĕsin sapĕrtos nona, pirakoe teu oeninga naon noe matak ngagendjlongkeun djagat kareta mĕsin. Aneh! Naha nona sanes toekang balap kareta-mĕsin? Pirakoe!"

Koe koering ditjaritakeun harkat diri koering. Poegoeh, koering toeroenan, tapi da kamenakan mah teu beunang di dahar. Barang ngadangoe tjarita koering kitoe, eta toean parangina mĕsoem, pok sasaoeran: „Handjakal! gamparan teh geuning menak! Nanging sangĕt panoehoen abdi, moegi nona kĕrsa toenggang kareta mĕsin abdi dina waktosna balap."

Kawasna andjeunna atjan oeningaeun, jen koering atjan ngarti keneh bae kana maksoedna, boektina sasaoeranana teu poegoeh hoeloe-boentoetna. Oentoeng, lila² koering ngarti kana maksoedna eta djĕlĕma. Kawasna bae pamarentah Djĕrman ngajakeun pasanggiri: saha² noe bisa njieun hidji roepa kareta mĕsin, noe beunang dipake koe soldadoe Djĕrman dina pangpĕrangan, baris dipasihan gandjaran. Eta pangbalapan kareta mĕsin, ti Frankford nĕpi ka Limburg, ngaliwat pagoenoengan Taunis. Saha² noe meunang, baris digandjar sareboe pond (ƒ 12000). Oenggal pabrik koedoe make kareta mĕsin boeatanana, djeung koedoe neangan sorangan djĕlĕma noe pinoempakaneunana. Poë panoetoep noe ditjaritakeun koe oerang Amerika teh, nja eta poë Saptoe, sabab balap kareta mĕsin baris diajakeun dina poë eta.

Ajeuna mah koering ngarti kana kabeh tjaritana eta oerang Amerika. Kareta mĕsin boeatan toean Cyrus W. Hitchcock koedoe dirasiahkeun nĕpi ka poë Saptoe; ngarah woewoeh mashoer oepama kareta mĕsinna meunang, koedoe ditoempakan koe awewe.

Bareto waktoe toean Hitchcock ningali koering rek mangloempatkeun ka andjeunna, andjeunna sasaoeran kieu ka koering: „Nja ieu awewe noe diteangan ti bareto teh."

Sanggeus koering noempakan eta kareta mĕsin meunang 2 — 3 balikan, koering boga rasa jen eta kareta mĕsin teh hantjĕngan koering.

Noe katjida goenana kana eta kareta mĕsin, moemoentjangan koering, sabab rasiahna aja dina goelak-gilekna soekoe. Kakoeatan awak teu sabaraha pĕrloena pikeun eta kareta mĕsin; tapi karikatan koering dina waktoe eukeur toempak, tah eta noe katjida pĕrloena teh. Soekoe koering katjida aloesna ngagoĕngkeun pedal; taksiran karoehoen² koering baheulana tjaritjingna dina loehoer kai, tjara monjet.

Bab pĕrdjangdjian koering djeung toean C. W. Hitchcock geus beres. Ari geus kitoe eta toean mariksa deui ka koering: „Djadi kĕrsa nona ngalakonan panoehoen abdi teh?"

„Ditampi kalawan kabingahan," djawab koering.

Oepama koering meunang balap, baris dibere 50 pond (ƒ 600). Tapi moen eleh mah, ngan baris dibere 5 pond (ƒ 60).

„Eta teh sanes koe lantaran kapintĕran nona woengkoel," saoerna, „nanging lantaran roepi nona deui. Abdi teu kintĕn

rĕsĕpna ningal nona. Eta oge hidji pĕrkawis, noe kĕdah dititenan koe soedagar."

„Roepi abdi tiasa dianggo modal?" tjek koering. Eta toean oenggeuk nandakeun jen ngĕnjakeun.

Ti harita tĕpi ka poë Saptoe mah koering teu digawe. Djadi koering bisa diadjar ĕnja² noempakan eta kareta mĕsin, dina tĕmpat anoe soeni.

Niat koering ngoelik barang² koena, noe aja di Städelmuseum beuki tambah² bae. Koe koering pagawean badan dipiligĕntikeun djeung pagawean oeteuk. Tina hal pangadjaran kakoeatan badan, koering paham oge, tapi ajeuna pangharĕpan koering, hajang diadjar nambahan roepa² pangabisa, noe koedoe didjalankeun koe oeteuk.

Dina poë Saptoe soeboeh² koering geus hoedang; koering katjida sieunna eleh, lantaran koering ngarasa geus katjida bisana toempak kareta mĕsin. Komo ieu mah, lantaran eta doeit noe 1000 pond (ƒ 12000) teh, goemantoeng kana kapintĕran djeung karikatan koering; eta sababna noe matak koering teu ngeunah njatoe, teu ngeunah nginoem. Lantaran koering geus sanggoep, koe sabab eta koering koedoe nohonan kana pasanggoepan tea.

Sanadjan awewe² oerang Djĕrman noe saimah djeung koering tea harita ka koering nitah dahar djeung goreng daging, tapi harita koering ngan dahar ĕndog hajam satĕngah matĕng hidji, roti beunang ngaganggang sakeureut djeung tjikopi satjangkir, lantaran ti waktoe koering di Cambridge oge, salawasna lamoen rek balap ngadajoeng, dahar teh sok satĕngah seubeuh, tara saseubeuhna, sabab lamoen beuteung koering pinoeh teuing, sok teu pati koeat ngadajoeng.

Sawatara mĕnit deui ka poekoel 11, koering geus aja di Schillerplatz, make badjoe pondok, tjara pakean djoki. Tanah lapang noe sakitoe lĕgana, pinoeh koe mangreboe-reboe djĕlĕma noe rek laladjo balap kareta mĕsin tea. Ponggawa² pamarentah koedoe ngalowongkeun djalan, noe baris disorang koe djoki² kareta mĕsin. Toean Amerika tea, wĕwĕling ka koering, jen koering koedoe ngĕlat² maneh datang ka dinja.

„Djĕnĕngan nona koe abdi ka pamarentah Djĕrman dioendjoekkeun pondokna bae, nja eta L. Cayley. Tangtos tjek pamikir oerang Djĕrman nona teh pamĕgĕt, noe pintĕr toenggang kareta mĕsin.

Ĕngke dimana beh ge ningal nona, maranehanana baris sawala, tangtos njarĕbatkeun, istri teu kenging miloe balap kareta mĕsin. Koe margi waktoe pikeun padoe ngan saeutik, djadi abdi gampil bae pikeun ngalawanna pamondah maranehanana, asal nona iasa ngiring bae, teu kintĕn abdi bingahna, teu sawios abdi mah teu kenging artos gandjaran noe sareboe pond (ƒ 12000) oge, dapon nona ngiring balap bae, margi noe pangpĕrloena pikeun abdi, babakoena mah ngan samboeng lajangna (reclame). Emoetkeun tjarita abdi, nona; doenja teh ajeuna kaĕreh koe samboeng-lajang, panawaran sarĕng salabaran."

Djadi koering datang ka dinja teh, dina waktoe rek prak pisan balap, koering nendjo ka djoki[2] sedjen, tapi rada era. Eta djoki[2] teh kabeh bangsa toean[2] bae. Doeaan ti antara eta djoki[2] tea, opsir nagara Djĕrman, eta oge ngango anggoan djoki. Eta doea opsir ningalina ka koering sapĕrti ningali ka moesoeh bae. Noe saoerang toeloej nĕpoengan ka toean noe ngapalaan balap tea, toeloej andjeunna sasaoeran sakeudeung. Koering njangka jen andjeunna ngoendjoekkeun kabĕratanana, doemeh koering awewe miloe balap. Teu lila soemping toean noe djadi pangoeroes balap tea njampeurkeun ka koering, kawasna bari ngamanah-manah, naha ĕnja salah, lamoen koering miloe balap. Sotjana oelĕng, nandakeun keur aja noe dimanah koe andjeunna, datang ka koering rada sieun nendjo sotja eta toean ngaboerilĕng. Tapi kawasna andjeunna atjan poetoes ngamanahna. Barang balap rek prak, kakara nĕpangan ka toean Hitchcock. Ajeuna kawasna geus kamanah koe andjeunna. Andjeunna sasaoeran kĕras djeung kasar: „Eta awewe teu meunang miloe tjampoer!"

„Naon margina noe mawi teu kenging?" tjek koering bari imoet rioet, nadjan harita gĕtih koering geus naek.

„Naon sababna teu meunang? Sabab pamarentah geus nangtoekeun ieu balapan keur lalaki woengkoel."

„Moegi toean teu djadi bĕndoe!" tjek koering bari nembongkeun oendang[2] taoen 1897 salambar, noe koe koering geus disadiakeun ti tadina. „Oepami toean nitenan oendang[2] bab ka 5, tangtos toean oeninga, jen awewe toekang toempak kareta mĕsin, dianggap sapĕrtos toekang toempak kareta mĕsin lalaki, djadi sami hakna sarĕng lalaki."

Koe lantaran koering sieun dilalaworakeun, eta oendang[2] koe koering diadji ĕnja.

„Eta pĕrkara bĕnĕr." saoerna, bari neuteup ka koering, kawas noe palaj oeninga na saha koering teh. „Awewe noe toempak kareta mĕsin dianggap sapĕrti lalaki bae."

Andjeunna ngamanah deui, teu kira[2] ripoeheunana, tjara moerid, ngitoeng hidji itoengan noe katjida hesena.

Sabot keur kitoe, koering bisa deui ngomong: „Widian bae atoeh abdi ngiring balap. Oepami abdi kenging, sae koe toean dioendjoekkeun ka pamarentah Djĕrman."

Toean C. W. Hitchcock miloe tjarita: „Roepina ieu pĕrkawis tĕtĕrasan kana hak hidji bangsa. Sakoemaha pioentoengeunana Manitou, lamoen Inggris djeung Djĕrman patjengkadan, nĕpi ka ngadjadikeun pĕpĕrangan di antara eta doea karadjaan. Amerika Sarikat tangtoe bisa meunang oentoeng."

„Kana proengna ngan 2 mĕnit deui; tjek hidji pagawe noe koedoe njaksian ngiringkeun noe balap.

„Mangga toempakan bae kareta nona!" saoerna toean noe djadi kapala balapan teh. „Pamarentah ĕngke bakal moetoes ieu pĕrkara, sanggeus narima pioendjoek ti kaoela."

Bari sasaoeran kitoe, andjeunna nempelkeun kĕrtas salambar, noe ditoelisan No. 7, kana badjoe koering.

Opsir noe nganggo anggoan djoki tea sasaoeran deui: „Oepami ieu nona miloe mah, koering moal toeloes miloe, margi ngaroeksak kana kahormatan opsir."

Sanggeus ngadenge kitoe, koering dongko ngera[2] eta apsir: Oepami toean sieun koe hidji parawan Inggris ....," omong koering bari imoet.

Gantjang andjeunna repeh sarta tĕroes moelih deui kana tĕmpatna.

„Saměnit deui!" Kadenge koe koering aja sora noe ngagorowok.

Koering djeung batoer[2] geus sadia. Harita djĕlĕma[2] djĕmpe, teu lila koering ngadenge sora djĕlĕma noe ngarahoeh, koering oge katjida risina, angĕn koering ratoeg kĕkĕtĕgan, tapi eta pĕrkara koe koering teu ditembongkeun. Teu lila kadenge koe koering aja noe ngagorowok tarik tapi pondok: „Poer!"

Tjara djamparing noe mĕlĕsat tina gondewana, rabĕng koering djeung batoer[2] djoki ngaloempatkeun kareta mĕsin.

Pidoea poëeun deui kana proengna, koering geus mariksa eta djalan djeung toean Amerika tea; soepaja oelah kanjahoan koe djělěma, eta pagawean koe koering dilampahkeunana poekoel 5 soeboeh.

Sanadjan koering geus njaho pisan, djalan mana noe koe koering koedoe disorang, tapi lar opsir Djěrman djeung hidji djoki noe sedjen geus miheulaan ka koering, koering geus taja oentoepan kana baris meunang. Beu, atoeh lapoer ƒ 600 teh! Beak pangharěpan koering harita. Toeroeg² koering boga pikiran geus taja pětana pibisaeun ngelehkeun djělěma² noe geus katjida pahamna toempak kareta měsin.

Teu lila koering djeung batoer² nępi ka djalan gěde noe datar toeroet sisi waloengan Main, noe těroes ka kota Mainz. Aja kira-2 pal eta djalan rata tapi ngěboel; eta djalan katjida aloesna, tapi roepana bodas, djadi matak silo kana panon. Oerang Amerika tea noetoerkeun dina koeda. Dina koering keur ngaběkik toempak kareta měsin noe sakitoe gantjangna teh, teu eureun² manehna ngomong ngagědean hate koering. Bari tjotjorowokan andjeunna mapatahan: „Sing sěnang bae, nona. Keun bae tinggaleun mah. Oelah sieun², nona! Pegeg amběkan, nona! Amběkan! Amběkan!! Eta noe pěrloe! Di noe rata antěp maranehanana sina ninggalkeun! Ěngke oge di tandjakan di goenoeng Taunus, tangtos kasoesoel deui koe nona.

Sanadjan eta toean Amerika katjida ngagědeanana hate koering, tapi koering meh beak pangharěpan, sabab batoer² loerlar bae miheulaan ka koering, datang ka ngan kari koering bae toeng-toengna mah noe ngatjlek teh ngitjlik pandeuri .....

Koe sabab eta, djělěma noe njaksian balapan, djeung noe mariloe noempangan, tinggělěnděng ka koering; sabab noeroetkeun oendang² Pamarentah, dilarang pisan djělěma² noe nganteur, miheulaan djoki², sanadjan eta djoki katjida katinggaleunana. Maranehanana ngahantěm gogorowokan: „Eureun nona! Eureun! Eureun! Eureun, nona! Nona geus tetela baris eleh! Eureun soepaja koering sarerea bisa noetoerkeun itoe djoki² noe geus djaraoeh!"

Tapi harita keneh kadenge sorana toean Amerika tea: „Oelah ditoeroet, nona! Oelah waka seep pangharěpan! Simpěn napas! Eta noe pěrloe! Saha² noe loba napas, eta noe baris meunang.

Geura ěngke dina palěbah tandjakan noe nětěk tea, nona! eta oerang Djěrman kabeh oge palid!"

Ngadenge kitoe koering djadi gěde hate, ngaboseh kareta měsin dianggěran satakěrna. Poë katjida panasna, tapi koe koering teu dirasa, ngitjlik bae pandeuri nępi ka Höchst, hidji kota leutik, djaoehna 9 pal ti Frankford.

Barang koering djeung batoer² datang ka dinja, ditoeliskeun koe pagawe² noe narangtoeng di dinja, noměr² djeung djamna waktoe koering djeung batoer² datang ka eta těmpat. Bari ngaboseh, koering nanja ka pagawe noe aja di dinja: „Parantos sabaraha lamina djoki noe pangpandeurina ngaliwatna ka dieu?"

Eta pagawe adab pisan ngadjawabna ka koering: „Parantos opat měnit, nona!"

Ngadenge djawaban kitoe pangharěpan koering kana meunang, leungit deui. Kaběněran harita djalan teh mimiti nandjak, sarta koering ngarasa jen kareta měsin Manitou katjida hampangna dipake nandjak teh.

Barang koering nępi kana poentjakna eta pasir, katembong koe koering ti kadjaoehan djalan mělědoeg.

Harita koering ngarasa aja angin ngahiliwir, katjida matak sěgěrna. Toean Hitchcock masih keneh noetoerkeun bae, sasaoeran kieu ka koering: „Ěntong roesoeh², nona! Alon bae, alon!"

Di peuntaseun djambatan di Hattershein eta djalan mengkol djeung mimiti nandjak deui, mapaj sisi waloengan Scharzbach, noe ngotjor ka Eppstein ngaliwat lamping pagoenoengan Taunus. Dina waktoe harita koering teu pati sieun eleh teuing. Koering geus ngarasa gěde hate, sabab tjek pikir koering, dina těmpat anoe nandjak koering bakal bisa ngoesoel moesoeh, malah dina tandjakan deukeut Niederhausen koering aja pangharěpan baris bisa ngaliwat maranehanana. Koe sabab kitoe kakara koering wani loeak-lieuk ngilikan palataran anoe kaliwat. Waktoe koering ngaliwat Kofheim, hidji kota leutik tapi rěsik, dikoerilingan koe goenoeng² noe sěmoe hedjo, sabab loba tatangkalan noe djaradi, boeoek koering ngarambiom kana beungeut, lantaran katěbak angin.

„Parantos sabaraha lamina djoki noe pangpandeurina ngaliwatna ka dieu?" Tjek koering ka hidji soldadoe, noe koedoe noeliskeun poekoel sabaraha djoki² ngaliwatna di eta těmpat.

„Nĕmbe doea mĕnit, nona!" djawabna.

Djadi koering kakara bisa njoesoel doea mĕnit. Sanggeus koering njorang gĕnĕp djambatan laleutik, ajeuna koering ka loear ti kota Schwarbach. Koering toempak kareta mĕsin teh katjida gantjangna, datang ka rarasaan soekoe koering rapĕt kana panintjakan (pĕdal), awak koering djadi hidji djeung kareta mĕsin. Sanadjan eta djalan tĕroes nandjak bae sarta nĕtĕk tjara bilik badis, tapi katjida gampangna kareta mĕsin Manitou nandjak di dinja. Koering ngaboseh rarasaan teh mani rek beak napas. Ti Frankford ka Lorsbach djaoehna 16 pal, ari ka Eppstein 18 pal. Tah sakitoe djalan noe koe koering geus kaliwat teh.

Eta djalan sapandjangna nandjak woengkoel. Koering nanja deui ka sĕrdadoe noe ngadjaga di dinja.

„Parantos sabaraha tĕbihna noe pangpandeurina?"

„Nĕmbe mengkol dina pengkolan eta, nona!" djawabna eta sĕrdadoe.

Anoe pangpĕrloena ajeuna taja deui ngan koedoe bĕnĕr ngaboseh. Omonganana eta sĕrdadoe hĕnteu salah, sabab teu lila katembong koe koering djĕlĕma noe ditoedoehkeun teh, ngan sakolepat koering geus bisa miheulaan eta djĕlĕma. Djĕlĕma noe kapiheulaan koe koering teh, beungeutna geus pinoeh koe kĕkĕboel djeung kawasna katjida tjapeëunnana. Eta salahna sorangan, koerang ati² nahan napas. Saangin bae koering miheulaan manehna teh, harita poë katjida panasna.

Barang koering geus bisa njoesoel saoerang, pangharĕpan kana meunang ngawoewoehan deui. Nĕpi ka lĕbah dinja koering njorang djalan hade sarta bĕrĕsih bae, tapi deukeut Nieder Josbach, doea pal djaoehna tina djalan noe aloes tea, oedjoeg² asoep kana djalan leutik, noe make tanda² sarta katjida nandjakna, eta djalan tĕroes bae nandjak nĕpi kana moemoenggang goenoeng Taunus. Pamarentah Djĕrman ngahadja milih eta djalan, sabab ieu pasanggiri lain keur soekan², tapi pikeun milih kareta mĕsin noe mana noe hade baris dipake koe militer dina pangpĕrangan. Kadjaba nandjak eta djalan teh taringgoel deuih. Kentja-katoehoeëunana eta djalan katjida goĕrawesna, datang ka paoer oerang moen ngaliwat ka dinja teh. Tapi sanadjan sakoemaha nandjakna oge eta djalan, koering ngaboseh teh teu dikĕndoran tĕroes gantjang bae, sabab beuki nandjak, beuki ngeunah

pikeun kareta mĕsin noe ditoempakan koe koering mah. Deukeut Ober-Josbach, hidji tĕmpat noe arioeh loba tatangkalanana noe laloehoer, tinggal doea djĕlĕma deui heulaeun koering. Hawa karasana beuki tiis. Lĕbah djalan ieu mah, lain tjara tadi koering nanja ka sĕrdadoe² noe ngadjaraga teh:

„Sabaraha djaoehna noe pangheulana?" tjek koering ajeuna mah.

„Doea mĕnit nona!"

„Djĕlĕma partikoelir atawa apsir eta toean teh?"

„Leknan, nona."

Djadi toean Opsir noe tadi tea kawasna noe pangheulana teh. Keur ngamashoerkeun lĕmah-tjai sorangan, nja eta tanah Inggris, koering koedoe meunang.

Djalan noe koedoe disorang teh pangnandjak-nandjakna kari 2 pal deui. Lamoen koering hajang meunang, nja di dinja koedoe bisa njoesoel teh, sabab kareta mĕsin koering katjida gantjangna nandjak.

Oepama eta djalan moedoen, tangtoe eta toean Opsir gampangeun ngabosehna, sabab salirana beurat. Kareta mĕsin koering disada kokorotokan sabab tidadalagor djeung oeroet ngadoepakan batoe. Atoeh, koering ngaboseh teh geus tjara kasandingan bae. Koe sabab kareta mĕsin Manitou katjida gandjangna dipake nandjak, soekoe koering ngagoëngna katjida pisan gantjangna, datang ka teu karasa deui ngaboseh teh. Eta djalan pinoeh koe batoe mani taringgoel, ari katoeroeg-toeroeg sok dipake djalan roda noe momotna bareurat, eta tapak roda ngaloeloeroeng djiga soesoekan laleutik. Sanggeus koering ngaboseh satakĕr tanaga, toean noe saoerang noe heulaeun koering tea, koe koering bisa kaliwat. Barang toean Leknan ngalieuk, andjeunna ningali ka koering.

„Ha! koerang adjar. Koetan eta teh maneh, nona Inggris?"

Sasaoeranana eta toean ka koering katjida pisan bĕngisna, koema onam oerang Djĕrman noe gĕde ambĕk ana keur njarita ka awewe.

„Soemoehoen," djawab koering „ajeuna oerang parantos patjakĕt, toean Leknan. Moegi² bae sakĕdap deui abdi tiasa miheulaan toean."

Bari ngomong kitoe koering ngaboseh noe satakĕr tanaga. Andjeunna teu ngadjawab sakĕmek-kĕmek atjan, tĕroes bae ngaboseh satakĕr tanaga bari ambĕk.

Koering ngaboseh teh bari dioek biasa bae, andjeunna dongko nĕpi ka harigoena meh antĕl kana kareta mĕsinna. Kikiping kareta mĕsin koering noe hareup, geus ngarendeng djeung kikiping kareta mĕsinna noe toekang. Toengtoengna barĕng djeung koering, harita masih di palĕbah djalan goepit djeung loba tapak roda. Toean Leknan masih di noe lidig, ari koering kabagian anoe taringgoel.

Geus kitoe andjeunna mengkol, kawasna bae rek ngahalangan pidjalaneun koering, soepaja koering meunang tjilaka; tapi Goesti Allah adil. Eta akal djahat teh njilakakeun ka salirana koe andjeun. Karetana neunggar koeta (dĕmpling), andjeunna meh bae geubis. Eta waktoe noe saeutik teh djadi pitoeloeng gĕde katjida ka koering, sabab dina waktoe eta Leknan rek tigorewal, koe koering Manitou diboseh satakĕrna, lar toean Leknan kaliwat.

Barĕng koering geus miheulaan, koering ngomong ka andjeunna bari goegoepaj djeung seuri: „Wiloedjĕng endjing toean Leknan Moegi oerang tiasa enggal tĕpang deui di Limburg!"

Ti sĕmĕt moemoenggang eta goenoeng, koering ngaboseh teh sĕnang bae nĕpi ka Idstein. Di dinja mimiti koering njorang deui djalan noe hade. Sanadjan eta djalan aja oge saeutik-eutikeun nandjak-moedoenna, tapi moesoeh[2] koering teu aja noe bisa njoesoel; koering bisa ninggalkeun 22 pal. Djadi bisana koering tĕpang deui djeung maranehanana teh, sanggeus datang ka Limburg.

Beunang disĕboetkeun teu lila, koering njorang djalan di pagoenoengan, noe pandjangna 46 pal tea. Waktoe koering ngaliwat djambatan waloengan Lahn, koering kaget sabab djoldjol geus aja bae toean Amerika tea di hareupeun koering; pang soemping ti heula ka dinja, maksadna rek njalamĕtkeun ka koering. Andjeunna toenggang kareta api ti Eppstein, sabab andjeunna palaj soemping heulaeun koering.

Barang koering toeroen tina kareta mĕsin, di deukeut garedja gĕde di Limburg, andjeunna geus ngadjĕga di dinja mĕgat koering, sarta toeloej njalamĕtkeun, doemeh koering geus meunang.

„Lima poeloeh pond!" Saoerna sĕmoe noe boengah. „Lima poeloeh pond! Hadiah noe baris dihatoerkeun ka nona. Salamĕt! Salamĕt Manitou!"

Noe noměr doea datangna heuleut 40 mĕnit ti koering; eta djĕlĕma partikoelir. Ari toean Leknan Djĕrman noe tadi tea, andjeunna ngakoekeun raheut. Pikiran koering andjeunna akon[2] njĕboet raheut teh. Sasaoeran kitoe sotah tamba era bae, sabab keok koe hidji parawan bangsa Inggris. Djadi dina mangsa harita koering geus boga doeit 50 pond (*f* 600). Di Limburg koering djeung toean Hitchcock dahar di losmen aloes pisan. Kadaharan noe disoegoehkeun ka koering, tjara katoeangan bangsa radja[2] bae.

———

BAGIAN KA IV.

SAROEA OENTOENGNA.

Sobat koering, toean Amerika tea, geus dangdji ka koering, andjeunna rek mĕrĕsen doeit, lamoen koering balap meunang. Eta pĕrdjangdjian ditohonan. Dina waktoe koering djeung andjeunna keur ngobrol di Losmen Limburg, dibilang dina dampal leungeun koering doeit ĕmas 50 pond, bari sasaoeran kieu ka koering: „Dipaparin teu diparin ge abdi koe pamarentah Djĕrman, artos noe 1000 pond tea, teu djadi naon[2]. Maksad abdi noe sajaktosna, hajang ngadaměl pĕrdjangdjian, samboeng-lajang sarĕng panawaran[2] noe disalabarkeun; ajeuna parantos kalaksanakeun."

„Naon margina noe mawi toean, rĕsĕp dagang kareta mĕsin di Djĕrman?" tjek koering api-api „Emoetan abdi ieu kareta mĕsin tangtos di Inggris langkoeng padjĕng manan di dieu."

Bari ngetjengkeun panonna, noe kapindingan koe tasma koneng, eta toean Amerika tanggah ningali panonpoë koe panon sabeulah.

„Inggris, — di Inggris? — Ningal kana kasaoeran nona, tetela nona teu atjan pati seueur loewang tina pĕrkara dagang. Doepi margina kieu. Oepami abdi hajang kenging oentoeng tina dagang di tanah Djĕrman, abdi kĕdah njieun pabrik sorangan; ajeuna oge abdi di Frankford keur njieun pabrik. Nanging oepami di Inggris mah, modal teh teu pati aja adjina; oepami hajang oentoeng abdi kĕdah ngadjoeal mahal pangabisa abdi ka maskape Inggris ari parantos didjoeal mah tjoel bae abdi mah teu pipiloeëun deui, koema dinja bae eta maskape rek oentoeng rek roegi oge."

„Euh, ari kitoe mah abdi ngartos," djawab koering. „Eta kasaoeran toean teh katjida lĕrĕsna, sami lĕrĕsna sarĕng anoe njĕbatkeun panonpoë bidjil ti koelon. Hidji pagoejoeban dagang Inggris, ari kana meulina pamanggih anjar mah wani mahal, nanging ngadjoealna eta barang siga noe lain neangan kaoentoengan, teu tjara maskape dagang di Amerika digarawena bĕnĕr, neangan oentoeng."

„Lĕrĕs nona. Eta kasaoeran nona katjida lĕrĕsna. Hojong naon nona, hojong soeroetoe atanapi palaj kalapa?"

„Bade dingaranan naon eta kareta mĕsin koe toean di Eropa?" tjek koering bari seuri.

Bari moentir[2] koemis eta toean mĕlong ka koering: „Euh nona, naon pambĕnganana oepami koe abdi dingaranan Louise Cayley?"

„Hih, oelah, toean Hitchcock! Eta ngaran oelah dianggo!" djawab koering. Koering reuwas bisi ngaran koering ĕnja didjieun ngaran kareta mĕsin.

Ngadangoe omong koering kitoe andjeunna ngadjawab bari goemoedjĕng: „Euh, jaktos matak hina ka salira nona." Roepina boga panjangka koering loehoer pamakanan. „Oepami hĕnteu sapoek sarĕng nona mah, eta pĕrkawis ĕntong ditjarioskeun deui. Abdi teh hidji djĕlĕma noe kenging pangadjaran. Sing pĕrtjantĕn, nona, abdi djĕlĕma pantĕs! Tjik ajeuna naon pambĕnganana, oepami koe abdi dingaranan Excelsior [1]), nona?"

„Teu aja kaawonanana; moeng handjakalna teh eta bae basa Latijn, sarĕng Latijnna sanes Latijn sae." djawab koering.

„Lĕrĕs nona! Nanging sae dianggo dina bab dagang."

„Oepami abdi mah tangtos dingaranan Manitou bae, nja eta ngaranna noe asal, toer model deuih."

„Euh kitoe, emoetan nona mah, nja? Oepami kitoe mah langkoeng sae koe abdi dingaranan Manitou tea bae atoeh. Nona roepina teu atjan paham kana eta pĕrkawis, nanging koe margi nona, istri, koe abdi kasaoeran nona bade ditoeroetkeun bae, margi dina pĕrkawis kieu, wadjib abdi noeroetkeun kana kasaoeran nona. Di Djĕrman sagala dilarang, di Inggris sagala dipojok."

Sanggeus koering djeung toean Hitchcock ngawangkong, toeloej arindit ti dinja.

„Teu kintĕn matak waraasna ieu kota kahot teh," tjek koering bari oelak-ilik ngilikan noe aneh[2]. Ari babakoena pisan mah koe lantaran koering dahar seubeuh, doeit boga 50 pond (ƒ 600), djadi sagala tetendjoan teh matak rĕsĕp, matak boengah bae.

„Kota kahot?" djawabna. „ieu teh kota kahot, nona?"

„Tangtos bae! Tjobi itoe garedja koe toean tingali! Tangtos oemoerna moal kirang ti dalapan windoe (800 tahoen)."

---

[1]) Excelsior hartina salawasna tambah loehoer.

Eta toean oelak-ilik ka djalan leutik, kawasna katingalina koe andjeunna mah taja kaaloesanana.

„Oepami ieu kota parantos kolot," djawabna bari ngegelan koe-koe, „teu aja pisan kamadjoeanana, oepami dibanding sarĕng oemoerna." Ari geus kitoe koering djeung toean Hitchcock toeloej ka sĕtatsion.

„Doepi kareta mĕsin kagoengan toean?" tjek koering; sabab Manitou diantĕp bae njarande kana pagĕr, keur dirogrog koe djĕlĕma[2] noe narendjo.

Eta toean ngareret kana kareta mĕsinna, bangoen taja pisan kalĕbar: „Euh, kareta mĕsin; ah, mangga bae djang nona." saoerna.

Eta toean sasaoeranana kitoe teh, pĕtana, tjara doenoengan noe ĕmboeng nampa pamoelangan ti boedjangna: „Kop bae adjang maneh," datang ka koering rek ngambĕk ngadenge eta omongan.

„Teu sawios, noehoen, toean!" tembal koering. „naon pidamĕleunana di abdi?"

Sĕmoe noe kaget eta toean ningali ka koering „Koemaha, nona?" tembalna „naha pantĕs abdi noempakan deui eta kareta mĕsin? Jaktos kirang aloes keur nona mah, nja. Nanging moegi nona oelah djadi bĕndoe, margi sanes pisan maksad abdi bade ngahina ka nona, moeng pedah nona parantos iasa kenging koe kareta mĕsin ieu, toer dina balap noe sakitoe ageungna; emoetan abdi pipantĕseunana, kĕdah ditoenggangan koe nona deui. Tangtos bakal seueur noe njararitakeun nona; malah, tangtos geura ĕngke di Frankford mah nona pada ngalaladjoan, oepami nona noenggangan deui Manitou. Djadi oerang „saroea oentoengna", hartosna nona oentoeng, abdi oentoeng, nja eta nona kagoengan kareta mĕsin, abdi gadoeh reclame (samboenglajang)."

Katendjona koe koering eta toean teh noe djadi djoedoel pamaksoedanana: hiroepna djĕlĕma teh koedoe „s a r o e a o e n t o e n g n a".

„Mangga! Teu kintĕn saena, toean." djawab koering, sanggeus ngaroeboehkeun kabĕdĕgongan hate „koe abdi ditampi eta pangasih toean. Mangga pisan, abdi daek noempakan eta kareta mĕsin djadi samboenglajang (advertentie) teh, toean!"

Waktoe harita kolepat! aja ilham, katembong koe koering pidjalaneun neangan kaoentoengan, toeloej koering ngomong kieu: „Abdi hidji parawan noe nĕmbe kaloear ti Sakola Loehoer; abdi

aja emoetan bade ka Zwitserland. Naon pambĕnganana oepami ĕngke abdi di ditoe diadjar dagang kareta mĕsin, ngadagangkeun kagoengan toean? Atanapi mangmĕsĕnkeun djĕlĕma[2] noe bade maleser. Djadi saroea oentoengna, toean oentoeng, abdi oentoeng. Toean iasa majoekeun kareta mĕsin, doepi abdi baris kenging ....."

Eta toean sĕmoe noe heraneun, bari mĕlong ka koering sasaoeran kieu: „Commissie" [1]).

„Abdi teu tĕrang naon hartosna kĕtjap Commissie;" tjek koering, sabab koering atjan pati njaho basa anoe dipake dina dagang. „Emoetan abdi toean moal roegĕl, oepami maparin sapĕrpoeloeh tina pangaos kareta mĕsin, noe koe abdi dipĕsĕn."

Dina paromanana katembong koe koering, jen eta toean teh katjida boengaheunana mirĕng omongan koering kitoe: „Abdi teu ngintĕn," saoerna, „sarĕng teu kintĕn heranna ningal kaseukeutan nona!" Bari andjeunna neuteup ka koering „Lĕrĕs nona tatjan oeninga kana hartosna basa Commissie; nanging maksoedna parantos katjĕpĕng, teu bentĕn sarĕng soedagar[2] noe daragang di Wallstreet."

„Djadi abdi teh pintĕr dagang?" tjek koering, karana geus katjipta koe koering, jen koering baris loba pikaoentoenganeun.

„Pintĕr dagang?" djawabna. „Nja eta noe pangpĕrloena pikeun balantik. Reclame (samboenglajang) ibarat njawana, ari Commissie minangka ragana. Abdi djangdji ka nona, baris ngahatoeranan 10 %, tina oenggal[2] kareta mĕsin noe dipĕsĕn koe nona ka abdi."

Koe tina boengahna, kartjis oge keur ti Limburg ka Frankford koering koe andjeunna dipanggaleuhkeun, saoerna: „Nona ĕntong ngagaleuh kartjis, keun bae ti abdi."

„Ah teu kĕdah, toean!" djawab koering. „da gadoeh artos sakartjiseun mah."

Tapi andjeunna teu pisan kĕrsa ngadangoe kana omongan koering. Atoeh kapaksa koering noeroet kana kapalajna.

Kareta mĕsin Manitou, eta hidji „pamanggih anjar" toer sae;" saoer eta toean njamboeng tjarita „Endjing tangtos pinoeh dina sĕrat[2] kabar, njarioskeun kasaean Manitou, toer abdi teu kĕdah

[1]) Commissie hartina noeloeng mangdjoealkeun atawa mangmeulikeun barang, make djangdji meunang kaoentoengan ti noe meuli atawa ti noe ngadjoeal. Sakapeung mah sok ti doeanana.

ngaloearkeun artos sapeser-peser atjan pikeun samboenglajang (advententie)".

Isoekna andjeunna soemping ka pamatoehan koering, toeloej koering djeung andjeunna ngobrol.

Andjeunna salawasna tĕroes-tĕrang tara ngarasiah.

„Kieu nona, waktos oerang kamari ngabarĕmpagkeun tina hal nona djadi agen tea, sajaktosna abdi teh rada serong. Abdi ngabobodo ka nona, margi nona balata-boloto keneh, teu atjan aja loeang tina bab dagang. Nona moendoet $^1/_{10}$ na tina pangaos kareta mĕsin, noe koe nona baris dipĕsĕn ka abdi; koe abdi enggal bae dikaboelkeun eta kapalaj nona teh. Nanging eta kalakoean abdi kitoe, matak ngadjadikeun awon kana ngaran abdi, piĕngkeunana. Hidji djĕlĕma noe parantos kenging pangadjaran toer diadjenan koe sasama, teu pantĕs boga lakoe kitoe. Doepi pangaosna hidji kareta mĕsin 25 pond, sarta nona kĕdah kenging $^1/_5$ na ti dinja."

„Lima pond tina oenggal[2] hidji kareta mĕsin?" tjek koering, hate pinoeh koe kaboengahan.

„Jaktos, lĕrĕsna kĕdah kitoe," djawabna bari oenggeuk.

Waktoe harita teu kira[2] koering boengahna, karana meunang pidjalaneun noe hade baris neangan kaoentoengan, nĕpi ka meh teu bisa tjatjarita deui.

„Atoeh ari kana Commissie sakitoe agĕngna mah, toean[2] pabrik kareta-mĕsin teh njandakna kaoentoengan teh saeutik pisan." tjek koering, sabab waktoe harita koering masih moendoer madjoe keneh.

„Lĕrĕs pisan kasaoeran nona kitoe." djawabna „Eta margina noe mawi nona, kĕdah kĕrĕsa djadi agent teh!"

„Nanging abdi socialiste [1]) ....."

„Beuki komo atoeh ari kitoe mah, nona wadjib ngirangan artosna noe djarĕgoed. Sing emoet, kana pikaoentoenganeun oerang doeaan, nja eta „saroea oentoengna" tea! Soemawontĕn dina ieu pĕrkawis mah, sasat tiloean noe oentoeng teh, nja eta: abdi seueur nampi pĕsĕnan, nona kenging saparapatna tina pangaos kareta

[1]) Socialiste awewe noe teu ngarĕmpoegan kana atoeran nagara tjara ajeuna, nja eta: paberik[3] kontrakan[3] djeung sapapadana dipiboga koe noe baleunghar, karĕpna koedoe djdia banda pakoemboehan.

mĕsin noe dipĕsĕn koe nona, sarĕng noe meser kenging kareta mĕsin noe pangsae-saena."

„Abdi teu kintĕn panoedjoena, kana kasaoeran toean noe bieu," djawab koering. „Ĕngke di Zwitserland abdi bade njobi[2], moegi[2] bae maksad oerang tiasa hasil. Oepami abdi ĕngke di ditoe ningal aja djĕlĕma, ieu kareta mĕsin bade enggal bae ditoempakan di noe nandjak, soepaja katendjoĕun kasaeanana dianggo nandjak ka goenoeng. Oepami parantos katarendjoĕun, abdi bade liren, bari api[2] tatanja ka manehna: „Poekoel sabaraha ieu teh?" Ari pĕrloena, soepaja manehna menta pangmĕsĕnkeun kareta mĕsin ka abdi."

Mirĕng omong koering kitoe, beuki tambah boengaheun bae, saoerna: „Nona istoening pintĕr pikeun toekang dagang," saoerna „eta hidji akal pikeun mikat hate djĕlĕma. Tjobi nona ĕngke sasaoeran kieu ka djĕlĕma[2]: „Naha toean teu nitenan ieu kareta mĕsin? Sakitoe hampangna dianggo di noe nandjak. Oelah sok badarat ari arangkat ka goenoeng, koedoe toempak kareta mĕsin, soepaja gantjang nĕpi ka noe didjoegdjoeg. Ieu kareta-mĕsin model anjar, hampang dianggo nandjak. Djaman ajeuna oerang leuwih hade make mĕsin „model anjar." Ĕntong sok nganggo kareta mĕsin model koena! Leuwih hade ngagaleuh kareta mĕsin model anjar toer sae! Tah eta deuih akal keur narik hate djĕlĕma teh nona."

Teu tahan kapaksa koering seuri, toeloej ngadjawab: „Toean Hitchcock! Akal abdi hĕnteu sami sarĕng toean pikeun mikat noe pimesereun. Doepi abdi mah ĕngke moeng bade njarita kieu bae: „Tingali toean, ieu kareta mĕsin teu kintĕn saena! Toean kenging njobi koe andjeun raos hĕnteuna dianggo nandjak. Naha toean teu palaj njobi? Geura mangga, oepami toean toenggang ieu kareta mĕsin di noe nandjak, raraosan asa ngalajang sapĕrtos manoek hibĕr. Koering sanggĕm ngagingsirkeun pangaos pabrik, margi koering kenging 5 pond Commissie. Emoetan abdi koe djalan kitoe, abdi tiasa langkoeng seueur ngilari noe pimesereun."

Heraneunana beuki tambah[2] bae: „Jaktos, nona," djawabna „nja nona istri noe ngawitan pintĕr dagang. Nona enggal ngartos! Sarĕng eta kasaoeran nona lĕrĕs pisan. Eta djalan noe pangsae-saena pikeun melet oerang Eropa. Koe akal kitoe nona tangtos iasa narik maranehanana. Nona tangtos bakal oentoeng; tangtos, nona, moal lĕpat! Abdi heran ningal kapintĕran nona. Moal boa sapĕrtos hoedjan dongkapna artos ka nona."

„Teu aja sanes ngan eta noe diadjĕng-adjĕng koe abdi;" tjek koering bari soeka-boengah, sabab harita koering ingĕt ka sobat koering. Elsi Petteridge. Sakoemaha piboengaheunana, lamoen koering bisa neang manehna dina pakansi.

Eta toean Amerika neuteup ka koering. „Teu kintĕn abdi sĕnangna, oepami abdi gadoeh bodjo ka istri noe sapĕrtos nona, soepados tiasa sasarĕngan dagang sarĕng abdi;" saoerna lalaoenan (ngaharewos).

Koering api[2] teu kadenge, djongdjon bae toengkoel api[2] ngawas[2] sapatoe, lantaran pamoedjina sakitoe poharana, koering ngarasa rada era.

Sanggeus sababaraha djongdjongan koering djeung eta toean pada ngabĕtĕm, toeloej andjeunna sasaoeran deui: „Aeh nona, koemaha manah nona tina pĕrkawis eta?"

„Tina pĕrkawis naon tea?" tjek koering sĕmoe noe heran.

„Tina pĕrkawis panoehoen abdi tea, nona."

„Abdi, ... abdi teu atjan pati ngartos, toean." djawab koering bari bĕngong „Pĕrkawis noe ¼ na tina pangaos kareta mĕsin tea?"

„Sanes," djawabna bari ningali ka koering ti gigir. „Maksad abdi — nja eta hajang sapapait-samamanis sarĕng nona. Moegi nona djadi oeninga, ari ahli dagang mah dina sagala oeroesan oge tara aja balagondjang, tangtos sajaktosna. Nanging njoehoenkeun didjawab kontan. Margi „waktos teh artos" nona. Noe baris ngoentoengkeun ka abdi, ngoentoengkeun ka nona. Kĕrsa nona ngamanah kana panoehoen abdi tea?"

„Toean Hitchcock," tjek koering bari nangtoeng tina korsi „koe pangintĕn toean rada lĕpat ngamanah hal diri abdi, sarĕng toean teu emoet kana ....."

„Masja Allah, nona;" andjeunna gantjang bae ngadjawabna, sanadjan koe koering ditampik. „naon[2] noe teu kenging, tangtos moal kenging. Dalah dikoemahakeun! Pĕrkawis anggapan oerang Eropa kana kamenakan, koe abdi geus moal kahartos bae, da di Amerika mah teu aja atoeran kitoe. Nanging abdi tĕrang kana manah nona: sok nangtoskeun awon ti samemehna.

Pĕrkawis ieu, moegi[2] bae oelah mĕgatkeun tatali noe ngahidjikeun oerang tina pĕrkawis dagang. Abdi ngaraos isin koe nona. Abdi tĕrang jen nona teh djĕlĕma seukeut, manah njaring, pangadjaran

nona loehoer, toer bĕrboedi. Ajeuna abdi bade wangsoel, ngantos[2] pĕsĕnan nona nganggo commissie noe biasa tea."

Sanggeus sasaoeran kitoe andjeunna dongko ngahormat ka koering, toeloej moelih. Koering ngarasa katarik hate koe eta toean, lantaran saparipolahna basadjan pisan djeung sagala sasaoeranana satarabasna bae.

Isoekna isoek[2] koering indit. Koering papisah djeung awewe[2] Djĕrman noe saimah djeung koering tea, teu matak kĕlar atawa nineung meueus-meueus atjan.

Ajeuna koering nĕroeskeun deui lalampahan koering rek ngadjadjah nagara[2] tea, tapi ajeuna mah geus boga kareta mĕsin Manitou, noe koe koering katjida pisan dipikanjaahna. Barang[2] noe koe koering diasoepkeun kana tasch kareta mĕsin, ngan barang[2] noe pangpĕrloena bae, djeung noe raringkĕs bae noe gampang dibawana kana kareta mĕsin; ari barang[2] noe sedjen, koe koering diasoepkeun kana kopĕr. Tah eta kopĕr minangka kakajaan koering di alam doenja teh. Koe koering eta kopĕr teh dikirimkeun ti heula koe kareta api ka tĕmpat noe baris didjoegdjoeg koe koering, noe beunang didatangan make kareta mĕsin.

Lalampahan koering noe mimiti, nja eta ti Frankfort ka Heidelberg. Djalan noe kasorang koe koering, salawasna njorang goenoeng bae. Koe sabab kareta mĕsin Manitou gampang dipakena nandjak, tangtoe bae koering rĕsĕp djalan ka noe kitoe, pikeun ngabĕbĕrah pikir koering. Sadatangna koering ka Heidenberg, katjida koering ngarasa djagdjagna; kareta mĕsin oge teu aja karoeksakanana, tjatjakan koe koering dipake nandjak di goenoeng[2]. Ti Heidenberg koering njaba ngabĕbĕrah hate ka Offenburg, ngaliwat ka Karlsruhe, Baden-Baden djeung Appenweiler. Ti dinja kakara koering tĕroes ladjoe ka Zwarte-Woud. Di djalan[2] tangtoe koering bisa nembongkeun ka djĕlĕma loba, sakoemaha sĕnangna koering noempakan kareta mĕsin Manitou di noe nandjak, djeung mĕtjak hajang njaho koemaha milik diri koering dina djadi agen kareta mĕsin. Waktoe koering rek indit ti losmen „de Zwarte Adelaar" di Offenburg, koering njoeratan heula ka Elsi Petteridge, njaritakeun maksoed koering tea, hajang diandjangan koe manehna, ĕngke dina pakansi. Ari sobat koering teh ririwit pisan, matak karoenja; dina oesoem tiris mindĕng pisan manehna gĕring. Koe lantaran koering ajeuna geus boga doeit 50 pond (ƒ 600), djeung

boga hĭdji kareta mĕsin, rasa koering tangtoe bisa njoekakeun sobat koering tea.

Samemeh koering indit ti Frankfort, koering meuli rondreis-biljet [1]) klas II noe beunang dipake ti London ka Luzern poelang-pĕgih. Ari maksoed koering pang meuli kartjis kĕlas doea teh, lain koering ngewa ka djĕlĕma rojal, ngan eta bae noe matak teu meuli kartjis kĕlas I teh, hargana leuwih mahal 3 pond (ƒ 36) ti batan kartjis klas II. Doeit koering noe 50 pond (ƒ 600) teh moal pitjoekoepeun dipake bĕkĕl koering ngalalana. Hal ieu kakara koering bisa njaho, sanggeusna kalampahan. Oepami nilik ka dinja bisa oge dikanjahokeun koe batoer, jen koering boga sipat „ati[2]", tjara bangsa koering, oerang Inggris noe sedjen[2].

Eta biljet koe koering tĕroes dikirimkeun ka Elsi. Koering istoe ngarasa boengah kabina-bina, doemeh geus bisa ngiriman soerat djeung biljet ka Elsi, sobat koering tea, di Bayswater; koering teu bisa njarita pandjang hal eta di dieu. Tapi ari dina soerat mah koe koering ditĕrangkeun oge ka manehna; djaba eta koe koering ditjaritakeun deui ka manehna, jen lamoen manehna hĕnteu datang ka Luzern dina poëan mimiti pakansi doeit koering noe 50 pond, noe teu niat disimpĕn, koe koering baris geuwat dibeakkeun kabeh. Koering ngahadja noelis kitoe, lantaran koering geus meuli biljet tea keur manehanana. Koering aja niat rek ngadagoan Elsi teh di hidji „Pension" (roemah makan), noe aja di pagoenoengan nagara eta. Maksoed koering pangna koering njarita kitoe ka Elsi: „moen manehna teu geuwat datang, koering rek ngamonjah-monjah doeit," malar manehna kaget, djeung soepaja manehna boeroe[2] datang ka tĕmpat koering; eta teh hidji akal koering paranti maksa ka djĕlĕma, soepaja manehna mere djawaban anoe tangtoe djeung soepaja manehna noeroetkeun kana pamenta koering.

Barang koering keur toempak kareta mĕsin palĕbah Zwarte Woud, bĕt lĕkĕtĕj hate asa djaraoeh panineungan, lantaran taja batoer. Koe sabab eta, beuki tambah[2] bae koering hajang papanggih djeung Elsi teh. Sakoemaha piboengaheunana hate koering, ĕngke, lamoen beungeutna Elsi anoe pias tea, bisa tembong deui gĕtihna djeung sarian, lantaran meunang hawa anoe sĕgĕr ti goenoeng[2], noe aja disakoeriling Brünig, nja eta tĕmpat noe geus

1) Kartjis paranti pĕlĕsir ngadjadjah nagara[2].

ditĕtĕpkeun koe koering pikeun sawatara waktoe, karana koering rek ngamimitian ngoeroeskeun dagangan koering tea. Koering boga rasa „ieu aing" ajeuna geus djadi agen kareta mĕsin.

Djalan ti Offenburg ka Domberg katjida pisan nandjakna. Tapi koering hĕnteu niat njaritakeun lalampahan koering di dinja, sanadjan eta tĕmpat pangsae-saena ti antero tĕmpat[2] anoe parantos kadjadjah koe koering.

Samemeh koering nĕpi ka Hornberg, ajana dina lamping goenoeng noe katjida loengkawingna, mimiti oeseup koering aja noe njorang. Di dinja koering papanggih djeung doea nonoman oerang Djĕrman, kawasna bae moerid sakola loehoer di Heidelberg. Katjiri tina petjina. Harita eta doea nonoman keur ngabĕkik bae nandjak, geuwat koe koering digantjangan toempak kareta mĕsin teh, kalawan gampang bae, dina djĕro sadjongdjongan koe koering eta doea nonoman kaliwat. Mimitina mah koering njieun pĕta kitoe teh, tina kamĕgahan hate koering bae, tapi barang koering geus bisa miheulaan ka maranehanana, bĕt oedjoeg[2] djol bae pikiran koering hajang djoeal-meuli kareta mĕsin djeung maranehanana. Koering aja ĕrongan. Sanggeus koering boga pikiran kitoe, toeloej koering eureun di poentjakna eta goenoeng, api[2] ngagĕmoek kareta mĕsin; tapi saĕnjana mah hidji pagawean noe teu aja pisan pĕrloena, sabab Manitou mah ngagĕmoek sorangan. Teu lila djol eta doea nonoman nĕpi kana poentjak goenoeng. Pohara roepana ripoehna, mani loeoet-leet kesang, ambĕkanana ngahegak. Koering poera[2] teu njaho jen eta doea djĕlĕma geus araja di dinja. Noe saoerang njampeurkeun ka koering, toeloej ngilikan kareta mĕsin koering, taliti pisan.

„Ieu teh kareta mĕsin model anjar pangintĕn, nja nona!"

„Soemoehoen. Nĕmbe pisan aja," tjek koering tjara djawaban soedagar „paměndak" noe pangänjar-anjarna, pikeun nandjak di pagoenoengan, teu aja deui kareta mĕsin noe pangsaena djabi ti ieu."

Sanggeus ngomong kitoe, tjlak koering noempakan deui kareta mĕsin, rek tĕroes ka Hornberg.

„Liren heula di dieu sakĕdap, nona!" tjek eta nonoman teh.

„Heinrich, tjoba ieu ilikan, na' aja kareta mĕsin aloes[2] teuing, djeung teu make rante deui!"

„Abdi bade tĕras ka Hornberg," tjek koering, bari make akal

awewe djeung tipoe soedagar „nanging oepami sobat toean bade ningalian ieu kareta mĕsin ....."

„Amboeing!" tjek eta doea nonoman bari ngarilikan kareta mĕsin koering, djeung bari maroedji. Sinjoh Heinrich kawasna katjida bogoheunana. Omongna: „Kenging abdi ngadjaran sakĕdap, nona!"

„Kantĕnan bae," djawab koering.

Sanggeus kitoe toeloej kareta mĕsin koering ditoempakan koe manehna. Mimitina manehna moedoen, geus kitoe balik deui nandjak, kawas noe sĕnangeun nakĕr.

„Mani asa ngalajang," omongna ka batoerna bari gogorowokan „geura pek adjaran koe maneh Ludwig! Mani asa ngalajang tjara heulang bae!"

„Kenging nona, abdi ngadjaran ieu kareta mĕsin sakĕdap?" tjek Ludwig.

Pamentana koe koering dikaboelkeun. Toeloej maranehanana pili gĕnti sababaraha kali noempakan kareta mĕsin koering. Sanggeus kitoe noe saoerang nanja ka koering: „Nona moegi kĕrsa njarioskeun ka abdi, di mana aja noe dagang kareta mĕsin tjara ieu?"

„Oepami toean pĕrtjantĕn, abdi agen ieu kareta-mĕsin." djawab koering „Oepami toean² hojong, sae mĕsĕn ka abdi bae, ĕngke koe abdi kareta mĕsinna dikintoenkeun prangko ka boemi, sanadjan toean tjalik di mana bae oge."

Kawasna maranehanana teu pĕrtjajaeun kana omong koering, boektina maranehanana sareuri ngadenge omong koering kitoe teh, omongna: „Ah pangintĕn nona mah bade ngaheureujan bae ka abdi."

„Parantos ari teu pĕrtjantĕn mah," djawab koering bari mantjal kana kareta mĕsin.

„Oepami toean² teu pĕrtjantĕn kana omongan abdi, teu sawios ....." bari ngomong kitoe koering mere tabe ka maranehanana, tapi satĕngah heureuj „Wiloedjĕng endjing toean²!"

Gantjang maranehanana ngoedag ka koering bari toempak kareta mĕsin.

„Hapoentĕn bae, nona! Hapoentĕn bae! Oelah djadi bĕndoe, nona! Naha nona teh bĕt enggal-enggalan teuing? Tjing toedoehkeun ka abdi, di mana sarĕng saha noe sok ngadjoeal kareta mĕsin model kitoe?"

Koering mikir heula sakeudeung, tjara toean noe kamari ieu ngoeroes balap di Frankfort tea, waktoe nimbang² pĕrkara koering.

Ari geus kitoe koering njarita tĕroes tĕrang bae ka maranehanana: „Doepi sajaktosna mah kieu, toean! Abdi kenging commissie tina ieu kareta mĕsin noe koe abdi didjoeal. Tadi oge koe abdi parantos ditjarioskeun, jen abdi djadi agen ieu kareta mĕsin. Djadi oepami toean² kĕrĕsa pĕsĕn ka abdi, ka abdina aja oge perelekna, kenging 25 % commissie; nanging oepami teu kitoe, sapeser oge abdi teu nampi. Koe margi toean² katingalna koe abdi katjida njĕpĕngna salira," ngadenge omongan koering kitoe mani bareukah iroengna, inggoek bari mĕntangkeun dada „abdi mangga daek ngoeningakeun ngaran pirma (toko) noe ngadjoeal ieu kareta mĕsin, nanging aja panoehoen, moegi kĕrsa njĕratkeun ngaran abdi dina sĕrat pĕsĕnan toean²." bari ngomong kitoe koering mikeun kartjis ngaran ka maranehanana. „Pangaosna hidji kareta mĕsin *f* 240.— kaetang mirah."

Teu koengsi ngadagoan djawabna heula, toeloej bae koering mantjal kana karetà mĕsin, tĕroes koering ngaboseh gagantjangan, madjoe ka djalan gĕde.

Peutingna koering datang ka Hornberg, toeloej koering njieun soerat keur ka toean Amerika tea. Di djĕrona koe koering ditjaritakeun, jen koering di Hornberg geus papanggih djeung doea moerid sakola loehoer.

Matak handjakal pisan, koering kapaksa koedoe njarita dina ieu boekoe, jen kawasna teu oenggal djĕlĕma boga hate lĕmpĕng bĕnĕr, eta oge doea moerid sakola loehoer tea, dina peutingan harita keneh mĕsĕn doea kareta mĕsin Manitou, tapi ngaran koering teu diasoepkeun dina soerat pĕsĕnanana. Taksiran bae maksoedna soepaja koering oelah meunang kaoentoengan.

Tapi lantaran koering geus asak djangdji djeung toean Amerika tea, bisa oge koering njaritakeun di dieu, sanadjan eta doea moerid sakola loehoer geus njieun pĕta kitoe, barang koering datang ka Luzern, nja eta sanggeus saminggoe indit ti Hornberg, koering meunang kaboengahan gĕde reh narima soerat ti toean C. W. Hitchcock djeung doeit 10 pond (*f* 120). Dina soeratna ditjaritakeun, jen andjeunna geus nampa pĕsĕnen doea kareta mĕsin Manitou ti Hornberg; tapi sanadjan dina soerat pĕsĕnan teu aja katĕrangan naon², andjeunna pĕrtjaja, jen noe mĕsĕn teh moerid

sakola loehoer tea, nja teu boeroeng andjeunna ngiriman ka koering kalawan karidoan manahna djeung deui andjeunna katjida ngarĕp-ngarĕpna, soepaja pĕsĕnan woewoeh loba.

Oenggal poë koering nandjak dina tandjakan noe narĕtĕk sababaraha balikan koe kareta mĕsin Manitou tea, geus kitoe moedoen deui ka handap rek dahar heula dina djoekoet; eta pagawean kitoe teh sakapeung mah nĕpi ka 5-6 kali dina sapoëna. Lila² koering paham oge bab ngolo djĕlĕma, malah make djeung bohong sagala. Sanadjan eta pagawean koerang hade, tapi tjek toean Hitchcock tea mah: „Pagawean tinggal pagawean." Pikeun ngaboektikeun eta, koering daek njaritakeun di dieu, jen sanggeus koering datang ka Luzern, bibit noe dibawa koe koering teh geus dipĕlak ka 15 djĕlĕma, 4 djĕlĕma ti antara noe 15 tea geus ngaliarkeun deui ka noe sedjen. Ari boeahna nja eta, eta djĕlĕma² teh parĕsĕn kareta mĕsin Manitou, ka koering. Lantaran koering geus meunang kaoentoengan loba, koering teu salĕmpang bisi kakoerangan doeit, datang ka di Luzern koering wani matoeh di hotel noe pangäloesaloesna di dinja, bari ngadago-dago Elsi.

Dina boelan Juli kapareumnakeun, sobat koering noe dipisono teh datang. Mimitina mah sobat koering teh ngamběk, doemeh koe koering dipangmeulikeun biljet tea, sarta ditanggoeng piongkoseunana djeung pibĕkĕleunana dina sadjĕro manehna reureudjeungan djeung koering.

„Elsi, naha make ngamběk," tjek koering bari njingrajkeun boeoekna noe ngarambiom kana tarangna „keur naon boga sobat atoeh, ari teu meunang nembongkeun katineung sakitoe-kitoe atjan mah."

„Ĕnja, tapi Ĕndeung, kami mah ĕmboeng, ari lila² mah ngaririba ka maneh."

„Ah, moal ĕnja Elsi!" djawab koering „Bareto kami noe ngariridoean ka maneh, ajeuna maneh ka kami. Kami dĕdĕg tjageur toer koeat; djadi tangtoe kami bisa njiar kahiroepan. Tapi ari maneh mah sakitoe rarampingna, pantĕs toeloenganeun batoer teh."

Manehna rek ngadjawab, tapi teu bisaeun pok, lantaran barang manehna rek ngomong, geuwat koe koering ditjioem. Noe katjida pisan ngaboengahkeunana kana hate koering, lain koe sabab koering meunang oentoeng loba, ngan eta bae geus dipaparinan rĕdjĕki

koe Goesti Allah, nĕpi ka bisa noeloeng sobat koering noe sakitoe lempojna.

Mimiti ti poë eta, koering djeung Elsi pindah ka hidji hotel leutik, tapi loetjoe, ajana di loehoer moemoenggang goenoeng Brünig.

Koering boengah pisan nendjo Elsi beuki tambah sĕgĕr, oenggal² poë katendjona tambah sehat, djeung beungeutna geus gĕtihan deui.

Eta hotel ajana di sisi djalan gĕde, noe tĕroes ka Luzern, koe hal eta, katjida koering gampangna ngalampahkeun pagawean koering tea, djeung nembongkeun ka djĕlĕma² kahadeanana kareta mĕsin Manitou.

Datang ka Elsi oge noe geus ngadjaran noempakan, sarta toempakna meunang sakama-kama, kawasna manehna hajangeun ngabogaan sorangan kareta mĕsin noe tjara kitoe. Koe hal ieu kapaksa koering neangan akal noe aloes, pikeun ngalaksanakeun kahajangna Elsi.

Rada era djeung sieun teu dibere, toeloej koering njoeratan ka toean Hitchcock. Dina eta soerat koe koering dibedjakeun, jen aja sobat koering ti London, matoeh di koering di Zwitserland. Koe koering ditjaritakeun dina eta soerat, jen lamoen aja doea mah awewe noe djadi agen, tangtos kamashoeran Manitou langkoeng njĕbar, tinimbang koering bae njorangan. Toeloej eta soerat dikirimkeun ka toean Hitchcock. Teu sabaraha lilana eta soerat datang walonanana, kieu oengĕlna:

Kalajan hormat!

Sarĕng sĕrat ieu abdi ngintoenkeun hidji kareta mĕsin, moegi nona kĕrsa nampi; eta kareta mĕsin anggoan nona², No. 4. Ieu sĕrat minangka walĕran sĕrat nona ping 27 Juli tea. Abdi hatoer noehoen ka nona, rehna nona parantos kĕrsa njĕratan. Abdi teu kintĕn heranna ningal kamadjĕngan sarĕng katjakĕpan noña didaměl. Tangtos bae djadi panawaran (reclame) noe langkoeng sae, oepami doea nona² bangsa Inggris, noe parantos kawangikeun djĕnĕnganana, noenggangan kareta mĕsin Manitou di pagoenoengan Alpen; moal lĕpat ĕngkena tangtos ngadjadikeun kaoentoengan ka oerang doeaan. Oentoeng ka nona, oentoeng ka abdi, noe teu aja hinggana. Kalajan kabingahan noe tanpa wangĕnan, abdi kenging wartos jen panawaran (reclame) noe didjalankeun koe nona, woe-

woeh mandjĕng bae. Koe margi eta, abdi hatoer rewoe² noehoen, laksa² nja kabingahan, rehna nona parantos kĕrsa ihtiar, doegi ka dagangan abdi woewoeh madjĕng.

Hoermat abdi

C. W. HITCHCOCK.

„Koemaha ieu teh Ěndeung? Naha pĕre bae kareta mĕsin teh, koe oerang teu koedoe dibeuli?" tjek Elsi sĕmoe heraneun, sanggeus koering matja eta soerat. Tangtoe bae koering njieun sĕmoe tjara noe geus paham ĕnja kana pagaweanana.

„Tangtoe bae, Elsi." tjek koering bari ngomong bĕdas, tjara koering pribadi bae noe mere kareta mĕsin „Eta teh hidji pĕrdjangdjian. Oentoeng ka manehna oentoeng ka maneh. Manehna njieun panawaran (reclame), maneh meunang kareta mĕsin. Kitoena mah „p a d a o e n t o e n g", tah nja eta babakoena dina dagang, noe didjalankeun kalawan ati soetji. Maneh teh taja bedana djeung soerat panawaran noe aja njawaan; tjara njonja noe nembongkeun boeoekna keur tjonto². Naha maneh hĕnteu ingĕt, ka waroeng² noe di Regentstreet tea?"

Ajeuna koering djeung Elsi geus pada boga kareta mĕsin hidji sewang, teu eureun² koering djeung Elsi hantĕm bae kakareta mĕsinan nandjak-moedoen. Sakeudeung² koering meunang kaoentoengan, nja eta bisa mikat noe pimeulieun kareta mĕsin Manitou.

Aja hidji njonja sĕmoena katjida ngawas-ngawasna kana kareta mĕsin koering. Mindĕng pisan oepama andjeunna papanggih djeung koering keur toempak kareta mĕsin, andjeunna eureun ningalian heula kareta mĕsin koering.

Ari eta njonja teh randa, joeswana kira² 45 taoen, rarajna bĕrĕsih, pipina sĕmoe beureum. Atjan sabaraha lilana aja di dinja, koering geus njaho ngaranna eta njonja Evelegh; andjeunna kagoengan hidji gĕdong leutik tapi loetjoe, ajana nja di pagoenoengan Luzern keneh.

„Koe sae ieu kareta mĕsin teh," saoerna „kenging abdi ngadjaran."

„Naha iasa toenggang kareta mĕsin?" tjek koering.

„Kapoengkoer mah teu kintĕn bae abdi rĕsĕp kakareta-mĕsinan teh, nanging ajeuna mah dipantang, margi dilarang, teu kenging koe doktor Fortescue-Langley."

„Tjing mangga tjobi, njonja," djawab koering bari toeroen tina kareta mĕsin.

Sanggeus andjeunna njoba sakeudeung, toeloej sasaoeran: „Teu kintĕn raosna."

„Ngagaleuh atoeh hidji, njonja," tjek koering „karaosna ieu kareta mĕsin leuleus sapĕrtos soetra, doepi pangaosna mirah moeng 20 pond, tina oenggal² kareta mĕsin noe lakoe, abdi kenging boeroehan 25 pĕrsen."

„Abdi katjida bogohna kana kareta mĕsin model ieu, sarĕng katjida hajangna meser," djawabna „nanging toean Doktor Fortescue-Langley ....."

„Saha eta toean Doktor teh?" tjek koering „Abdi hĕnteu pĕrtjantĕn ka eta djĕlĕma noe ngakoe² doekoen teh!"

Mirĕng tjarita koering kitoe, andjeunna mĕlong ka koering, tjara djĕlĕma noe ngarasa dihina.

„Euh, nanging ieu mah sanes deui, nona! Andjeunna hidji Doktor noe mashoer. Ari soempingna dina oenggal² moesim panas; abdi teu kintĕn rĕsĕpna ka andjeunna, ajeuna kasakit abdi djadi ngirangan. Badan abdi parantos dipariksa, abdi katjida didjagana koe andjeunna; eta Doktor djĕlĕma bageur sarta pintĕr. Oepami kasakit abdi keur datang, geulang abdi sok hideung." bari sasaoeran kitoe teh, eta njonja nembongkeun pananganana noe katoehoe. Dina waktoe harita bĕnĕr geulangna teh hideung „Soekma abdi ajeuna hĕnteu tjageur pisan. Nanging eta kasakit noe sakitoe matak salĕmpangna teh tjarang djadina saparantos abdi di Zwitserland mah. Oepami abdi parantos nintjak tanah Inggris, tangtos geulang abdi djadi hideung, sarĕng salamina manawi tĕras hideung, oepami abdi teu enggal wangsoel deui mah ka dieu, ka Luzern."

Sanggeus eta njonja angkat, koering ngomong ka Elsi: „Eta geulang tangtoe aja eusina. Bisa djadi oge, noe matak eta geulang djadi hideung ĕnja lantaran eta njonja koerang sehat; tapi ari tetendjoan kami mah eta geulang teh dibeulit koe perak, noe aja zwavelzuurna.[1]) Sanadjan dina e l m o e k i m i a (Scheikunde), nja eta elmoe paranti nganjahokeun tjampoeranana barang², kami teu pati paham, tapi kami ingĕt, jen kami ĕnggeus nendjo perak noe aja zwavelzuurna; teu beda saeutik-eutik atjan djeung geulangna eta njonja."

[1]) Haseumna walirang.

Harita mah koering teu toeloej mikiran tina pĕrkara geulang eta njonja. Koe lantaran koering djeung Elsi mindĕng papanggih djeung mindĕng tjatjarita djeung njonja Evelegh tea, lila[2] mah pĕrtjajaeun oge ka koering. Bareto ge keur waktoe koering diadjar di Girton, koering mindĕng pisan wawawoehan djeung hidji nona poetra saderekna njonja Evelegh, nĕpi ka oepama koering keur teu sakola, sok rĕmĕn oelin di boemina. Eta njonja Evelegh njaaheun ka koering, ari tjĕna mah, lantaran rĕsĕp kana tabe'at koering. Kakara aja 14 poë koering wawoeh djeung andjeunna, koering geus ditjandak ka boemina, nja eta dina waktoe hotel pamatoehan koering, katjida pinoehna. Pamentana soepaja koering daek saboemi djeung andjeunna, tangtoe bae ditarima kalawan kaboengahan. Di boemina koering djeung Elsi ngarasa bĕtah toer sĕnang.

Njonja Evelegh teh hidji istri noe sae manah, tapi lila[2] kanjahoan koe koering, jen andjeunna katjida pĕrtjajana ka Doktor Fortescue Lanley, sarta sagala omongna ditoeroetkeun pisan.

„Parantos oeninga nona, jen andjeunna teh katjida pintĕrna?" saoerna „Sarĕng katjida seukeut manahna. Soemawonna eta mah sotjana lamoen djĕlĕma geus ditingali koe andjeunna geus kĕdah noeroet bae. Diri abdi aja dina dampal pananganana, oepama sakali bae andjeunna teu soemping nĕpangan ka abdi, raraosan teh raga asa patoeraj."

„Na sĕring andjeunna nĕpangan ka njonja?" tjek koering.

„Handjakal pisan hĕnteu," djawabna „oepami andjeunna kĕrsa sĕring soemping mah, teu kintĕn ageung kasaeanana ka abdi.

Meh oenggal djĕlĕma dilandongan koe andjeunna, soemawontĕn abdi mah. Andjeunna linggihna di Chateau d'Ox, doepi soempingna ka dieu 14 dintĕn sakali, baris maparin landong ka djĕlĕma[2] noe njoehoenkeun toeloeng ka andjeunna."

Ari njonja Evelegh teh djĕlĕma beunghar, ngan katjawadna, eta bae ririwit. Noeroetkeun soerat titinggal tjarogena noe poepoes, andjeunna teu meunang tjarogean deui, samemeh beak banda titinggal tjarogena mah. Nilik kana sagala tjaritana eta njonja, kawasna bae koe eta „doktor pintĕr" teh andjeunna didjieun tjengtjelengan. Ari akalna, soepaja eta njonja beunang doeitna, nja eta disĕboetkeun eta njonja gĕring soekmana atawa boga panjakit di djĕro awak. Kitoe deui eta tjarita bab geulangna njonja

Evelegh tea, kawasna siga bĕnĕr. Sakapeung eta geulang bodas pisan roepana, ari sakapeung mah hideung pisan.

Sanggeus 10 poë koering djeung Elsi matoeh di dinja, beuki tambah bae sakna pikiran koering; koering njangka, jen eta doktor teh nipoe njonja Evelegh; ti dinja mah toeloej bae koering ngamimitian ihtiar, hajang njaho, soegan aja sabab noe sedjen, noe matak ngadjadikeun eta geulang hideung. Dina kasawĕlas poëna kakara maksoed koering teh hasil. Koering ngadenge jen njonja Evelegh miwarang ngeusian botol koe tjai panas ka baboena ngaranna eta baboe Cecile. Sanadjan eta pagawean hĕnteu aneh, tapi katjida ngadjadikeun panasaranana hate koering. Toeroeg[2] ari dina isoekna geulangna njonja Evelegh djadi hideung; njonja Evelegh soesaheun, sabab kasakitna djadi .....

Harita koering tjitjing[2] bae, tapi sanggeus sadjongdjongan, si Cecile koe koering dititah mawa botol tjai panas tea ka koering. Bĕnĕr bae sasangkaan koering, eta botol teh didjeunna koe karet, kaloearan tanah Hindia, diboengkoes dihade-hade pisan koe lawon pĕrĕnel (flanel) beureum.

„Tjing kami ngindjeum panitih maneh noe perak, Elsi!" tjek koering ka sobat koering „Kami hajang njoba koe panitih maneh."

„Na matak naon moen maneh make doeit frank bae, keur njoba mah!" tjek manehna bari mikeun panitihna ka koering „kapan eta oge perak keneh, lain?"

„Moal ĕnja frank mah beunang dipake;" tjek koering „sabab didjieunna koe perak noe geus ditjampoeran barang sedjen, datang ka djadi teuas. Tapi koe kami nja rek ditjoba bae doeanana, soepaja eta pĕrtjobaan katjida bĕnĕrna. Panitih maneh asalna ti Hindia, ieu panitih leuleus, sabab didjieunna koe perak toelen. Toekang kamasan bangsa Priboemi di Hindia, teu daekeun njampoer barang hade, koe barang goreng. Keun bae ieu kami ngindjeum panitih maneh sakeudeung, ĕngke ge koe kami dibĕrsihan deui, sing sapĕrti asalna tadi roepana. Kami hajang njaho, naon sababna noe saĕnja-ĕnjana, noe matak geulang njonja Evelegh djadi hideung."

Sanggeus eta doea barang koe koering diasoepkeun kana tĕmpat tjai tea, toeloej koe koering dieusian tjai panas, soepaja oelah babari tiis, toeloej eta botol koe koering diboelĕn koe simboet noe kandĕl.

Sanggeusna koering djeung Elsi moemoeloek isoek[2], toeloej koe-

ring djeung Elsi gagantjangan nendjo pĕrtjobaan tea, barang beh teh eta panitih bĕt djadi hideung tapi herang, teu salah tina sangkaan koering, ari doeit perak mah beunang disĕboet meh teu aja robahna saeutik-eutik atjan roepana.

Tangtoe bae harita oge koe koering gantjang dibedjakeun ka njonja Evelegh, sagala noe koe koering geus dipilampah. Andjeunna katjida heraneunana, malah mimitina mah andjeunna teu pĕrtjantĕneun.

„Koemaha noe mawi nona kagoengan manah kitoe?"

Djawab koering: „Kawitna mah kamari abdi teh matja dina sĕrat kabar njonja, koemaha prakprakanana djĕlĕma² ngintĕlkeun geutah soepaja heuras, sarĕng koemaha pĕtana manaskeunana sarta njampoerna eta geutah sarĕng walirang. Waktos abdi ngoeping njonja moendoet wadah tjai tea, abdi gadoeh emoetan kieu: „Pinggĕl njonja Evelegh pangna djadi hideung koe lantaran walirang djeung hawa panas."

„Naha geuning bĕt artos frank mah teu daekeun hideung?" saoer njonja Evelegh „Geulang abdi noe sabeulah deui boeatan Inggris, eta oge teu daekeun hideung deuih. Djadi tangtos moal lĕpat deui, kitoe margina pangna eta geulang teu daekeun hideung teh lantaran perakna parantos ditjampoer, sanes perak toelen. Doepi saoer toean Doktor Fortescue Langley mah, pangna geulang abdi noe sabeulah deui sok hideung, margi eta geulang boeatan Hindia dieusian hikmat² bangsa „siloeman" noe sami kaajaanana sarĕng njawa abdi, koe sabab eta „siloeman" rĕsĕpeun ka abdi, manehna njoeroep kana geulang, tah kitoe tjĕnah margina noe mawi eta geulang hideung teh."

Koe koering dirĕgĕpkeun pisan tjaritana eta njonja.

„Naha eta Doktor teh sok radjeun oge njarioskeun bab pangatjian?"

„Soemoehoen," saoerna eta njonja, nja eta noe djadi kontji rasiahna. Koe lantaran kitoe manehna bisa njageurkeun djĕlĕma² noe garĕring, noe dioebaran koe manehna. Masa Allah! Ti sĕmĕt ajeuna mah — „geus" — abdi teh moal pĕrtjaja-pĕrtjaja deui ka eta djĕlĕma."

„Njahoëun manehna tina pĕrkara ieu wadah tjai?" tjek koering.

„Kantĕnan bae. Nja manehna noe nitah ka abdi make eta oge, malah oepami abdi keur di Inggris mah, abdi teh kĕdah saban

dintĕn migawe eta. Ajeuna mah abdi tĕrang, naon margina noe mawi soekma abdi, oepami abdi keur aja di Inggris, salamina sok gĕring bae. Pangintĕn teu aja sanes margina moeng koe walirang tea bae, pangna geulang abdi hideung teh."

Sadjongdjongan koering mikir, geus kitoe toeloej ngomong: „Naha eta Doktor teh parantos tĕngah toewoeh oemoerna, pangawakanana dĕdĕg-dĕdĕg? Naha titingalian njonja, eta Doktor teh hĕnteu siga pagawe di salah-sahidji kantor oetoesan? Koemaha kongkolak panonna noe handap hĕnteu karisoet? Sarĕng koemaha koemisna sae njĕngklik?"

„Jaktos! jaktos! nja kitoe pisan parangina teh. Na di mana nona parantos tĕpang sarĕng manehna?"

„Sarĕng salamina manehna teh sok njarioskeun bab pangatjian, sanes?" tjek koering.

Djawabna eta njonja: „Nja eta salamina noe djadi eusi tjaritana. Omongna teu pĕrloe batinna djĕlĕma dioebaran, margi oepami ngalampahkeun kitoe, teu bentĕn tjĕnah sarĕng ngoebaran kalangkangna. Ari tjitjingna panjakit teh di djĕro pangatjian."

„Njonja oeninga, parantos sabaraha lamina, manehna aja di dieu, di Zwitserland?"

„Emoetan abdi, manehna dongkapna ka dieu dina saban taoen. Dina taoen ieu, oepami abdi teu lĕpat, manehna pidongkapeunana dina sasih Mei kapareumnakeun."

„Sarĕng iraha pidongkapeunana ka njonja, ajeuna?" tjek koering.

„Endjing, endjing²." djawabna.

Harita koering bĕt djorodjoj aja maksoed .....

„Endjing abdi hajang ningal manehna, nanging manehna oelah njahoëun jen abdi ngintip; tjek koering „emoetan abdi, moal lĕpat manehna teh kawawoehan abdi, sarĕng abdi jakin tangtos eta djĕlĕma teh toean Graaf ti Mechelen."

Sanggeus kitoe koe koering ditjaritakeun ka njonja Evelegh djeung Elsi, sakoer noe geus kadjadian waktoe koering ti London rek ka Schlangenbad tea, bareto.

„Ah pirakoe, Louise! Atjeuk mah katjida teu pĕrtjajana," saoer njonja Evelegh beuki tjoemonggah bae ka koering.

„Geura mangga bae endjing tingalikeun koe atjeuk. Atjeuk kĕdah njĕboetkeun ka manehna, jen manehna parantos nipoe ka atjeuk, nja bab pinggĕl atjeuk noe djadi hideung tea."

Isoekna eta Doktor Fortescue Langley datang, barang manehna nĕpi ka boeroean, koering geuwat njoempoet, dioek deukeut djandela. Barang beh ge koering nendjo ka manehna, gantjang bae wawoeh kana roepana, tetela eta djĕlĕma teh Graaf noe bareto rek maling ĕmas intĕn njonja Georgina tea. Meureun waktoe manehna bareto rek maling teh, manehna keur madjoe ka Zwitserland; nja di dieu kawasna manehna bisa nipoe ka djĕlĕma loba.

Gantjang koering ngĕtok kawat ka njonja Georgina, noe waktoe harita masih keneh aja di Schlangenbad. Ari djawabna: „Kami baris datang. Pek bae lampahkeun, soepaja dina poë Rĕbo bisa datang deui ngalongok ka noe gĕring tea, noe keur dioebaran koe manehna."

Njonja Evelegh ajeuna mah mimiti pĕrtjajaeun kana omongan koering, toeloej ngondang deui Doktor Fortescue Langley soepaja dina poë Rĕbo datang ka boemina.

Poë Rĕbo isoek² njonja Georgina soemping, nĕpangan ka koering, saoerna: „Adoeh Louise, katjida kami pajahna! Djĕlĕma noe geus kolot tjara kami, koedoe leumpang njorang djalan noe sakitoe djaoehna! Ti barang maneh ninggalkeun ka kami, saban poë kami nandang bae kasoesah. Kami geus meunang landjang bangsa Gretschen teh, tapi bĕt beda hĕnteu tjara landjang² Gretschen djaman bareto. Manehna asalna ti Zwarte Woud, tapi kakara ge manehna digawe dalapan poë di kami, geus wani make pita kami tah si beureum boeoek teh; ari gawe oesik² dipoepoer oesik² dipoepoer. Manehna katjida koerang adjarna, datang ka wani make panitih djeung soewĕng kami; malah waktoe aja balap kareta mĕsin, manehna babadean toempangna saroeng tangan, ari tataroehanana djeung boedjang losmen. Adatna teu kira² kasarna. Komo ngomongna mah, aja songong! Ah handjakal, lamoen heug maneh oerang Gretchen mah rĕsĕp. Meureun kami daek ngagadjih maneh 500 pond, pĕre dahar, pakean djeung djaba ti eta, soepaja maneh salilana daek tjitjing di kami. Tapi landjang Gretchen, kalah ka papakean bae make dirarawisan, sapatoe dipitaan ..... katjida matak djengkelna kana hate, na koemaha ari pikiranana parawan² djaman ajeuna?"

„Tjobi bae pariksakeun ka njonja Lynn-Linton, margi andjeunna noe oeningaeun tina eta pĕrkawis." djawab koering, waktoe andjeunna liren sasaoeranana sakeudeung.

Njonja Georgina noe tjerewed teh neuteup ka koering, toeloej andjeunna sasaoeran deui: „Aeh, koemaha pĕrkara toean Graaf teh? Na ĕnja geus diteangan koe maneh? Lamoen kitoe, bĕnĕr kami moal bisa malĕs kana kahadean maneh. Handjakal bae koe balik maneh ti kami. Tangtoe kami daek ngagadjih sapamenta maneh."

Sanggeus kitoe koe koering dioendjoekkeun ka andjeunna, koemaha djalanna noe matak koering bisa ngabolekerkeun rasiahna Doktor Fortescue Langley tea.

„Doktor Fortescue Langley, Louise! Si oetjoet boeroeng tea! Hadena bae manehna teu bisaeun maling ĕmas-intĕn kami! Ajeuna mah, Louise! eta Graaf teh moal bisaeun ngĕdjat deui ti oerang! Sakoerang-koerangna manehna bakal meunang hoekoeman sapoeloeh taoen."

Njonja Evelegh kageteun katjida toeloej naros. „Sapoeloeh taoen saoer njonja? Adoeh, njonja Georgina!"

Njonja Georgina djeung koering ngadagoan datangna doktor teh di balik panto, ari njonja Evelegh di djĕro kamar tĕmpat dahar.

Kira² poekoel tiloe eta doktor datang. Oejoehan koering bisa keneh mĕpĕr napsoena njonja Georgina, noe rek moeroe ka eta doktor. Ka njonja Evelegh djeung ka Elsi eta doktor palsoe njarita sakarĕp-karĕp bae. Soengoetna noe „manis moeloet" teu eureun² ngetjeblek, tjaritana hade katjida, teu beda sapĕrti manehna basa keur ngolo njonja Georgina dina kareta api bareto tea. Katĕranganana loba misil djeung ibarat, pikiranana loehoer, soeroep kana omongna. Lĕbah manehna keur njaritakeun kakawasaan pangatjian kana bajah djeung kana napas, lalaoenan koering djeung njonja Georgina, bidjil tina tĕmpat panjoempoetan, njampeurkeun ka manehna.

Sadjongdjongan mah manehna mĕntjrong bae ka koering djeung ka njonja Georgina, sarta manehna teu ngomong sakĕmek-kĕmek atjan. Awakna ngadegdeg bawaning reuwas. Beungeutna pias, angĕnna ratoeg, sarta leungit akalna, djeung teu eureun² mĕntjrong ka koering. Tapi gantjang bae manehna robah deui oelatna, bangoen taja kaera taja kasieun, bari sĕmoe noe heran, manehna nanja ka njonja Evelegh: „Di mana njonja kĕnal sarĕng ieu? Euh jaktos njonja Georgina, tangtos bae oerang kapoengkoer parantos pĕndak, naging abdi pĕrtjantĕn, tangtos njonja moal kĕrsa, kaoeninga koe noe sanes naon margina noe mawi oerang tiasa kĕnal."

Ngadangoe omongan kitoe, woewoeh² bĕndoena njonja Georgina. Kalawan boedi parangi noe kĕtjoet eta djĕlĕma dipĕntjrong beungeutna koe njonja Georgina, sarta bari sasaoeran kĕras: „Maneh teu boga kaera, tĕpi ka wani njarita kitoe! Si toekang tipoe. Ajeuna mah maneh moal bisa ngĕdjat deui. Poelisi geus mĕgat ngadjaga maneh di lawang."

Tapi handjakal pisan, eta kasaoeran. Njonja Georgina teh ngan njingsieunan woengkoel.

Eta doktor palsoe teh beuki katjida reuwaseunana, manehna toeloej ngomong, bawaning kasima mani arapäp-eureupëup: „Poelisi?" .....

Keur kitoe koering toeloej njampeurkeun teu sieun saeutik-eutik atjan. Tjara doenoengan marentah ka boedjangna, koering ngomong: „Pitjeun eta koemis maneh!"

Bari sĕmoe kaget toeloej koemisna dirampaan, ari geus kitoe toeloej ditjaboet. Koe sabab eta roepana djadi robah, tolongos. Manehna ngoedar koemisna teh hĕnteu gampang, sabab eta koemis palsoe teh napĕl pageuh kana roentjangna. Sanggeus sadjongdjongan kakara manehna tarapti mitjeun koekoemisanana, sarta ngadadak leungit kagagahanana. Waktoe harita paroman beungeutna bleg paroman beungeut djongos.

Njonja Georgina teu liren² neuteup kana beungeutna, saoerna: „Di mana kami papanggih djeung ieu djĕlĕma? Asa geus wawoeh! Euh ĕnja! Maneh boedjang toean Marmaduke Ashurst di Italie. Ĕnja ingĕt aing ajeuna mah. Maneh teh si Higginson!"

Sanadjan kasaoeran njonja Georgina katjida ngahinana, ka djĕlĕma noe ngakoekeun Graaf de Laroche — sur — Loiret tea, tapi manehna teu kireum-kireum.

„Soemoehoen njonja," omongna sĕmoe noe sieun „eta kasaoeran njonja sadajana lĕrĕs. Nanging koemaha atoeh pĕtana? Gadjih abdi djadi pasoeratan teu sabaraha. Sarĕng ajeuna mah parantos teu aja anoe pĕrĕloe make pasoeratan, ngan kantoen hidji-doea bae. Djadi kapaksa abdi kĕdah migawe naon bae noe baris ngadongkapkeun kahasilan ka abdi."

Geus kitoe, manehna nembongkeun deui kagagahanana tjara hidji Oetoesan Oostenrijk, omongna: „Ajeuna djaman kamadjoean, djĕlĕma anoe gadoeh pikiran kĕdah ngindoeng ka waktoe ngabapa ka mangsa."

Ngadangoe kitoe njonja Georgina goemoedjĕng, saoerna: „Tjoba pikir, ti London nĕpi ka Mechelen, kami dioek deudeukeutan djeung hidji boedjang sarta kami teu boga sangkaan satoengtoeng boeoek. Higginson maneh teh djĕlĕma panipoean, toekang tipoe noe pintĕr, hah!"

Gantjang Higginson dongko: „Abdi teu kintĕn bingahna, kenging poedjian ti njonja Georgina Fawley;" omongna bari njĕkĕlan dada, kosenna teu beda djeung Oetoesan Oostenrijk noe mashoer.

„Tapi maneh sing pĕrtjaja, jen kami baris nitah poelisi nangkĕp maneh, sina diborogol." saoerna njonja Georgina.

Parangina eta si toekang tipoe djadi robah tjara parangi djĕlĕma bangor, omongna: „Moeng handjakal, margi abdi sanes bangsat. Nja nona ieu, noe ngahalangan ka abdi maling ĕmas-intĕn kagoengan njonja teh. Abdi bade mangnjimpĕnkeun ĕmas-intĕn njonja, nanging koe ieu nona digĕntosan koe tĕmpat roti. Abdi bade kenging artos ti njonja Evelegh, koe djalan halal, nona ieu deui noe ngondang njonja ka dieu, sarĕng koemis abdi di tjaboet deui."

Manahna njonja Georgina djadi ewĕd, toeloej andjeunna sasaoeran deui: „Tapi kami „k o e d o e" nitah poelisi nangkĕp maneh."

„Tobat njonja, tobat! Naha meudjeuhna abdi ditangkĕp? Sing emoet njonja, jen abdi teh sajaktosna teu gadoeh kalĕpatan. Naha njonja kĕrĕsa ngalĕpatkeun ka abdi, doemeh abdi parantos kahilapan ngabantoen kotak roti njonja, noe pangaosna moal langkoeng ti 50 sen? Paling abot ge abdi moeng dihoekoem boei 8 dintĕn, kadjabi ti eta, teu aja deui kalĕpatan abdi. Sarĕng deui," omongna sĕmoe noe boengah „eta kotak koe abdi masih disimpĕn; endjing koe abdi dikintoenkeun ka pangĕrsa njonja."

„Ari wadah tjipanas noe didjieun koe karet tea, koemaha?" tjek koering „Maneh geus nipoe ka njonja Evelegh. Sakabeh perak ge tangtoe bae djadi hideung moen diasoepkeun ka dinja mah, maneh geus tjarita noe lain² ka andjeunna, djadi koe djalan kitoe maneh geus nipoe doeitna."

Bari ngangkat taktakna, manehna ngomong: „Nona langkoeng pintĕr ti batan abdi. Sarĕng nona, abdi teu gadoeh oeroesan. Nanging, — njonja Georgina! njonja Evelegh! — gamparan teh doeanana ge mahloeking Allah, tangtos aja tinimbangan, sarĕng tangtos kĕrsa ngantĕp abdi ingkah ti dieu. Oelah lali, abdi tiasa

njarita, doegi ka djĕlĕma² ĕngke njaleungseurikeun ka njonja doeaan. Mangga bae manah lalakon ka Mechelen tea, njonja Georgina! sarĕng pĕrkawis pinggĕl boeatan Hidia tea, njonja Evelegh! Koe margi rasiah abdi kaboker, ajeuna abdi teu gadoeh deui kahiroepan. Di dieu, di tanah Zwitserland tangtos moal aja noe soedieun deui moendoet dilandongan koe abdi. Oepami njonja² kĕrsa ngĕntjarkeun abdi kalajan rido galih, sing pĕrtjantĕn njonja, jen abdi ti wangkid ajeuna ka pajoen, bakal ngalampahkeun kalakoean anoe sae."

Bari dodongkoan, manehna isĕd-isĕdan ka deukeut panto, matana teu eureun² moerĕlĕng ka eta doea njonja. Ari koering ngan noenggoe² bae koemaha pibaloekareunana. Teu kanjahoan deui manehna geus aja di hareupeun panto. Bari sĕmoe lingsĕm njonja Georgina ningali kana paramedani, ari njonja Evelegh oelak-ilik ka para. Toengtoengna eta si bangsat nĕpi ka panto.

Sabot eta doea njonja keur ngamanah-manah, naha njoehoenkeun toeloeng ka poelisi atawa ĕntong, eta bangsat geus loempat manten.

Antoekna, njonja Georgina noe mimiti sasaoeran: „Oepama koe oerang dihartikeun mah tjarita si Dogberry teh loba noe bĕnĕr, Louise!"

Harita koering ingĕt kana djawabna toekang djaga gardoeh, noe rek nangkĕp bangsat; mimitina noe saoerang nanja: „Koemaha lamoen eta bangsat samemeh oerang datang, geus loempat?"

Djawabna noe saoerang deui: „Nja, teu aja deui akalna ngan kadjaba koedoe diantĕp, djeung oerang koedoe nganoehoenkeun, lantaran oerang geus leupas ti manehna."

Ari sanggeusna kapikir koe koering, koemaha akalna manehna nĕpi ka bisa ngawoedjoek ka njonja Georgina, datang ka manehna dipĕrtjaja koe njonja Georgina ti London nĕpi ka Mechelen, koering katjida moepakatna kana kasaoeran njonja Georgina.

BAGIAN KA V.

BARETO MOAL, AJEUNA MOAL. BAERETO ĔMBOENG AJEUNA TEU POEROEN.

Kaboekana rasiah djeung leungitna Doktor Fortescue-Langley, ngadatangkeun roepa² pĕrkara noe gĕde djeung noe leutik.

Kahidji: njonja Evelegh ngagaleuh kareta mĕsin Manitou, tapi eta pĕrkara teu ngadatangkeun kaoentoengan ka koering djeung ka Elsi, sabab koering doeaan kahoetangan boedi koe andjeunna, tangtoe koering djeung Elsi moal daek ngarah kaoentoengan ti andjeunna, nja andjeunna iasa ngagaleuh kareta mĕsin Manitou ngan 15 pond.

Kadoea: andjeunna rek moelih ka tanah Inggris, dina moesim panas, rek nĕpoengan poetrana, noe dina mangsa harita aja di Porstmouth. Andjeunna geus pĕrtjantĕneun, jen pinggĕlna pangna djadi hideung lain lantaran kasawatna, sapĕrti omong si Higginson, tapi koe walirang noe aja dina djĕro botol wadah tjipanas tea bae. Sanadjan si Higginson geus njieun pĕta kitoe ka andjeunna, tapi eta njonja teu ngandoeng manah.

Oepama njonja Evelegh niat mah ngĕlakkeun doktor Fortescue-Langley, katjida gampangna. Tapi manahna, ajeuna andjeunna geus damang, nja toeloej moelih ka Inggris.

„Aeh, koemaha pĕrkawis ieu boemi, oepami njonja bade moelih ka Inggris mah?" saoer njonja Georgina ka njonja Evelegh, sanggeus andjeunna ngadangoe maksoedna njonja Evelegh kitoe „Da moestahil oepami ieu boemi ditoetoep bae mah, teu didjaga, sabot njonja di ditoe! Oepami kitoe, ĕngke di mana njonja moelih deui ka dieu, tangtos seueur barang² sarĕng paparabotan njonja noe roeksak. Emoetan koering mah, oepami aja djĕlĕma noe ngosongkeun imahna, sami bae sarĕng ngaroeksak kana eta imah, tangtos moal kenging dieusian deui. Bilih njonja teu oeninga, koering oge di ditoe gadoeh rorompok di loear kota, ajana dina tĕmpat noe sae di Surrey. Eta imah koe koering rek disewakeun. Roepina teu

kintĕn saena, doepi ajeuna eta rorompok kosong. Manawi njonja oeninga djĕlĕma noe pinjewaeun, margi oepami eta rorompok sasasih atanapi doea sasih kosong bae ....."

„Manawi eta boemi sae pikeun abdi." djawab njonja Evelegh „Abdi ngilari rorompok noe sae pikeun dina moesim panas, sarĕng lĕngkĕp katoet parabotna, pikeun abdi sarĕng Olivier, sarĕng noe gampil didjoegdjoeg ti London sarĕng ti Portsmouth."

Njonja Georgina toeloej njĕpĕng panangan njonja Evelegh, bari ningali kana rarajna njonja Evelegh sĕmoe noe kaget, saoerna: „Ja Allah, njonja, pikeun njonja! Teu pantĕs pikeun njonja mah tjalik di dinja, margi eta rorompok aja dina tĕmpat anoe njoeblĕk, pakaranganana taneuh porang, djadi tjai teh sok ngoemplang bae. Toeroeg[2] hawana di dinja kirang sae! Soemawontĕn ajana dina tĕmpat noe sok sĕring aja noe maehan, nja eta di leuweung Surrey. Oepama njonja sarĕng poetra tjalik di dinja, tangtos njonja sarĕng poetra kagoengan intjok."

„Manawi nja eta boemi noe ditjarioskeun dina sĕrat kabar T i m e s, noe ka loear dintĕn ieu?" tjek njonja Evelegh „Hidji boemi noe teu kintĕn saena pikeun dina moesim panas! Ajana di pasir Holmesdale. Kamar pangkoelĕmanana aja gĕnĕp sarĕng kamar ageungna aja opat. Ti dinja titingalian sae, hawana bĕrĕsih, sarta pĕrnahna sae. Tadina mah eta boemi bade disewa koe abdi."

„Jaktos, nja eta!" saoer njonja Georgina bari pĕpĕta, maparin isarah „nja koering pribadi noe ngalĕbĕtkeun kana sĕrat kabar teh. Tĕmpat noe tjara eta, tjarang! Eta pikiran koering kitoe teh bĕnĕr. Nanging pikeun ka njonja mah koering moal daek njewakeun, moal njonja, saoemoer hiroep ge ka njonja mah koering moal daek njewakeun eta rorompok! Eta rorompok teu beda ti kandang sapi noe kotor; toeroeg[2] ajana dina tanah baseuh; koe margi eta tanah katjida baseuhna, kĕrtas bilikna ge datang ka ragragan; nja atoeh kapaksa ka poengkoer koe koering ditinggalkeun, tjatjakan oepami teu kitoe, tangtos bae koering balai. Doepi ajeuna koe koering disewakeunana ka kitoe bae bangsa djoeroetoelis[2] noe mariskin, noe anakna manglosin-losin. Nanging ka njonja mah samasakali koering teu wantoen njewakeun, sanadjan bade disewa sabaraha bae oge, margi oepama koering ngalampahkeun kitoe, sami bae sarĕng koering njilakakeun ka njonja sarĕng ka toeang poetra."

Nilik kana kasaoeranana, tangtos noe maraos ieu boekoe, maloem, jen njonja Georgina katjida njaahna ka njonja Evelegh. — „Doepi sajaktosna mah maksad koering tadi teh, bade mepelingan ka njonja, soepados njonja oelah ngantoenkeun boemi kosong. Margi oepami njonja moelih deui ka dieu, tangtos ĕngke njonja njampak ieu boemi parantos soepaan. Rorompok[2] noe noetoep bae dina moesim panas, salamina sok soepaan. Oepami bade dipĕrtjantĕnkeun ka boedjang bae, koering bade ngemoetan ka njonja: Boedjang teh bangsa botjokok woengkoel teu baroga pangarti satjongo boeoek, njonja. Biasana teh sok ngadjak baraja-barajana matoeh di boemi njonja, tangtos boemi njonja djadi kotor tjara kandang bagong.

Kapoengkoer waktos koering njaba, toeloej koering nitah hidji oepas njitjingan rorompok koering, soepaja sabot ditinggalkeun koe koering aja noe miara. Kawasna bae manehna teh oerang Ierland, tjitjingna di dinja sarĕng bodjona. Lami[2] sidik jen manehna bangsa Ier. Teu kalawan ngabedjaan heula ka manehna, koering wangsoel, margi koering patjogregan sarĕng toean Kynaston tina pĕrkara Ierland, tina bab sakola[2] sarĕng lian ti eta. Toean Kynaston hidji djĕlĕma Kaom Moeda, sarĕng teu kintĕn rĕsĕpna kana kamadjoean, manawi manehna pagawena toean Rosebery. Koemaha ari djol teh koering datang. Sadajana djĕlĕma[2] noe tjarakĕt rorompok koering, pada maratoeh di rorompok koering, marondokna di kamar gĕde, ĕnggon koering. Eta toean[2] kasondong koe koering keur tjaralik ngadon aroedoed, toeroeg[2] tjroetjrot njaridoeh di mana daekna, katjida garagabahna teh, mangkaning karitoena teh di kamar taman poestaka koering; koe margi eta, njonja, geus oelah bae mĕrtjantĕnkeun noenggoean ka bangsa boedjang teh! Oepama njonja mĕrtjantĕnkeun ka boedjang sami bae sarĕng maehan andjeun. Njonja kĕdah ngilari hidji djĕlĕma noe pinoenggoeaneun ieu boemi, nanging oelah sambarangan djĕlĕma, kĕdah djĕlĕma noe tjara ieu Louise."

„Louise?" saoer njonja Evelegh „Euh, jaktos. Teu kintĕn saena eta panggalih njonja kitoe. Tapi abdi teu emoet saeutik-eutik atjan ka Louise. Tangtos andjeunna sarĕng sobatna Elsi, kararĕsaeun tjalik di dieu, sarĕng tangtos bae manawi sarĕng poen Ursula, sarĕng toekang kĕbon abdi deui."

Sanggeus koering sanggoep baris njitjingan eta imah, toeloej

koering aja panoehoen saeutik ka njonja Evelegh, nja eta baris njewa eta imah sakadarna. Tapi njonja Evelegh teu ngaboelkeun kana panoehoen koering kitoe.

„Waktos atjeuk bade meser kareta mĕsin Manitou ge parantos leungit kaoentoengan noe bade katampi koe nona." saoer njonja Evelegh „Ajeuna atjeuk katjida soeka atina, rehna atjeuk tiasa mĕrtjajakeun ieu rorompok ka nona. Sajaktosna mah atjeuk noe kĕdah moeroehan ka nona doeaan, margi parantos kararĕsa noenggoean rorompok atjeuk sarĕng ngabĕrsihanana."

Waktoe harita koering ingĕt kana katjapanganana toean Hitchcock: „Saroea oentoengna; oentoeng abdi, oentoeng nona", koering teu ngahoelag deui kana kasaoeranana njonja Evelegh kitoe. Sanggeus koering djeung njonja Evelegh, njonja Georgina, rengse badami, toeloej njonja Evelegh moelih ka tanah Inggris, ninggalkeun ka koering djeung ka Elsi.

Ari njonja Georgina moal moelih deui ka Schlangenbad. Koe sabab eta tĕroes andjeunna ngĕtok kawat ka Schlangenbad, miwarang ka baboena soepaja noetoerkeun.

„Sabab kami koedoe ngagawekeun," saoerna.

Andjeunna ge titirah di deukeut Luzern keneh. Kawasna pang andjeunna matoeh di dinja, hojongeun noeloeng[2] ka koering ngomongan djĕlĕma[2], soepaja daraekeun daratang ka tĕmpat koering, ngilikan kareta mĕsin Manitou tea, atawa soepaja daraekeun mareuli, maksoedna koe djalan kitoe, soepaja koering djeung Elsi gantjang bisa beunghar .....

Andjeunna katjida bĕndoena, waktoe koering oendjoekan ka andjeunna, jen bibi koering ti indoeng, Suzanna — noe koe koering bareto ditjaritakeun hiroepna masakat di Black Heath. — ngamběk ka koering dina hidji soerat pandjang, lantaran koering daek djadi agen kareta mĕsin, nja eta: hidji pagawean, noe noeroetkeun pamanggihna, lain pitjabakeun koering.

„Goreng eta?" saoerna njonja Georgina noe tjerewed teh „Naon maksoedna noe matak manehna njaram maneh djadi agen kareta mĕsin! Naha koemaha pikiranana? Tangtoe pamikirna leuwih hade maneh djadi baboe, atawa djadi goeroe sakola di London atawa djadi toekang moesik tinimbang djadi agen kareta mĕsin; patjoean arek noeroetkeun timbangan manehanana, Louise? Euh, Louise, saĕnjana gelo djĕlĕma noe boga pikiran kitoe teh. Lamoen maneh

boga doeloer lalaki, meureun meunang djadi agen kareta mĕsin atawa naon bae oge, asal manehna meunang doeit. Tangtoe moal aja djĕlĕma noe wanieun njarek. Toeroetkeun Louise omongan kami: noe hade pikeun djago, tangtoe hade pikeun hajam bikang, kitoe deui sabalikna. Djeung deui naon goenana maneh ngamenak? Da dilain-lain oge maneh teh menak, Louise! Keur naon hajang disangka beunghar ari oerang hĕnteu beunghar mah? Djeung bedjakeun ka bibi maneh, Suzanna, tjek kami kitoeh, eta pikiran teh hade dilampahkeun, tapi ngan pikeun manehna sorangan."

Dina waktoe koering njoeratan ka bibi Suzanna tea, koe koering ditĕrangkeun koemaha manahna njonja Georgina tina eta pĕrkara; koering pĕrtjaja, jen bibi koering baris sĕnangeun pikirna, sanggeus matja eta soerat.

Koering djeung Elsi ngarasa soegĕma pisan, tjitjing di pamatoehan koering teh. Di dapoer koering djeung batoer saimah sakarĕp-karĕp bae, ari Ursula koe koering djeung koe Elsi digoeroean, koemaha prakprakanana awewe[2] di Zwitserland popolah. Kadjaba ti eta taja deui pagawean koering djeung Elsi noe sedjen, lian ti toempak kareta mĕsin toeroen goenoeng oenggah goenoeng, pikeun mikat manoek[2], noe digiringkeun koe njonja Georgina, soepaja daratang ka tĕmpat koering.

Andjeunna minangka djadi titiran noe didjieun djontrot, da poegoeh tina pĕrkara kitoe andjeunna katjida pintĕrna. Koe lantaran geus katjida lobana koering ngadjoeal kareta mĕsin Manitou; koering heran nendjo kapintĕran diri sorangan tina bab dagang. Ti Frankfort toean Hitchcock njoeratan ka koering kieu oengĕlna: „Kareta mĕsin Manitou ajeuna kenging dioepamikeun hidji a s, tĕmpat ieu boemi moentir, sarĕng djadi kaanehan djaman ajeuna. Waktos nona di Limburg njarios ka abdi, jen kĕrsa djadi agen Manitou, parantos katingal koe abdi, jen nona pintĕr pĕrkawis dagang, nanging harita abdi teu atjan tiasa ngintĕn ari baris matak djadi sakieu madjĕngna mah kana dagangan abdi. Lantaran noe marĕsĕn woewoeh lami woewoeh seueur bae, ajeuna abdi keur riboet ngageungan pabrik, soepaja tiasa njoemponan kahajangna noe pimesereun. Parantos ngajakeun kantor[2] di Berlijn, Hamburg, Crefeld sarĕng di Dusseldorf. Mangga nona geura ninggali dagangan oerang noe parantos disajagikeun di goedang, soepados nona iasa ngitjalna di tĕmpat sanes. Pangaosna kareta mĕsin Ma-

nitou ajeuna teu kintĕn bae dimirahkeunana ka noe maleser pikeun djoealeun deui.

Di bĕnoea Eropa bae woengkoel kirang-langkoeng parantos aja 200 djĕlĕma noe menta djadi agen. Oepami kapintĕran eta anoe marenta tea sami sarĕng kapintĕran nona, tangtos abdi daek njewa nagara Frankfort, baris didaměl pabrik kareta mĕsin Manitou."

Sangeus saminggoe lilana koering djeung Elsi njitjingan eta imah, teu aja pisan noe ngaganggoe atawa njisikoedi, ari dina kadalapan poĕna isoek², koering kaget, karana nendjo hidji nonoman, angkat ngadjoegdjoeg ka imah koering. Eta djĕlĕma njorendang kimpoel.

„Geuwat, geuwat Elsi," tjek koering „geuwat ka dieu, bari bawa kekĕr! Aja lalaki toeh datang! Geuwat!"

„Aja naon?" tjek Elsi sĕmoe kaget.

„Aja lalaki!" tjek koering bari njiwit leungunna „Lalaki hiroep! Lalaki toelen! Tah geuning! Djoedoel maksoed hiroep oerang teh tjoendoek!"

Tapi teu lila ti saĕntas ngomong kitoe, koering ngarasa kadoehoeng, lantaran geus ngaloearkeun omongan noe teu pararoegoeh. Ari sababna kieu, barang eta lalaki geus deukeut, tetela eta lalaki teh dĕdĕganana djangkoeng, beungeutna bĕrĕsih, imoetna manis, koemisna tĕgĕp, datang ka matak kairoet noe nendjo, djeung ..... naha bĕnĕr kitoe?

Ah ĕnja sidik andjeunna, moal salah deui, eta teh toean Harold Tillington!

Barang geus tetela, jen toean Tillington, parangi koering noe tadi sakitoe hegarna teh, leungit sapadamajan. Toean Tillington oge boedina teu pati hegar. Bĕt teu karasa deui, aja omongan loentjat kana biwir koering: „Naha rek naon bĕt ka dieu?"

„Saha eta teh?" tjek Elsi, kawantoe manehna awewe pintĕr, gantjang ngarti, jen ka eta lalaki koering geus wawoeh.

„Poetra saderek njonja Georgina," djawab koering „meureun maneh ge ingĕt keneh, jen .....; geuning bareto koe kami geus ditjaritakeun ka maneh, jen kami geus papanggih djeung andjeunna di Schlangenbad. Tapi adatna njonja Georgina katjida gorengna, da tangtoe njonja Georgina noe ngabedjaan ka andjeunna, noedoehkeun pamatoehan oerang, djeung tangtoe andjeunna noe miwarang toean Tillington ka dieu."

„Soegan pangna andjeunna soemping ka dieu rek ngagaleuh kareta mĕsin." tjek Elsi.

Ngadenge omonganana kitoe, koe koering Elsi dipĕlong beungeutna, sabab koering heran, naha Elsi bĕt ngomong kitoe, padahal manehna njaho, pangna toean Harold Tillington soemping teh, lain rek ngagaleuh kareta mĕsin.

Gantjang koe koering Elsi dibedjaan.

„Omongan maneh hĕnteu bĕnĕr, Elsi. Pangna andjeunna soemping ka dieu, lain rek ngagaleuh kareta mĕsin, ngan koe lantaran aja kami di dieu."

Teu lila toean Harold soemping, topina ditjoeplak, andjeunna katjida hormatna ka koering djeung ka Elsi. Harita rarajna teu kira² tĕgĕpna!

„Hatoeran, nona Cayley!" saoerna ti kadjaoehan „Tah nona, oeninga? Geuning kapĕndak koe abdi. Teu kintĕn rĕsikna ieu tĕmpat teh, sarĕng nona djadi woewoeh hoerip deuih."

„Teu kintĕn abdi ..... kagetna. Naha geuning gamparan djol² soemping bae ka dieu. Teu ngawartosan heula."

Barang andjeunna ngadangoe omongan koering kitoe, rarajna beureum.

„Abdi bade naros, saha noe noedoehkeun pamatoehan abdi ka toean?" tjek koering.

„Poen bibi, njonja Georgina; andjeunna oge teu ngahadja ngawartosan, estoe ngan katalandjoeran bae njarioskeun pangling-gihan nona di dieu teh." djawabna bari imoet manis „Koe margi abdi bade wangsoel kana gawe, abdi gadoeh emoetan, bade djalan ka Grimsel, ngaliwat Furca. Djalaran radja oerang ajeuna aja di Monza; koe margi eta abdi aja niat njimpang ka dieu, bade ngahatoerkeun salam talim ka nona."

„Noehoen!" omong koering heuras, tapi teu tĕroes djeung hate „Sarĕng koemaha pĕrkawis salira toean ajeuna, damang?"

„Pangestoe ari badan mah waras," djawabna „nanging ajeuna abdi teu kintĕn sĕsahna, sadikantoenna koe nona di Schlangenbad hate taja kamarasan."

Koe koering katingal sapatoena pinoeh koe kĕboel.

„Djadi toean teh njatjat bae? Naha bade ngaboedjĕng toeang-tĕngah-dintĕn ka Meiringen?" tjek koering.

„Abdi ..... sajaktosna abdi gadoeh maksad sanes ....."

„Naha jaktos?"

Andjeunna beuki tambah wani, pok sasaoeran kieu: „Abdi bade waktja bae ka nona, bade aja panoehoen soepados kawidian ngareureuh di dieu, sadintĕn ieu."

„Elsi," omong koering toengtoengna mah „ajeuna toean Tillington aja manahna palaj ngaso di dieu djeung oerang. Nja moal koemaha, ngan koedoe mariksa ka dapoer, njajagikeun toeangeun hatoeran andjeunna, bisi teu sadia."

Elsi toeloej bae indit. Koe taksiran koering, meureun Elsi aja sangkaan, noe matak koering nitah ka dapoer, soepaja koering djongdjon padoedoeaan djeung toean Harold.

Toean Harold sasaoeran ka koering: „Louise, meureun ĕnoeng ngidinan ka ĕngkang, noempang di dieu, nja?"

Sanadjan hate koering geus teu katahan tapi teu boeroeng koering ngomong kieu: „Abdi aja di dieu moeng padoedoeaan, toeroeg[2] paawewean. Emoetan abdi, kĕdahna mah njonja Georgina ngahalangan ka toean, oelah soemping ka rorompok abdi. Margi kirang saena awewe kasoempingan nonoman. Noemoetkeun atoeran noe sajaktosna mah toean teu kenging ngaleueut tjikopi-tjikopi atjan di dieu!" — ingĕtan koering eta teh akal noe lĕmĕs. „Nanging dalah dikoemaha, malak mandar teu dilĕpatkeun koe kaoem moeda, asal toean bada toeang lohor enggal nĕraskeun lalakon. Moeng sakitoe noe koe abdi diidinan teh."

„Eta kalakoean nona kitoe; katjida teungteuingeunana" djawabna, tjara djĕlĕma anoe beak pangharĕpan.

„Tatamoe noe hĕnteu diondang, kĕdah tarima saajana." omong koering; tatapi sanggeus koering ngomong kitoe, koering teu bisa nahan hate deui „Nanging sajaktosna mah abdi teu kintĕn bingahna, margi tiasa patĕpang sarĕng toean."

Bari sĕmoe noe bingah, andjeunna loentjat, sarta toeloej ngadĕg deukeut koering.

„Djadi ĕnoeng teh hĕnteu bĕndoe ka ĕngkang, Louise? Sanes ĕngkang teh ajeuna mah kenging njĕbat Louise bae?"

Barang ngadenge saoer toean Harold kitoe, koering ngagĕtĕr djeung leungit ingĕtan nĕpi ka teu timoe piomongeun.

„Abdi mah teu aja pangintĕn ngambĕk ka gamparan ..... di mana pitiasaeun ambĕk, hate sakieu beuratna. Abdi teu kintĕn

bingahna ..... rehna gamparan kĕrsa soemping nĕpangan ka abdi. Sarĕng ..... oepami oerang padoedoeaan mah ..... teu aja pambĕnganana njĕbat ngaran oge."

Andjeunna rek njĕkĕl kana leungeun koering, tapi koe koering dikĕdjatkeun ka toekang.

„Ajeuna mah kawasna aja oge pangharĕpan, malak mandar awal-ahir ..... tiasa laksana."

Bari gogodĕg, koering ngomong kieu: „Teu aja pangintĕn! Hate teu kintĕn beuratna ka ĕngkang, soemawontĕn ĕngkang parantos kĕrsa soemping ka dieu. Nanging ..... oepami ĕngkang masih keneh beunghar mah sarĕng kagoengan harĕpan ka pajoen baris kagoengan pangkat loehoer, taja pangintĕn bae kana pitiasaeun teh abdi djadi garwa ĕngkang. Tah kitoe pioendjoek abdi noe panoetoep."

Waktoe andjeunna dongko di hareupeun koering, bĕt teu karasa deui koering ngalieus. Andjeunna sasaoeran: „Koemaha oepami ĕngkang miskin?"

Koering ngahoelĕng sakeudeung, geus kitoe ngomong: „Oepami parĕng ĕngkang ditakdirkeun miskin, sarĕng sadajana sobat[2] ĕngkang, sarta saeusi alam doenja pada mikageuleuh ka ĕngkang ..... tah ĕngkang ..... oepami parantos kitoe mah, mangga teh teuing nadjan siang wĕngi oge, geura soemping bae ka abdi. Sangĕt panoehoen abdi soepaja pioendjoek abdi diemoetkeun."

Andjeunna ngahoelĕng, pananganana doeanana ditjakoepkeun. Ari toengtoengna pok sasaoeran: „Louise, djantoeng ati ĕngkang, djoengdjoenan ĕngkang doenja-aherat! Ajeuna ĕnoeng parantos maparin landong ka ĕngkang, pibĕkĕleun ĕngkang hiroep di doenja. Ti sĕmĕt ajeuna ĕngkang rek neangan akal, soepaja ĕngkang boeroeng nja beunghar, ditoekangkeun koe sakabeh sobat mitra. Di mana ĕngke geus kadjadian kitoe, tangtos ĕngkang enggal dongkap ngadeuheus ka ĕnoeng, nagih pĕrdjangdjian ĕnoeng tea."

Kira[2] aja sadjam lilana koering doeaan darioek, ngawangkong noe teu poegoeh bae, tapi rĕsĕp djeung soegĕma taja papadana, lantaran sarasa tea, itoe ma'loem koering ngarti. Ngan kabeurat koering tea bae, noe djadi halangan kana kawin teh.

Elsi geus kadenge rek datang ti dapoer, sapatoena kokotoprakan djeung panto bragbrigbroeg. Doeka ngahadja doeka hĕnteu, da

sasarina mah tara kitoe. Anggangna ti dapoer ka imah teh ngan 6 M, tapi paparentah ka Ursula bari gogorowokan.

Koering, Elsi djeung toean Tillington, dahar lohor teh dina hidji medja di deukeut lawang kĕbon. Elsi lain ngan njadiakeun kĕkĕmbangan woengkoel, tapi manehna njadiakeun oge dadar ĕndog, goreng hajam djeung koeeh poedĕng.

„Teu pisan kami njangka kana pibisaeun njadiakeun dahar, teu dibantoean koe maneh, Ĕndeung. Tapi kitoe ge kami ngan oekoer bisa njadiakeun sabisa-bisa kami bae noe borod. Pitoeloenging Allah kami bĕt dipaparinan tangginas, nĕpi ka kami bisa njadiakeun dahar."

Dina waktoe dahar koering sarerea teu eureun² ngobrol bari soekan² saleuseurian. Toean Harold katjida iasana njoekakeun hate koering; koe sabab eta tangtoe bae Elsi katjida rĕsĕpeunana ka andjeunna.

Sanggeus toeang kawasna toean Tillington tatjan poeas keneh bae manahna, boektina andjeunna moendoet idin hojong dongkap kana waktos ngĕteh (kira² poekoel ½ 5 sore), sabada ngaleueut tjiteh rek djĕngkar. Sanadjan eta pamoendoet koerang pantĕs, tapi kapaksa koe koering dikaboelkeun. Tĕpi ka poekoel ½ 5 koering djeung Elsi ngobrol djeung toean Harold. Geus kitoe koering toeloej nangtoeng, maksoed koering soepaja toean Harold nĕraskeun lalakonna. Maksadna toean Harold rek nganggo djalan goenoeng noe ngaliwat ka lamping Luzern noe tĕroes ka Meiringen tea. Koering katjida inggisna, bisi andjeunna ĕlat di djalan; koe sabab eta andjeunna koe koering geuwat didjoeroeng bae soepaja enggal angkat.

„Euh, pĕrkawis eta mah, nona, ĕntong djadi salĕmpang," saoerna „abdi teu kintĕn bingahna margi wajah kieu parantos aja di dieu."

Bari nangtoeng adjĕg, koering ngomong: „Nanging toean kapan tadi parantos djangdji ka abdi jen bade enggal djĕngkar."

Gantjang andjeunna ngadĕg, toeloej dongko di hareupeun koering.

„Kapalaj nona sami sarĕng wet. Sanadjan ka loehoer batoe ka liang tjotjopet oge, oepami dipiwarang koe nona mah moboeroeng dilakonan."

Geus kitoe andjeunna moendoet didjadjapkeun ka koering djeung

ka Elsi nĕpi ka djalan gĕde. Geuwat koering ngadjawab: „Moal tiasa, langkoeng sae oepami abdi sarĕng Elsi hĕnteu djadjap."

Koering aja ingĕtan ĕngke djeung Elsi baris nendjo koe kekĕr, oepama andjeunna geus nĕpi ka pasir Kulm dina moemoenggangna; koe koering rek digoepajan koe sapoetangan. Roepana andjeunna ngaraos handjakal, lantaran pamoendoetna koe koering teu ditĕdoenan, toeloej angkat.

Kira² geus liwat saparapat djam andjeunna katembong koe koering, keur waktoe mengkol dina pengkolan noe mitĕs. Ari geus kitoe, pirang-pirang lilana koe koering didagoan, andjeunna tatjan katembong keneh bae ngalangkoeng ka pasir Kulm.

Sanadjan koe koering djeung Elsi ditendjo koe kekĕr, tapi wĕleh bae teu tembong, mimiti ngarasa salĕmpang, toeloej koering ngomong ka Elsi: „Mistina mah andjeunna geus nĕpi kana moemoenggang pasir Kulm, Elsi!"

„Ĕnja, ari mistina mah." tembal Elsi.

Toeloej koering nendjo deui kana tĕmpat noe baris dilangkoeng koe andjeunna. Koe lantaran toean Harold atjan tembong keneh bae, koering tambah salĕmpang.

„Tjoba tendjo Elsi! Tendjo toeh manoek² halalibĕr di loehoereun djoerang toetoegan pasir Kulm! Teu katendjo koe maneh, bĕt aneh, naha eta manoek² teh riab halalibĕr?"

Elsi njokot kekĕr, toeloej ngekĕr kana palĕbah noe ditoedoehkeun koe koering tea, omongna: „Bĕnĕr, itoe manoek² teh teu eureun hihibĕran, ngoeriling djeung tetendjoan kami mah sigana eta manoek teh disarada, da pamatoekna siga² tjatjalangapan!"

„Tjara noe kaget, kawasna eta manoek² teh, nja." tjek koering.

„Ĕnja, katendjona koe kami oge." tjek Elsi.

„Lamoen kitoe, tangtoe toean Harold geubis kana djoerang!" omong koering bari loentjat „tangtoe ragragna kana deukeut sajang eta manoek. Elsi! Geuwat oerang ka daritoe!"

Elsi miloe reuwas, beungeutna pias kawas majit: „Ĕndeung! Lah watir teuing!"

Rarasaan beungeut koering beureum tjara kĕmbang wera; sirah baloewĕng, tjeuli paranas, asa direrab bae.

„Oelah leleda! sanadjan saměnit tjek wiwilanganana," omong koering „tjokot tambang! Gantjang!"

„Naha lain leuwih hade, oepama oerang indit heula ka Luzern

toempak kareta mĕsin, neangan djĕlĕma noe pinoeloenganeun?" tjek Elsi „Oepama oerang doeaan bae mah tangtoe moal bisa noeloengan."

„Teu pĕrloe; oerang koedoe gantjang indit moeroe kana djoerang," djawab koering „moen oerang ka Luzern heula, mitjeunan waktoe woengkoel, toeroeg[2] oepama oerang ĕlat samĕnit oge, tangtoe toean Harold koe oerang moal kaboeroe katoeloengan, atoeh ari oerang koedoe ka Luzern heula mah, sasat oerang njilakakeun toean Harold."

Kabĕnĕran di imah aja tambang sagolong pandjang toer wĕdĕl, beunang ngahadja njonja Evelegh ngagaleuh, baris dipake dimana aja katjilakaan. Geus kitoe gantjang koering indit djeung Elsi bari njalindangkeun tambang dina taktak, moeroe kana eta djoengkrang. Koering djeung Elsi badarat bae, sabab eta djalan teu beunang disorang koe kareta mĕsin. Ari geus datang ka djalan koering kadoehoeng, lantaran si Ursula teu dibawa djeung teu nitah Elsi indit ka kampoeng Luzern, baris menta toeloeng ka oerang dinja; ari sababna waktoe keur nandjak kana eta goenoeng, Elsi teu bisaeun nandjak, djadi kapaksa koering koedoe njered Elsi.

Eta goenoeng pinoeh koe soesoekan laleutik djalan tjileungtjang. Oentoeng koering djeung Elsi bisa nĕpi kana djalan noe bras ka Kulm. Koering djeung Elsi leumpang noetoerkeun tapakna toean Harold bae; andjeunna nganggo sapatoe goenoeng noe pinoeh koe pakoe tea, katjiri tapakna njarĕblok oepama dina djalan noe hipoe, malah dina djalan noe loba batoena oge, aja bae tapakna teh. Koering djeung Elsi katjida babarina neangan djalan noe diliwatan koe andjeunna.

Sanadjan sababaraha pal oge, tangtoe koering djeung Elsi bisa noetoerkeun toean Harold; tapi barang koering djeung Elsi nĕpi kana tĕmpat noe rada lĕga, eta tapak teh leungit. Toeloej koering moendoer deui sababaraha lengkah, koe koering diawas-awas deui tjara andjing njoesoed oedaganana.

„Tah di dieu kawasna andjeunna tigoelingna." omong koering, waktoe koering nangtoeng deukeut roejoek, noe aja di sisi eta djoeroeng.

„Na koemaha noe matak maneh njaho, Ĕndeung?"

„Hih, ilikan bae koe maneh; tah geuning ieu tapak tĕtĕkĕnna;

lain andjeunna teh nganggo tĕtĕkĕn gĕde; naha maneh hĕnteu ingĕt, kapan toengtoeng tĕtĕkĕnna teh pasagi, lain? Tah ieu deui geuning tapakna, kami bisa noetoerkeun tapakna ti ditoe keneh."

„Tapi tapak noe tjara eta mah geuning loba di mana-mana oge!"

„Poegoeh; tapi tapak tĕtĕkĕn toean Harold beda djeung tapak iteuk noe sedjen. Tapak tĕtĕkĕn toean Harold mah anjar keneh roepana, toeroeg[2] sisina sareukeut. Tah ieu di dieu ilikan! Di lĕbah dieu andjeunna tisoled. Ieu tapak anjar keneh, katjiri dina bangoenna djeung dina batoe laleutik noe baroeboek noe aja dina sisina. Ari tapak noe sedjen mah geus meh leungit kahoedjanankaanginan."

„Na koemaha sababna noe matak maneh njaho kana eta pĕrkara, Ĕndeung?"

Koemaha sababna noe matak koering njaho kana eta pĕrkara, koering ge teu ngarti. Kawasna bae koe lantaran toean Harold tjilaka, eta sababna noe matak oeteuk koering djadi seukeut tjara paninggaran noe noetoerkeun kidang. Pananja Elsi koe koering teu didjawab, ngan toeloej bae koering ngomong: „Tah di dieu, dina dahan ieu andjeunna moentang sakeudeung. Waktoe pananganana lesot tina eta dahan, aja sababaraha lambar daoenna eta kai noe kaparol koe andjeunna. Tah ti dieu andjeunna meureun loentjat ka handap kana poentjakna pasir leutik noe itoe. Oerang koedoe tĕroes noetoerkeun tapakna, Elsi!"

Elsi reuwaseun deui, kawasna manehna ngarasa baloeas. Kabĕnĕran leungeunna koe koering ditjĕkĕlan pageuh pisan; toeoer koering ditjĕblokkeun kana taneuh, toeloej koering mariksa tapak[2] tea; dina palĕbah tĕmpat noe aja tatangkalan, koering bisa oge mariksa tapakna. Sanggeus koering nitenan tapakna, koering njaho, jen andjeunna teh loeloentjatan nĕpina ka handap, sarta bari njotjog-njotjogkeun tĕtĕkĕnna kana taneuh.

Elsi koe koering ditoejoen-toejoen, sakapeung disina moentang, tapi tatjan aja doea mĕnit lilana, manehna geus roeboeh, sarta tjeurik sĕgrak-sĕgroek. Koering katjida bingoengna. Ari rek noenggoean Elsi bae, koemaha toean Harold; ari rek noeloengan toean Harold, meureun Elsi koedoe ditinggalkeun. Teu wani koering ninggalkeun. Koering djeung Elsi ngeureujeuh sabisa-bisa nĕroeskeun lalampahan, ngaliwat kana djoerang noe loba kakaianana,

toengtoengna koering nĕpi kana tĕmpat noe loba manoek hihibĕran tea. Eta manoek[2] teh keur retjet bae disarada.

Ari akalna ngawoedjoek Elsi, soepaja manehna daekeun nĕroeskeun lalampahan tea, kieu: Koering ngomong ka manehna, njaritakeun jen koering teu meunang leleda sanadjan samĕnit, soepaja bisa noeloengan toean Harold: „Toean Harold hiroep keneh." tjek koering „Dengekeun Elsi, itoe manoek[2] teh masih keneh bae teu eureun[2] disarada retjet tjara tadi. Oepama toean Harold poepoes, tangtoe eta manoek[2] teh baralik deui kana sajangna! Hajoe geuwat sing gantjang, Elsi! Oerang koedoe noeloengan andjeunna!"

Sanadjan Elsi sieuneun keneh, tapi teu boeroeng manehna nangtoeng noetoerkeun koering. Leungeun Elsi koe koering ditjĕkĕlan pageuh pisan, toeloej dipaksa lalaoenan, tapi ngeureujeuh, mindĕng pisan manehna koe koering koedoe ditoeloengan lamoen rek ngalengkahan karang[2], atawa tjatang[2] noe malang ngahalangan pidjalaneun. Tapak tĕtĕkĕnna toean Harold masih keneh katembong. Lalampahan koering djeung Elsi teh loba pisan pibahjaeunana. Boro[2] koering djeung Elsi, tjatjakan toean Harold ge, noe geus kawĕntar iasa nandjak di goenoeng, mindĕng pisan andjeunna tisoledat dina batoe[2] noe laleueur.

Sakapeung teu katembong tapak toean Harold; atoeh kapaksa koering koedoe dodongkoan ngilikan tapak toean Harold. Koe lantaran koering mindĕng eureun-eureunan, meh bae koering beak pangharĕpan.

„Tah ieu Elsi, di dieu aja oeroet batoe ragrag, tangtoe toean Harold njorang kana djalan ieu! Toeh geuning itoe aja dahan kai noe peunggas, tangtoe eta dahan oeroet moentang toean Harold. Eta loekoet kawas oeroet ditindjak koe manoesa; tangtoe tadi toean Harold ngadĕg di dinja. Tah eta sireum noe sagoendoek, noe ajeuna geus paboerĕntjaj, rek ngarampihkeun ĕndogna, eta teh noedoehkeun, jen sajangna tadi katitjak koe toean Harold."

Tah kitoe pĕtana koering njoesoed tapak toean Harold, nĕpi ka toengtoengna koering nĕpi kana hidji batoe karang noe gĕde; noe aja dina sisi djoerang noe goerawes toer djĕro katjida.

Koe sabab eta, koering djeung Elsi teu bisa nĕroeskeun lalampahan, sabab eta karang noe sakitoe gĕdena toer loehoer teh, ngahalangan djalan. Di loehoerna katembong loba karang laleutik. Manoek[2] noe koe koering djeung Elsi katendjo ti imah tea masih

keneh hihibĕran, djeung teu eureun[2] disarada tararik pisan mani retjet. Sajangna eta manoek noe saboeboehan teh, ajana dina eta djoerang noe djĕro tea, ari djĕrona tina tĕmpat koering djeung Elsi ka handap kira[2] 70 kaki.

„Tangtoe andjeunna hiroep keneh," omong Elsi „oepama andjeunna poepoes mah tangtoe eta manoek[2] teh baralik deui kana sajangna. Teu meunang hĕnteu andjeunna geubisna ti dieu, tangtoe meureun toean Harold teh ngagoler di handap; boa kapaehan."

Barang Elsi keur njĕkĕlan kana batoe gĕde tea, koering ngarandang tjara monjet kana sisina eta batoe, toeloej nĕmpo kana djoerang tea. Eta djoerang teh lain goerawes bae tapi njangkĕrĕdong deui; ari sisi-sisina reges pinoeh koe batoe noe sareukeut.

Ajeuna koering njaho sarta bisa nendjo tetela palĕbah mana toean Harold geubisna. Bari nendjo ka handap koering dongko dina sisina eta djoerang. Rarasaan teh mani maroeringkak boeloe poendoek, nendjo ka handap teh bawaning koe lĕwang. Sanadjan manoek[2] teh masih halihibĕran keneh, hidji tanda jen toean Harold atjan poepoes, tapi rarasaan koering geus teu gĕtihan tina bawaning koe paoer.

Ĕnja, bĕnĕr itoe geuning toean Harold ngaringkoek! Dina karang anoe njodor katembong koe koering toean Harold ngagoler, teu oesik teu malik, salirana digandjĕl koe sikoena. Tapi taksiran koering andjeunna atjan poepoes, toeloej koering gĕgĕroan satakĕr tanaga: „Toean Harold! toean Harold!"

Toean Harold tjĕngkat meueusan. Barang ningali aja koering, katembong rarajna marahmaj. Kawasna bae sasaoeran, tapi teu kadenge koe koering. Koering ngarandang njampeurkeun ka Elsi, toeloej ngomong: „Elsi kami rek ka handap."

Elsi tjeurik deui: „Ĕndeung." omongna bari tjeurik eueuriheun.

Mimitina koering nalikeun heula tambang tea sabisa-bisa soepaja pageuh. Koering teu wani mĕrtjajakeun ka Elsi, sabab manehna katjida leuleusna, toeroeg[2] eta tali moal katjĕkĕl djeung moal katanagaan koe Elsi. Lain koe lantaran awak koering beurat bae, babakoena mah koe lantaran manehna katjida baloeasna. Tjatjakan nalikeun eta tali kana tjangkengna ge koering teu wani, sabab sok sieun manehna kagoesoer ka handap. Sanadjan koering geus sakitoe lilana oelak-ilik, tapi koering teu neuleu kai satangkal-tangkal atjan atawa batoe noe gĕde, noe sakira pikoeateun. Kabĕnĕran

koering manggih akal, lantaranana koering ngareret ka toekang, nendjo aja karang beulah, bangoenna kawas oeroet mantjir. Geus kitoe eta tambang koe koering ditalikeun kana hidji batoe hiroep noe rada gĕde, tĕngah-tĕngahna rada dĕngkeng, djadi eta tambang moal gampang lesot. Toeloej eta batoe koe koering diasoepkeun kana karang noe tjalangap tea, geus kitoe eta batoe koe koering ditarik sakoeat-koeatna, datang ka eta batoe pageuh pisan njĕlap dina sĕla[2] eta karang. Waktoe koering rek ngaboektikeun, pageuh hĕnteuna eta tambang, koe koering kanjahoan, jen eta tambang baris pikoeateun dibeungbeuratan koe awak koering. Saroea bae wĕdĕlna djeung karang tea. Sanggeus kitoe eta tambang diragragkeun ka handap, soesoeganan toean Harold iasa naek ka loehoer. Tapi toean Harold anggoer gogodĕg, toeloej njoëhkeun kĕrtas salambar tina boekoe notĕsna, tetela jen andjeunna teh katjida ripoehna, sabab katjiri andjeunna ngan oekoer iasa tjĕngkat meueusan sarta lalaoenan pisan. Andjeunna toeloej njĕrat dina kĕtas, ari geus anggeus digantelkeun kana tambang tea. Barang eta tambang koe koering ditarik, eta soerat dibatja: „Teu bisa hoedang, toelang asa rĕmĕk, meureun potong."

Djadi koema behna bae, koering kapaksa koedoe toeroen ka handap. Mimitina mah koering rek njorodotkeun maneh bae ka handap mapaj tambang, tapi kabĕnĕran gantjang koering ingĕt, oepama koering njieun pĕta kitoe, koemaha piĕngkeëunana naekna deui ka loehoer? Rek ngarangkek kana tambang noe sakitoe lesangna, tangtoe moestail kana pibisaeun. Koering bingoeng. Oentoeng gantjang datang pikiran rek make tjangreud galĕde keur panetjean, tjarangna satĕngah M., dina sapandjangna eta tambang.

„Naon gawena eta tjangreud teh?" tjek Elsi sĕmoe heraneun.

„Pikeun panintjakan, lamoen kami ĕngke rek naek deui ka loehoer!"

„Boa[2] ĕngke eta tali noe beulah loehoer pĕgat, sabab awak maneh beurat."

„Ingĕtan kami moal matak bahja," tjek koering, soepaja Elsi sĕnangeun hatena „kapan ieu panetjean teh koe kami baris dipageuhan deui koe ieu tali lĕmboet. Elsi, kami koedoe toeroen. Teu meunang hĕnteu."

Barang pagawean koering geus anggeus, koering ngarerat ka

Elsi, noe keur dioek deukeut batoe karang noe gĕde tea bari sĕmoe soesah djeung sieun.

„Elsi, tjing ka dieu, awaskeun ka handap. Maneh koedoe djangdji ka kami, jen maneh ĕngke baris ngalampahkeun sagala parentah kami ti handap. Ka dieu Elsi, kapaksa maneh koedoe ngabantoean."

„Ah, Ĕndeung kami mah teh sanggoep, lĕwang; heug bae ĕngke kami ragrag deuih."

Bari diwoedjoek, koe koering dioesapan boeoekna noe sĕmoe koneng kawas ĕmas teh.

„Elsi, manis!" omong koering lalaoenan, bari mĕntjrong kana panonna „maneh teh awewe, ari awewe tea koedoe wani, lamoen djantoeng atina rek meunang balai. Naha maneh teh teu njaah ka kami?"

Bari tjatjarita kitoe teh, koe koering dibawa ka sisi eta gawir.

„Tah dioek bae di dieu, nja!" omong koering, soepaja manehna oelah ambĕk „nangkoeban oge meunang, ari daek mah, ngan asal bisa nendjo saeutik bae ka djĕro djoerang."

Saomong koering ditoeroetkeun koe Elsi tjara boedak leutik noeroetkeun omong bapana. Koering tĕrang pisan, jen Elsi katjida njaaheunana ka koering.

Sanggeus kitoe toeloej eta tambang koe koering ditjokot, ti dinja toeloej koering njarosodkeun maneh ka handap. Harita mah eta panetjean teh koe koering teu dipake. Tapi sanadjan kitoe geus aja oge toeloengna; lamoen teu aja panetjean, tangtoe koering ngagĕntak datangna ka handap. Keur dina tĕngah-tĕngahna eta tambang, koering ngarasa oge aringgis, sok sieun eta tambang pĕgat, tangtoe koering ngagantoeng bae di awang[2], ari di handap toean Harold ngagoler; tapi hidji awewe moal sĕber njanghareupan pibahlaeun noe sakitoe gĕdena, lamoen boeah hatena atawa djoengdjoenanana ..... Dina waktoe harita, nja eta waktoe koering keur ajoen-ajoenan di awang[2], bari nahan napas sorangan, kakara karasa koe koering, jen koering katjida ..... bogohna ka toean Harold.

Toengtoengna koering nĕpi ka handap, nja eta kana sĕsĕlana batoe[2] tea, koering dongko di pajoeneun toean Harold.

Gantjang toean Harold ngadjak tabe ka koering, bari njĕpĕng kana leungeun koering lalaoenan, toeloej andjeunna sasaoeran:

„Ĕngkang tĕrang jen ĕnoeng baris soemping noeloengan ka ĕngkang, sarta koe ĕngkang geus katjipta, jen ĕnoeng bakal bisa manggihkeun ĕngkang. Nanging ari kana koemaha pipĕtaeunana ĕnoeng neangan akal mah sangkan ĕngkang salamĕt, eta masih keneh tatjan kaharti koe ĕngkang, margi emoetan ĕngkang moal ĕnja aja istri noe leber wawanen sarta tohtohan?"

„Ageung raheutna ĕngkang teh?" tjek koering, waktoe koering masih keneh dongko di pajoeneunana. Panganggona kabeh roewak-rawek.

„Ah doeka, margi ĕngkang pribadi ge teu atjan tĕrang, nanging ĕngkang meh teu tiasa oesik[2] atjan. Taksiran mah awak ĕngkang teh hĕnteu ari potong mah, kawasna ngan eumeur bae."

„Kiat kintĕn-kintĕnna ĕngkang naek kana eta tambang oepami bari ditoeloeng koe abdi."

Andjeunna toeloej gogoděg: „Ah, moal! pikeun naek sama sakali ĕngkang teu sanggoep. Kĕdah aja djĕlĕma noe pingangkateun ĕngkang. Leuwih hade oepama ĕnoeng ajeuna angkat ka Luzern, baris njiar noe pinoeloenganeun."

„Doepi ĕngkang di dieu sarĕng saha, oepami koe abdi dikantoen mah? Ah, moal ĕngkang, abdi teu wantoen ngantoenkeun ĕngkang njalira di dieu."

„Na koemaha pilampaheun oerang?"

Sadjongdjongan koering mikir:. „Tjobi abdi namboet potlot!" tjek koering, ari geus kitoe koering noelis doea-tiloe kĕtjap ka Elsi: „Talikeun ĕrok noe kandĕl kana toengtoeng ieu tambang, ragragkeun ka handap, nja!"

Sanggeus kitoe koering nitah ka Elsi narik tambang tea; koering heran, lantaran Elsi bisa ngaboelkeun kana pamenta koering, ngan sakotjepat bĕbĕnĕran. Manehanana masih ngĕděng keneh di sisina eta gawir, bari soengoetna tjalangap manehna nĕmpo ka handap, nendjokeun noe baris dipigawe koe koering. Noeroetkeun pamanggih koering, oenggal[2] awewe tangtoe bisa milampah kana sagala gawe oge, lamoen pĕrloe. Barang eta ĕrok noe kandĕl geus ditalikeun kana toengtoeng tambang, toeloej disorosodkeun ka handap. Eta ĕrok koe koering ditikĕl doea, oenggal[2] djoeroena koe koering ditjangreudkeun, datang ka bangoenna meh siga karoeng. Dina oenggal[2] tjangreud koe koering ditalian, eta tali tĕroes ditjorokkeun ka handap didjieun tjara salang, djadi eta ĕrok ajeuna sapĕrti hidji

tjikrak gĕde, noe sok diparake ngangkatan karoeng tipoeng di panggilingan. Ari geus kitoe koering ngomong ka toean Harold: „Tjing mangga geura tjobi, manawi ĕngkang iasa ngarandang kana djĕro ĕrok."

Estoening hese beleke andjeunna goegah, maksakeun andjeun ngarandang kana djĕro eta karoeng; ari sampeanana ngaroembaj kana taneuh. Harita mah kakara kanjahoan koe koering, karipoehan djeung kanjĕrian andjeunna, dina waktoe andjeunna ngobahkeun salira.

Ari geus kitoe toeloej soekoe koering ditintjakkeun kana tetetjean tambang tea. „Raos[2] bae tjalik di dieu!" omong koering ka andjeunna „ĕngke koe abdi ĕngkang ditarik ka loehoer."

„Naha ĕnoeng teh kira-kira pibisaeun narik ĕngkang, Louise?"

„Atoeh kantĕnan tiasa mah." djawab koering, soepaja tĕngtrĕm manahna „Toeroeg[2] aja Elsi noe pinoeloenganeun ka abdi. Di Girton kapoengkoer abdi sok ngiring ngadajoeng dina parahoe noe dingaranan „Vierriemsploeg".

„Ĕngkang mah parantos teu borong ĕnoeng bae, pendak djiwaraga ĕngkang, pach-hiroep mangsa bodo ĕnoeng, Louise!" saoerna. Koering katjida boengahna ngadenge kasaoeran andjeunna kitoe teh.

Ari geus kitoe terekel koering naek kana tambang tea; koering naek teh teu eureun[2] milang lengkah: hidji, doea, tiloe, opat, — koering teu wani nendjo ka loehoer atawa ka handap, sabab sok sieun baloeas, anoe ditendjo ngan tetetjean noe baris ditintjak bae. Ajeuna ngamimitian tambang teh ĕngdag-ĕndagan djeung disada tingpĕrĕpĕt; hoeloe koering geus mimiti langdjoeng; — doea poeloeh — tiloe poeloeh — opat poeloeh — bari tĕroes bae koering teu eureun[2] naek, sarta soekoe koering dibĕnĕrbĕnĕrkeun nintjakna kana tetetjean, bari moentang kana tambang noe ditjalikan koe toean Harold tea. Leungeun koering mimiti ngadegdeg, karana ngalajang di antara langit djeung boemi teh, matak lĕwang ka oerang. Opat poeloeh lima, opat poeloeh gĕnĕp, opat poeloeh toedjoeh! Opat poeloeh dalapan, opat poeloeh salapan, lima poeloeh ..... kabeh! Ari toengtoengna? Nja ari toengna mah koering nĕpi ka loehoer. Rarasaan mani aja poëna dina waktoe keur naek teh. Bari ngagĕtĕr tina bawaning sieun,

toeloej koering banjat bari ngagoesoer maneh ngaliwat kana sisi batoe karang noe gĕde tea, toeloej tjingogo deukeut Elsi.

Beungeut Elsi pias, tapi hatena masih gĕde.

„Ajeuna koedoe koemaha oerang teh, Ĕndeung?" omong Elsi, haharewosan.

Koering oelak-ilik, rarat-reret hĕnteu poegoeh; ari saĕnja-ĕnjana mah koering tjape keneh, awak lĕsoe laleuleus satoelang-sandi, mani rarasaan teh teu sanggoep digawe deui, saĕnggeusna koering naek dina tambang noe sakitoe loehoerna. Tapi koering maksakeun maneh bae digawe. Di mana eta tambang koe koering rek ditjangtjangkeunana? Tangkal kai teu aja; soegan eta bae batoe noe di djĕro tĕla tea aja deui goenana.

Mimitina eta batoe koe koering dipariksa heula, naha pikoeateun atawa hĕnteu. Beuratna awak koering katahan koe eta batoe, naha koeat pikeun nahan toean Harold, kitoe? Toeloej koe koering dipĕtjak-pĕtjak deui digoesoer bari dioegĕt-oegĕt, sanggeus kataksir jen eta batoe baris pikoeateun, toeloej eta tambang koe koering dibeulitkeun kana eta batoe, tjara kana kerekan, ari toengtoengna eta tambang koe koering ditalikeun kana tjangkeng koering, toeloej koering moentir bari njĕkĕl tambang tea dibeulitkeun kana tjangkeng. Djadi koering teh tjara golongan bola langlajangan. Tah kitoe pĕtana akal koering rek ngagoesoer toean Harold ka loehoer teh.

„Moĕntang ĕngkang sing pageuh, atos-atos!" tjek koering, „koe abdi sarĕng koe Elsi bade ditarik."

Lalaoenan sarta ati² katjida koering djeung Elsi ngamimitian narik eta tambang, sabab koering paoer, sok sieun toean Harold kagoebag-gabig. Gampang pisan eta tali teh dipoetĕrkeunana noeroetkeun ngagoëngna tjangkeng koering. Koering ngarasa koe djalan kitoe pagawean koering teu sakoemaha beuratna tjara pangira koering samemehna prak eta pagawean dilampahkeun. Koering nangtoeng teh deukeut pisan kana sisina eta gawir, ari maksoedna soepaja sakeudeung-sakeudeung koering bisa nendjo ka handap, sarta teu eureun² koekoerilingan tapi lalaoenan, soepaja koering oelah lieur. Eta tambang beuki lila beuki goebag-gabig. Nja harita koering meh teu eling lantaran paoer. Sababaraha kali nendjo ka handap, koe koering katembong, jen toean Harold sĕmoe katjida njĕrieunana; tapi barang koering rek eureun heula

sakeudeung, andjeunna maparin isarah, miwarang ka koering soepaja tĕroes narik eta tambang. Ari rek dieureunan tangtoe pamohalan! Toengtoengna, barang toean Harold rek nĕpi ka loehoer, eta tambang teh mimiti disada ngagĕret tarik pisan, sabab eta tambang keuna kana batoe noe seukeut, nĕpi ka eta tambang pĕgat sabeulah. Rarasan noe pĕgat teh lain tambang tapi djadjantoeng koering. Oepama eta tambang pĕgat, tangtoe baris pĕgat sakabehna .....

Ngan sagadjlĕng pisan koering loentjat, geus aja di sisina eta djoerang, gantjang eta tambang noe rek pĕgat teh koe koering ditewak sarta ditjĕkĕl pageuh pisan. Barang eta tambang ditarik satakĕr tanaga, toean Harold nĕpi kana sisina eta gawir. Gantjang toean Harold moentang kana leungeun Elsi. Leungeun koering bohak kagesrek koe tambang, tapi koe koering teu dirasa, ari lantaranana, kapan koering teh noeloengan toean Harold, djoengdjoenan koering tea lain?

„Tjĕkĕlan eta ĕrok teh sing pageuh, Elsi!" tjek koering „bari tarik ka loehoer lalaoenan!"

Kakara pok koering ngomong kitoe, Elsi geus pek narik eta ĕrok lalaoenan nĕpi ka ngaliwat kana sisina eta gawir.

Ari geus kitoe mah tĕroes ditarik koe doeaan lalaoenan, teu sabaraha lilana geus nĕpi ka loehoer. Salamĕt! Koering tiloean darioek patoengkoe-toengkoe bari tjareurik tjara boedak leutik. Pananganana toean Harold koe koering ditjĕkĕl lalaoenan, tapi koering teu bisa ngomong sakĕmek-kĕmek atjan.

Barang koering, Elsi djeung toean Harold geus djĕdjĕg deui ingĕtan, koering naros: „Na koemaha margina noe mawi ĕngkang geubis?"

„Ĕngkang teh bade naek ka loehoer batoe itoe, ĕngkang katjida pĕrtjajana kana kakoeatan soekoe sorangan; koe sabab eta ĕngkang koerang ati², oentoeng ĕngkang hĕnteu ragrag, lamoen ragrag tangtoe ĕngkang pĕdjet. Ĕngkang djedjelengdjean tisoledat ka handap, sakeudeung-sakeudang ĕngkang moentang kana tatangkalan noe laleutik, radjeun oge soekoe bisa napak; ari toengtoengna ĕngkang laboeh toeloej ngagogorolong ka handap, ana ragrag ninggang kana batoe itoe, tarik pisan, nĕpi ka teu bisa hoedang² atjan."

„Sarĕng koemaha toelang ĕngkang teu aja noe potong?"

„Doeka teuing. Nanging oepama ĕngkang oesik meueusan oge, katjida njĕrina, awak asa rĕmĕk. Sangkaan ĕngkang, tadi ĕngkang kapaehan. Tah Louise, geuning ĕnoeng oge eta tjilaka, kawas ĕngkang. Tingali eta panangan pinoeh koe gĕtih."

„Koemaha ajeuna, koedoe koemaha oerang, Ĕndeung?" tjek Elsi, beungeutna beuki pias alah batan tadi, lantaran manehna reuwas djeung tjape.

„Bĕnĕr, Elsi! Oerang koedoe ngamimitian digawe deui. Lamoen maneh daek tjitjing di dieu sakeudeung ngarentjangan toean Harold, kami rek ka tonggoh, rek njaloekan si Ursula djeung palatoek[2] ti Luzern."

Barang koering geus nĕpi ka tonggoh, toeloej koering gĕgĕroan tarik pisan: „Euj! Euj!" ..... Ĕnja oge koering ĕntas digawe sakitoe beuratna, tapi ngan di djĕro mĕmĕnitan bae koering geus nĕpi ka poentjakna hidji pasir. Sora koering kadengeëun koe palatoek[2] tea. Gantjang maranehanana laloempatan njalampeurkeun ka toean Harold; teu sabaraha lilana toean Harold geus digotong, dina ĕrok koering noe kandĕl tea, didadamparan koe kai, didjieun sapĕrti tjikrak.

Toean Harold mani sirikna teu njĕmbah[2] ka koering, moendoet soepaja andjeunna dibawa ka pamondokan koering; Elsi oge deui nitah ka koering soepaja koering ngaboelkeun kana pamoendoetna, tapi koering teu wani ngaboelkeun. Lain koe sabab koering sieun diaromongkeun koe djalma loba, atawa sieun meunang kasoesahan, oepama andjeunna koe koering dilandongan di imah koering, ngan eta bae oepama andjeunna dioeroes koe koering pribadi, dina sadjĕro teu damang nĕpi ka damangna, koemaha pibisaeunana koering nolak deui kana pamoendoetna toean Harold ka koering, pikeun dipigarwa? Meureun sakabeh awewe oge tangtoe ari geus kitoe mah moal bisaeun nolak. Sanadjan ati koering asa adjoer, lantaran nolak kana pamoendoetna, tapi keukeuh koering nitah ka noe koeli, nganteurkeun andjeunna ka Luzern. Gantjang koering ngĕtok kawat ka njonja Georgina, njoehoenkeun soepaja andjeunna enggal soemping baris ngoeroes toean Harold. Hĕnteu sabaraha lilana toean Harold damang deui. Ngan katjida laleuleusna keneh djeung masih loba noe karaos, taja lian lantaran raheut djeung lantaran eumeur meureun. Sampeanana ngan sabeulah noe misalah. Heuleut opat poë ti sanggeus rada sae, damang pisan,

sarta aja manah baris nĕroeskeun lalakonna. Samemeh andjeunna angkat, koering indit nĕpangan andjeunna mileuleujankeun. Ari saĕnjana mah koering ĕmboeng panggih heula, karana oepama koering nendjo andjeunna, rarasaan teh djasmani asa patoeraj! Tapi oepama koering teu nĕpoengan heula mah beuki komo meureun, tambah nalangsana pikir koering.

„Koe margi ĕnoeng parantos sakitoe kariripoehanana, sarĕng seueur midamĕl kasaean ka ĕngkang, Louise," saoerna, bari njĕpĕng kana leungeun koering „tangtos ĕnoeng moal iasa nolak deui kana panoehoen ĕngkang!"

Sakoemaha gĕdena hawa napsoe koering mangsa harita, — hajang ngarangkoel ka andjeunna, — tapi koering mĕrĕkĕtkeun maneh bae, toeloej ngadjawab kieu: „Abdi teu kintĕn tjintana sarĕng njaahna ka salira ĕngkang, tjatjakan oepami ĕngkang moal baris nampi warisan gĕnĕp joeta roepia mah ti toean Marmaduke Ashurst, sarĕng daradjat ĕngkang hĕnteu sakitoe moeljana, tjindĕkna oepami ĕngkang miskin, oepami ĕngkang pĕrloe ditoeloeng koe abdi, tangtos abdi daek djadi garwa ĕngkang, doepi ajeuna mah m o a l t i a s a, margi aja noe ngahalangan, nja eta k a b e u n g h a r a n sarĕng kamoeljaan ĕngkang."

Pangna koering wani tjarita kitoe sabab koering ngarasa koedoe kitoe, malar koering loegina, andjeunna loeloes moeljana

Lalaoenan leungeun koering dibĕtot tina pananganana, toeloej koering ngomong deui: „Ĕngkang emoet keneh kana dintĕnan oerang ngawitan wawoeh di Schlangenbad? Nalika eta geuning ĕngkang mariksa ka abdi: Naha abdi kaom moeda atawa kaom koena? Djawab abdi: Kaom moeda! Saparantos ĕngkang ngadangoe kitoe geuning ĕngkang harita sĕmoe noe bingah, ladjĕng ĕngkang njaoerkeun: Oentoeng. — Tina omongan abdi bieu, ĕngkang iasa ngamanah, jen abdi teu hilap sakĕtjap-kĕtjap atjan kana kasaoeran ĕngkang, noe parantos katalandjoer ka abdi kapoengkoer. — Tah koe margi abdi kaom moeda, eta margina noe mawi abdi nolak kana kapalaj ĕngkang baris migarwa abdi teh."

Dina waktoe koering ngaloearkeun omongan kitoe teh, biwir koering ngĕpĕr, nandakeun jen eta omongan koering kitoe teh lain bidjil tina ati sanoebari.

„Paměndak parawan anoe boga pikiran kaom koeno, tangtos dina sanggeus ngabelaan pati ĕngkang kĕdah daek djadi garwa ĕng-

kang. Nanging ari paměndak abdi sarĕng istri[2] kaom moeda mah, bentĕn deui. Di Schlangenbad, koe margi seueur noe djadi pambĕngan, abdi parantos nolak kana kapalaj ĕngkang, sanadjan pikir abdi sangĕt soekana oge ka ĕngkang; eta pambĕngan[2] noe ngahalangan djodo oerang di Schlangenbad tea, anggĕr keneh bae, atjan aja robahna saeutik-eutik atjan; hĕnteu robah koe doemeh ĕngkang geubis kana djoengkrang, hĕnteu leungit koe doemeh abdi noeloengan ĕngkang. Poko noe djadi halangan djodo oerang masih toemempel keneh di salira ĕngkang. Dina salĕbĕt ieu noe tiloe dintĕn, teu saeutik-eutik atjan aja robahna antara oerang doeaan, nja anggĕr sabiasa sasari keneh bae. Ĕngkang masih soegih-moekti beurat-beunghar, sarĕng abdi masih tĕtĕp djadi djĕlĕma miskin langlangboeana. Di Schlangenbad abdi teh „narah", ajeuna „narah" keneh bae. Abdi hĕnteu ngartos kana lalampahan diri sorangan, naha mana ngabelaan deungeun[2] bĕt kabina-bina teuing, nĕpi ka poho di diri pribadi, padahal ....."

Barang ngadangoe omongan koering kitoe, andjeunna mĕntjrong ka koering bari sasaoeran sĕmoe noe loeloetjon: „Na koe naon margina noe mawi ajeuna ĕnoeng djadi katjida keukeuhna! Ieu mah estoening Girton toelen! Elmoe anjar! „Pamanggihna Louise Cayley!" Handjakal pisan ĕnoeng teu aja noe ngangkat kana propesor! Nanging doeh kĕmbang sotja boeah hate ĕngkang, djantoeng ati ĕngkang, ĕngkang pĕrtjantĕn jen manah ĕnoeng noe sajaktosna mah sanes kitoe, nja? Sanes! sajaktosna mah sanes kitoe manah ĕnoeng teh! Ĕnoeng roepina ngan bade njobi[2] ngadodja ĕngkang sarĕng ngarah disĕboet lain awewe meureun!"

Ngadenge kasaoeranana kitoe, meh bae leungit pikiran koering teh. Bari nangtoeng koering ngomong: „Ĕngkang, abdi teu kintĕn njaahna ka ĕngkang, sarĕng abdi roemaos jen abdi teh bogoh, istoe tjinta tĕroes sarĕng hate ka salira ĕngkang teh. Nanging oepami ĕngkang masih keneh kagoengan artos reboe[2] mah, tjindĕkna parantos teu aja pangintĕn bae kana tiasa ngadjodo ka ĕngkang teh."

„Ongkoh eta artos teh teu atjan kapimilik koe ĕngkang, sanes?"

„Soemoehoen, nanging tangtos bakal katampi koe ĕngkang, moal lĕpat deui!"

Andjeunna teu eureun[2] ngamboengan leungeun koering, karana koering ngomong kitoe teh bari ngalieus, pok sasaoeran deui: „Asal

kĕrĕsa bae ĕnoeng ngangkĕn jen tjinta ka ĕngkang, ĕngkang hatoer rewoe[2] noehoen, laksa[2] nja kabingahan; awal-ahir tangtos maksad ĕngkang tiasa kaoentoen-tipoeng ..... tiasa kalaksanakeun." andjeunna sasaoeran kitoe teh bari sĕmoe noe katjida pisan bingahna „Oepami parantos ngangkĕn kitoe mah, asal sabar ngantosanana bae. Louise, oepami kapaksa kĕdah ngantos, mo boeroeng diantos sanadjan sarewoe taoen oge tjek wiwilanganana."

„Nanging mĕnggah abdi mah sanes waktos noe djadi pambĕngan teh," djawab koering bari tjoemalimba „koemaha atoeh, da paměndak abdi mah poegoeh paměndak kaajeunaan, parantos djadi koelit djadi daging. Sagala pioendjoek abdi eta kalajan saestoena: Dimana ĕngkang parantos djadi miskin sarĕng parantos teu kagoengan sobat, tah nja di dinja waktosna abdi daek djadi garwa ĕngkang. Oepami teu atjan doegi kana waktos eta mah, ĕngkang teh ĕntong mariksa deui ka abdi, margi abdi moal tiasa ngalaksanakeun kana kapalaj ĕngkang."

Sanggeus koering ngomong kitoe, leungeun koering koe koering dibĕtot, bari toeloej koering loempat.

Barang nĕpi ka panto leungeun koering ditjĕpĕng koe njonja Georgina. Andjeunna ningali panon koering beureum ĕntas tjeurik, toeloej sasaoeran tarik pisan bari njiwit kana leungeun koering: „Djadi ajeuna mah daek maneh teh, Louise?"

Ngadenge kasaoeran andjeunna kitoe koering gogodĕg, lantaran koering mehmeh teu bisa ngomong.

„Hĕnteu, njonja Georgina." djawab koering goegoep „Abdi narah mapalangan ka andjeunna, narah njilakakeun ka djĕlĕma." waktoe eta keneh leungeun koering dilesotkeun koe njonja Georgina, teu kira[2] garetekeunana ka koering kawasna.

„Rĕgĕpkeun Louise, kami rek njarita!" saoerna bari sĕmoe noe djengkel „Di antero awewe[2] noe gĕde hoeloe, sapamanggih kami, maneh noe pangbĕdĕgongna!"

Geuwat koering loempat ka imah koering. Sadatang-datang asoep ka kamar, pantona koe koering dikontji, tĕroes koering ninggangkeun maneh kana randjang; bari meungpeunan beungeut koe leungeun koering, tjeurik nĕpi ka eueuriheun; tjara awewe kaom koeno anoe hĕnteu pisan meunang pangadjaran tea, njĕples teu dipitjeun sasieur. Katjida hadena boga pikiran tjara kaom

moeda teh, tapi oepama oerang kagoda koe „tjinta", sapĕrti noe geus karasa koe koering, euh geus hanteu bae, tangtoe gantjang leungit eta pikiran kaom moeda noe sakitoe aloesna teh, loentoer sama sakali. Nja saroea deui bae djeung karoehoen oerang baheula.

EUSI NA.

katja.

I. Njonja kolot noe tjerewed 3

II. Pagawe oetoesan noe koemaki 26

III. Oerang Amerika 52

IV. Saroea oentoengna 74

V. Bareto moal, ajeuna moal. Bareto ĕmboeng ajeuna teu poeroen 99

GOL Serie No. 1027

01246

NGALALANA MĚKĚL SAKĚTIP

KARANGAN

GRANT ALLEN

DISOENDAKEUN TINA BASA MALAJOE KOE

KOERDI

DJILID I

No. 555
Tj. Egra. N.

BALE POESTAKA — WELTEVREDEN 1927

ka njonja Georgina, bari oendjoekan „Oendjoek oeninga poetra, Toean Tillington parantos ngalih ka dieu, bieu pisan. Doepi kamarna ngarendeng sarĕng kamar padoeka njonja."

Barang njonja Georgina ngadangoe pioendjoek djongos hotel kitoe rarajna pias, kawasna andjeunna katjida timboeroeanana ka koering.

Teu sabaraha lilana ti waktoe harita, koering tĕpoeng deui djeung toean Tillington di kĕbon kĕmbang. Barang ret ge andjeunna ningali ka koering, gantjang bae loempat moro ka koering, topina teu dianggo, ditjĕpĕng bae, bari sasaoeran: „O, nona Cayley! Abdi teu tiasa njarioskeun, sakoemaha ageungna kaboengahan abdi. Noehoen, noehoen, nona teu oendjoekan ka iboe. Istoe abdi beurat njoehoen beurat nanggoeng, beurat narimakeunana. Abdi tĕrang, jen nona kamari parantos doea kali tĕpang sarĕng abdi, nanging abdi gadoeh rasa, tangtos nona moal kĕrĕsa sasaoeran naon[2] ka njonja Georgina."

Djawab koering: „Abdi teu aja pisan emoetan, hajang ngaroeroengsing manahna njonja Georgina."

Bari moentir[2] koemis sĕmoe noe era, sarta kawas rada asa[2], andjeunna sasaoeran deui: „Abdi ..... abdi atoeh abdi kaliroe, pangintĕn teh sanes eta sababna. Abdi gadoeh raos takaboer, jen nona pang ngiloengan kalĕpatan abdi teh, tina hawatos ka abdi."

Tembal koering: „Sadaja djĕlĕma dina ngawitan sok noeroetkeun kahajang hate maneh. Nanging sapalih djĕlĕma aja oge noe lila[2] daek ngarampa hate batoer. Nanging jaktos ketah, sajaktosna mah abdi oge aja deui margi sanes."

Bari goemoedjĕng andjeunna sasaoeran deui: „Sajaktosna abdi teu tĕrang jen oea parantos soemping ka dieu. Emoetan abdi pisoempingeunana ka dieu minggoe pajoen. Margi abdi kenging wartos ti lantjeuk, jen njonja Georgina bĕndoe ka baboena nĕpi ka eta baboe ditoendoeng, djadi andjeunna pisoempingeunana ka dieu baris ĕlat sapoeloeh dintĕn. Sarĕng deui ari jaktosna pisan mah abdi teh endjing bade mios deui ti dieu."

„Sanes toean teh, bade tĕras linggih di dieu?" tjek koering.

Andjeunna neuteup kana beungeut koering, toeloej sasaoeran: „Soemoehoen, nanging oepami katarik koe kapĕrloean, eta paniatan kantĕnan pisan tiasa dirobah."

Djawab koering: „Emoetan abdi mah kirang saena djĕlĕma anoe wani ngarobah paniatan batoer teh."

„Maksoed abdi kieu: abdi diandĕg koe oea di dieu, eta katarikna hate sanes deui pisan, oepami aja istri anoe njarĕngan mah." saoer toean Tillington.

„Euh, ajeuna mah abdi ngartos, oerang tiloean langkoeng oetami manan doeaan." Tjek koering.

Bari ngadangoekeun tjarita koering, andjeunna neuteup bae kana beungeut koering.

„Naha galih nona kaom koena atanapi kaom moeda?"

„Ari raraosan mah kaoem moeda." djawab koering bari naros „Doepi toean kaloearan ti Oxford?"

„Soemoehoen; doepi nona?" saoerna.

„Kaloearan ti Cambridge;" djawab koering „toean ngoelik bab elmoe naon?"

„Elmoe Hakim." djawabna „Doepi nona?"

„Elmoe Hakekat," djawab koering.

Beuki lila beuki gorgar bae koering ngobrol teh, sarta ti harita koering djeung toean Harold tjara djeung sobat dalit bae; toean Harold njaoerkeun jen koering djeung andjeunna pada kaloearan ti sakola loehoer.

Koering kakara njaho harita di dinja, jen lantaran sakola babarĕngan teh matak djadi bibit rasa mimitran. Oentoeng pisan ajeuna geus loba awewe anoe sarakola.

Ti peuting teu eureun[2] koering ngobrol. Njonja Georgina teu eureun[2] mojokan oerang Djĕrman. Mangsa harita andjeunna teu kira[2] ngewaeunana ka oerang Djĕrman.

Waktoe rek sore, koering kaget, reh tara[2] ti sasari njonja Georgina soemping ka kamar koering, tjalik dina randjang, koering ngarti jen andjeunna rek njarioskeun toean Harold.

„Naha maneh geus njaho Louise, jen si Harold ĕngkena baris djadi djĕlĕma beunghar katjida? Geus njaho? Karana manehna noe koedoe nampa warisan ti doeloer kami."

„Warisan ti toean Kynaston?" tjek koering.

„Hih, lain, Louise. Kynaston mah atoeh djĕlĕma miskin pisan; manehna boga tiloe anak lalaki, tapi teu boga banda adjen sagoweng. Moen paeh teh anakna njamos. Ari saĕnjana mah Kynaston mah beunang disĕboetkeun toekang baramaen bae, tapi gin-